

Бохамо хьовзийча, де гIорош довха,
Лозучу даг тIе ас дош дуьллу ховха.
Йаздо ас могIанаш доца йа деха,
Хеташ уьш тоьллачу дарбанан меха.

НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ЯЗДАРХОЙН СОЮЗ

Юсупов Іилман

ХЬАЛХАРА ЖАМІАШ

(Хаьржинарш)

Соьлжа-ГІала
2022

ХIоттийнарг – *Юнусов Хьамзат*

Редактор – *Цуруев Шарип*

Юсупов І.М. Хьалхара жамІаш. Хаьржинарш. Поэзин гулар (нохчийн маттахь). – Соьлжа-ГІала, 2022. – … агІо.

© Юсупов І.М., 2022

«Къоламца-белаца кехат а охкуш…»*

Юсупов Іилманан байташ йоьшуш хилла тидамаш

Юсупов Мовсуран Іилман – поэт, хьехархо, журналист – вина 1951-чу шеран 23-чу сентябрехь Казахстанерчу Павлодаран областан Майски кІоштан Кировн цІарахчу совхозехь. 1950-гІа шераш чекхдовлуш шайн йуьрта – Веданан кІоштарчу Хоттане цІабирзира Мовсуран доьзал.

1970-чу шарахь тІехдика дешна чекхйаьккхира Іилмана МахкатІера йуккъера ишкол. 1978-чу шарахь – Ленинградан (хІинца – Санкт-Петербурган) пачхьалкхан университетан историн факультет. Оццу шарахь Хоттанерчу йуккъерчу ишколехь хьехархочун балха волавелира, тІаьхьуо директоран заместителан дарже хІоттийра. 1993-чу шарахь литературин-исбаьхьаллин «Орга» журналан коьрта редактор чІагІвира. 1996-1999-чуй шерашкахь Нохчийн Республикин дешаран а, Іилманан а министран хьалхарчу заместителан жоьпалле болх бира. 2001-чу шарахь махках ваьлла, Швеци пачхьалкхехь дІатарвелла Іаш ву.

Юсупов Іилмана дуьххьарлера стихотворени шен 13 шо долуш йазйина, «Кема» аьлла цІе а йолуш. Оцу

* Иштта цІе йолуш байт йу Юсупов Іилманан, хІокху гуларна йукъа ца йахана иза.

заманахь – 1960-гІа шераш дуьйладелча – массо бер стигалахь, космосехь ойла йолуш кхуьуш ма дара, дуьххьарлера космонавт Гагарин багара охьа а ца вуьллуш. Амма Іилманна Дала комаьршша делла похІма кхин хиллера – поэзи. Цу хенахь дуьйна цунах дахаран маьІна а, къилба а дина веха поэт.

Іилманан поэзи шатайпана йу: суртхІотторца а, хормица а, чулацамца а, кепашца а, жанрашца а. Ткъа дустаршца, метафоршца хІокхуьнан поэзин кІоргалле цхьа а кхочур ву аьлла ца хета. Хьовсур вай хІокху могІанашка:

…Лехьош сайн хьажарца хьан куьцан дургал,
Дависа, хьан дагна йу тоьхна, вала…
(«Мотт муха керчар бу…» сонета йукъара).

Гуьйрено декхнашна диллина гІина.
Мархашна Іома чохь шайн йаххьаш го…
(«Гуьйренан декхнашна…» бархІогІанера).

Іин къуьйсу йараша, вовшашца тІом барца,
Бешан сатийсам бу ношбелла стом гарца…
(«Іа дедда дІадаха…» бархІогІанера).

Мехийн ворданаш ца кхоош, вовшийн йохье довлий,
Ткъесийн шодмаш йетташ, мархийн говраш лаьхкина,
ДогІу догІанаш а хета замой бу-те, олий,
ДІо стигална Латта-нускал дига баьхкина…
(«Деган цастарш» цІе йолчу биъмогІанашна йукъара).

Юсуповн поэзи вуно шуьйра йу шен чулацамца. Кхузахь вайна карор йу: адамийн йукъаметтигийн а, дуьненан а бухбоцу философи; цхьа а дозанаш йа гураш доцу синмаршо; Даймехкан Іаламан исбаьхьа ба-

сарш; дайн махке а, къоме а йистйоцу безам; нохчийн гIиллакхийн а, ламастийн а оьздангалла, хазалла; синхьежамийн, синлехамийн кIоргалла; лирикин экама васташ. Оцу дерригенах а лаьцна йолчу шен байташкахь Iилмана гIо до йешархошна адамийн амалш йовза, церан (адамийн) цIена а, хьанал а ойланаш, синхаамаш самабаха. СинпаргIато, синтем ца беза цуьнан лирикин турпалхочунна (дукха хьолахь автор ша ву иза), даим геналле, паналле, синхаамийн доза доцчу кIоргене дIаоьхуш, лехамехь ву иза:

Къоналлин бIарлагIа хьистина,
кIадвелла, со воккхуш сама,
Кхочур бу, Iаса а луьйзуш,
дахаран жамI даран мур…
(«Къоьжаллин канаша…» байта йукъара).

Сан денош – дой ду, уьш дахарехь хехка со хьакъвина Дала.
Шо-гуо чекх мел бели, керланиг кхин буоло уьш кийча ду.
ГIеххьачу реманан да волчу суна а-м халуо ду ала,
Маса дин хир бу сайн берриг а, бисинарг маса гуо бу…
(«Сан дой» байта йукъара).

Ненан меттан аьлха хьоькхуш, ирдеш бIаьрса, лерса,
Толлу ас сайн мукъам денбен башха сатийсам…
(«МаьркIаженан IиндагIашка…» байта йукъара).

Юсупов Iилманан поэзи дуьненан тоьллачу поэзин могIаршка хIоьттина, кхиъна йу. Нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь цхьатерра кхиаме къахьоьгуш волчу цуьнан байташ оьрсийн, шведийн, ингалсан, испанхойн, болгарийн, украинхойн, гуьржийн меттанашкахь зорбане йийлина. Нохчийн поэтикехь сонеташ, сонетийн кочарш кхоллар дуьххьара йукъадалийначарах а, оцу

декъехь лаккхарчу тІегІане кхаьчначарах а ву Іилман. Сонет хала жанр йу, тохар даран а, рифма нисйаран а леррина кепаш йолуш, чулацамца – кІорга а. Иштта йу хІокху гуларехь йолу иттаннаш сонеташ:

Сайн меттан зевнечу махкахь со веха,
Сай санна, оьздачу гІиллакхца цхьаьна.
Ца хьерча сан дагах ачонан Іеха,
Ца бо сан ойланна шеконан нІаьна.
(Сайн меттан зевнечу...» сонета йукъара).

…Аматийн зазашлахь, баІ санна, къеста
Шераша сан йуьхь тІе даржийна йоза.
ХІетте а хьан беснийн зезагаш хьеста
Лууш бу сан бІаьргийн ши накхармоза…
(«Аматийн зазашлахь…» сонета йукъара).

Ша къаьсттина меттиг дІалоцуш ду Іилманан кхоллараллехь сонетийн кочарш. Ткъа сонетийн кочар – 15 сонетах лаьтташ долу – поэзин лекхара лакхе ю. Уьш хІокху тептарехь ялх ду. «Нохчийчоь» цІе йолчу кочарехь авторо гойту, шен дагах чекхбоху, шен сица луьттту, шен деган алуца ботту Даймехкан лазамаш, цо лайнарш, цуьнан сийлалла:

…Нохчийчоь – сан къоман сийлаллин бен,
Мокхазан тарха тІехь гІиллакхо бина.
Сан дагна ха деш бу хьан горга пен,
Хьан цІарах дарба деш нохчичун синна…

…Сан къена верас бу хьан акха лам,
Сан кхиэлан цІенкъа йу хьан шера аре,
Сан меттан буьххьехь бу хьан лаьттан чам,
Ас сица дору хьан стигланан даре…

«Иэсан гIу» сонетийн кочар махках даьккхина хиллачу 13 шеран къахьонан баланех нохчийн къам чекхдаларх лаьцна йу. Басарш гайта, сурт хIотто, дустарийн мотт бийца, синхаамийн мерзех «пIелг тийса» йолчу шен говзаллица, и берриге а гIирсаш ца кхоош, вайн къомо синошна а, догIмашна а дахделлачу оцу шерашкахь лайначух а, ийманах, дайн гIиллакхех, доьналлех, ненан маттах ца духуш, оцу къизачу зиэрех нохчий чекхбовларх а йолу йозанан бIов йу иза.

…Февраль беттан ирча денош карладохуш дена,
Къежлуш йу сан йоьлхучуьра сецна йоцу нана…

Лайнарг дийца дош ца карош, узам беш, сагатдо
Кхойтта шарахь доIа хилла лелла болчу матто…

«Замане кехат», «Ойланийн хIоз» сонетийн кочарш – дахаран, дуьненан, эхартан философи йу, авторо шен сица литтина, ойланца лийсина, маттаца марзйина. Ткъа «Безаман чIурам» а, «Карзахе безам» а сонетийн кочарш лирикин аьхна мотт буьйцуш, синхаамийн шовкъ оьздачу аматашца гойтуш, безаман йукъаметтигаш къегинчу метафоршца, дустаршца, суьрташца хазйеш кхоьллина шатайпана хIолламаш бу.

Малхбален, Малхбузен бIешерийн поэзин аматаш хаало Юсупов Iилманан кхолларалле хь. Дуьненахь гоьбевллачу поэташа кхоьллинчу классикин кепашна а, жанрашна а нохчийн поэтика, нохчийн мотт хийра цахилар гойту цо. Сонетех, сонетийн кочарех вай лакхахь элира. Амма Iилман, цунах тоам бина ца Iаш, кхидIа а кхуьу шен поэзехь, цо шен похIма зуьй верлибр, глосса, газель, рондо[1] олучу жанрашкахь а. Ма-дарра аьлча,

нохчийн поэтикехь и жанраш йукъайалийнарг ву ала мегар ду Юсупов.

Верлибр:
Кхоллам, Іуьйрре маьлхан стогар латабехьа суна,
йовхо йоттахьа сан гІайгІанан шийлачу кийра,
дахдехьа безаман бІаьцанаша кхоьллина сан гІадвахар,
ирсе вехьа со, дуьненна хьерваьлла а моттуьйтуш…

«Цхьалла» глоссана йукъара:
…Чохь – сенийн баганаш гІаттийна пенаш,
Вовшашна цара ден аз дойна хабарш.
Ткъа арахь – набарха туьдуш шайн гІенаш,
Буьйсанан синоша деш долу шабарш,
Дош-кІорни тІома кІел лечкъадар матто,
Сан беснел арахьа Іаь йаьлча механ…

«Хьо кІур бу сан дагах…» газелана йукъара:
…Цхьа тамехь зов хазахь хьайн лерехь декаш,
Лара со иллица хьайн дола ваьлла…

…Сан кхиэлан тхов тІера чоргІе а йохош,
Безаман ладар сан дагах чекхдаьлла…

Юсупов Іилманан поэзехь массо хІума ойла йойтуш ду. Даймохк а, нана а; дахаран чолхенаш а, адамийн кхолламаш а; доттагІалла а, безам а; гІиллакх-оьздангалла а, ямартло а; жоьпалла а, тІаламазалла а; мехкан Іалам а, цуьнан басарш а – иштта шуьйра бу цуьнан лирикин а, эпически, философски поэзин а чулацам.

Цхьа шатайпана, цунна шена бен ца девзачу суьрташца, синхаамашца, хьежамашца го Іилманна-поэтана хІара дахар. И башхалла, и шатайпаналла йу йоьшучунна цкъацкъа чолхе хетачу кепашка, хорманашка цо дех-

кинчу васташкахь. «Къиза грамматика» байтехь поэто кхоьллина васташ, басарш, дустарш а ду иштта. Ненан маттах лаьцна йолчу оцу байтехь дешнашна диттина шатайпана гураш лору цо **тIадамаш, цIоьмалгаш, къовларш**, дожарш…

Зевне могIа сацабо вай, тIехьа тIадам буьллуш,
Iаьрше хьаьдда боьду иза ца кхочуьйту хьала.
Дешдекъана тохар кхетта, дош лазийна Iуьллуш,
И балдашца хьалагIатто ду-те вайна хала?..

Цхьанна а дагадогIур доцу васт карадо поэтана «Базарахь» цIе йолчу байтехь. Кхузахь йохкархоша йухкуш йерг: **гIайгIа, бохам, лазар, бала, сингаттам. Уьш цаьр**гара, беза мах а луш, оьцуш верг поэт ша ву, кхин цхьа а вац:

…Шен лазам дIаэца олий, цхьамма орца доккху,
Со-м тIевоьду, лан ца лой и иштта гIийла гар.
Деган бохча меллаша сайн кийрара схьадоккху,
ДIадагардо цIена дашо ахча – доглазар…

Йа чохь са долуш пеш гиний шуна? Iилманан «Пеш» байтехь иштташ а йу. Шена чохь догучу дечиго, лелхаш йа цIийзаш, авторан «мерза наб йохарх шен бехк» хеташ, и гIовгIа ма-хуьллу ца йан а гIерташ, амма чоь йовха а латтош, шен дахарца йехаш йу и пеш:

…Буьйса йу тийналлин йургIа тIеийзош,
Сан цхьалха кор детта седано-хьешо.
Дос[2] догуш тесна кIур шен багахь сийсош,
Оти чохь хьинкIаш[3] йо поппаран пешо…

«Саллар» цІе йолчу байтехь поэтан кхолларалла дусту Юсуповс салларан доца дахар. Ша лийр буй хуьушехьа, ша хьоьгучу къинан жамІ шена гур доццушехьа, «адаман хьашташна» беций, «доггах хьегнарг» эрна а ца хуьлуш, цо «тІеуьйзу Іожалла ирча»:

…Хьайна тІе хаддаза хьерчадеш дуткъа тай къоьжа,
Эххар цо хорам бой, хьо цуьнан кІоргенехь ле-кха.
Хьан сирла каш хуьлий дІахІутту ахь бина гоьжа[4] –
Азаллехь ахь йуьхьарлаьцна хьан Іалашо лекха…

…Лахьтанан гоьжанахь хууш сайн дезар дуй Іилла,
Ас оццул къахьегча, ца лоьхуш хастам а, йал а,
Хир бац-те мацца а сан байтех мел баьлла чилла
Сох бухадуьсучу иэсана цхьа бедар йалла?..

Эвхьазаллех къехкаш, оьздангаллин гураша къевлина, эвхьенан шовкъашца «лозуш» йу Іилманан безаман лирика. Кхузахь шатайпа кІеда-мерза мотт карабо авторна, синан суйнаш къагош, хІитточу суьртийн басарш совдохуш, кхуллучу вастийн амалш денйеш болу:

…Дашна тІе даш хьаькхча тесначу цІерашка
Ас латайайтина сайн зовкхан пеш…
(«Со коран хехо ву…» байта йукъара).

…Хьуна тІе некъ бо ас, син пхьалгІахь тусий,
Болатах бахчабеш синхьехам мерза.
Сан байтийн гІопаста хьайн вастех йузий,
Цкъа меттахдаккхахьа сан кхиэлан терза…
(«Хьан амат охьуш йу…» байта йукъара).

Хенал хьалха иккхи ас хьо лаца боьгІна гура,
И йуха а булун дерг сан къарцавалар ду.

Шовкъан молха духкуш, йуьзи ахь сан деган гIура:
Хьан бIаьран суй цу чу кхетахь, кийра эккхар бу...
(«Деган цастарш» цIе йолчу биъмогIанашна йукъара).

Юсупов Iилманан поэзин башхаллех дийца дукха ду. Амма цо ша аьллачул дика а, кхачаме а алалур дарий-те, олий, шеко кхоллало, хIокху дешнашна тIекхаьчча:

Къоламца-белаца кехат а охкуш,
Де-дийне доккху ас цхьа сирла каш.
Цецдохуш дуьненан сан гIуллакхаш,
МогIанийн бIаьллаш ду гонаха Iохкуш…
(«Къоламца-белаца…» байта йукъара).

ТIаьххьарчу ткъех шарахь цIера ваьлла, Швеци пачхьалкхехь рицкъанаш хилла, цигахь Даймахках тера аматаш карийна вехаш ву **Iилман. Къона волуш дуьйна** а Европин культуре, литературе хьежамаш болуш, и йевзаш хилла поэт х**Iинца ша лийринчу оцу мехаллашна** йукъахь шен кхолларалла а кхиош схьавогIу. Бакъду, нохчийн поэтикин ламасташ, г**Iиллакхаш, кепаш Европин** литературехь йовзуьйтуш, цуьнан гураш шордеш хуьлу поэтан хIора а керла байт. Цундела цецволуш дац Швецин йаздархойн тобано шайн дIадолорца Юсупов **Iилман шайн могIаршка тIеэцар а, 2011-чу шарахь шведийн** маттахь цуьнан поэзин гулар Бурос г**Iалахь арайалар** а, шведийн литературин, йешархойн йукъараллехь иза боккха хилам лерина тIеэцар а.

Иза тIечIагIдо хIокху бакъдолчо а.

2006-чу шеран 9-15 октябрехь Швецин Хёрнесанд г**Iалахь хIора шарахь хуьлуш йолу рогIера поэзин фе**стиваль йара дIайоьдуш. Пачхьалкхехь шуьйра бевзаш, ешархоша безаш т**Iеоьцуш болу поэташ бара литерату-**

рин оцу боккхачу хиламехь дакъалоцуш. Фестивалан цкъа а ца хилла шатайпаналла йара поэзин кІиранна йукъахь дийнна цхьа де нохчийн поэтан Юсупов Іилманан кхолларалина дІаделла хилар. Цигахь шведийн поэто, йаздархочо, Юсуповн байташ шведийн матте гочйинчу Вольф-Ватц Яна, гулбеллачарна Іилман вовзуьйтуш, цуьнан поэзех лаьцна дуьйцуш аьлла дешнаш массара а къобалдеш тІеийцира: «Шведийн литературина керла йиша карий – нохчийн лаьмнийн поэзи».

…ХІокху дуьненахь Дала адамаш кхоьлличхьана церан дегнашкахь йаьхна поэзи. Йехаш а йу. Йехар а йу, поэташ мел бу. Царна йукъахь – Юсупов Іилманан байташ а.

ЮНУСОВ Хьамзат

ЗАМАНАН МАЗЛАГІА



Кхо синхаам

Сайн иллийн хІусамехь баьрчче мотт биллина,
ДІабижо кечби ас кхо синхаам.
Царна хІуо кхетийта, деган кор диллина,
Хьийза сан уггаре оьзда лаам.

Хьалхара синхаам йезачун бІаьргаша,
Геннара схьакъежий, гІенашла хьо.
Шовданан коьрте дІабигийтар цаьрга ша
Набарха даима далхадо цо.

ШозлагІа синхаам, ненан дог хьаьстина
Баьлча бен, цхьанна а тхьаьвсаш ца го.
Тем боцу наб хуьлу йийриг цо къаьсттина –
МІаьргонехь эзарза бІаьрг боьллу цо.

КхозлагІчо, Іаьржачу вонна некъ бихкина,
Нисдо сан кхолламан коьрта низам.
Набаран суй банза, ондда йукъ йихкина,
Даймехкан ойла йеш, Іаш бу иза-м…

Ойланийн сирла мотт царна кІел биллина,
Сайн кхуьй а синхаам хьоьстуш со Іа.
Хьалхарчу шиннан наб ларйо ас виллина,
КхозлагІчо гонаха хІоттадой ха…

* * *

Даймохк, хьох тешийна ирачу могIанан баьлча[5],
Сан илли-ахархо балхана каде тIетаьIа-кх.
Ткъа мало хетало, оханехь ойлане ваьлча,
Къинхьегам безаро йийначу кIадонан даьIахк.

Седарчийн жарж бууш, берстинчу беттан кIайн къежар
Бахьанехь хетало буьйсанан IиндагIаш аьрга.
Даймохк, хьан корера кIирвелла со арахьежар
Iаьткъича, хир бу-кха къорачу боданна бIаьрг а.

Къоналлин кенара синхаам хIоара буьйлуш[6]
Хьан шунаш дохорах ларйелла сан шерийн метиг.
БIаьрсинан къурдашца хьан лаьмнаш, аренаш муьйлуш,
Лоьху ас сайн илли цкъан цкъа а лийрдоцу меттиг.

Амма со ца воллу, цунах сайн къубба[7] а йина,
Осала хьесталуш, лензаллин гIевланга хийша –
Сан илли дуьненан массо а пхьегIанахь хьийна,
Дика а, вон а цо цхьабосса тIелаьцна Iийша.

Цундела гIерта со, дош къуьйлу гIурчош[8] а дагош,
Абаден хIусаме доссадан сайн илли-хьаша:
Адамийн шовкъаца уьншеран бодаш а къагош,
Цо цигахь буцур бу хьоь болчу безаман маша…

Хьайн лаьмнийн уггар а лекхачу момсар тIе даккха
Чекхдаьллий-даланзий сан илли, хьайн сица луьттуш.
Азаллин къайле а, йасталуш, хьаьар йу тIаккха,
Кхолламан синтемах седарчийн кIохцалш а Iуьттуш…

Поэте дина хеттарш

– Аш сингаттам хІунда Іуьйшу, йуттуш байтийн гІала?
– Тхуна тхаьш, поэташ, хета кху дуьненан дай!
Къежделлачу цунна-м чІогІа хазахетар дай
Тхо гІайгІане хилча, кхаьчна шен хиндолчун бала.

– ХІунда хуьлу тІаккха цкъацкъа сакъералой шу?
– Тхаьш дуьненан хьеший лору оха, мел ду дийна.
Ткъа хьошалгІахь дика дац-кха гуттар хилар тийна:
ХІусамда, тхан сагатделча, холчахІуттур ву…

* * *

Мохк хуьйцу олхазарш йуха а, жатташка ІаьІна,
Дуьйлало хІаваэхь кхочушдан шайн тІома хелхар…
Кху хене девли уьш, ца девзаш шайн кхиэлан маьІна,
МоттаргІа санна ду шар-шарахь цара ден белхар.

Дош олуш, йаьлла Іаь, меллаша дахкарлахь хьуллой,
Шен йовхо тхишна луш, эсарлахь цаьрцанна йоьлху…
Даг тІера гІевттина могІанаш, байташка гуллой,
Сан халкъан кхетаман къилбехьа – барта дІадоьлху…

* * *

«БІаьрган негІар туху йукъ, сацахьа! ТІех хаза йу-кха хьо!»
Гете, «Фауст»

БІаьрган негІар туху йукъ, со-м лууш вац хьо сеца:
Массарна а хьо цхьабосса хуьлийла дац хаза-м.
Лаам хилахь хьарамечу хьолан дайн хьо эца,
Дебар бу хьо сацар шайна хьакъдолчеран лазам.

Хьо мел чІогІа дохкойаларх, бохам барна царна,
Хан хир йац хьан айхьа нийса мел ца динарг хийца.
Дарба лело Іаммалц айхьа лазар тоьхначарна,
Адамашна луур дац хьо ларамбарца, йийца.

Хенан цуьрг, хьо цІубйеш, хиъча со а соне пешан,
БІаьрган негІар туху йукъ йу моьттуш зама хІара,
Хала киртиг Іоттайелла, гІерташ цул ца эша,
Къийсам латтош болчийн бІаьра муха хьожур вара?

Хастам хуьлда хьан боларна! ДІагІо, марша гІойла!
Хьан сацарца доьзна дац-кха сан кхиэлан цхьа сиз а.
Хьан басарш ма тоьар дац-кха кхала сан дог-ойла:
Дерриг дуьне шен ги тоьхна, лелаш ма йу иза…

* * *

Шаьлтанан дитт ду сан дахаран илли.
Сан Даймохк, ткъа шаьлта – хьан пхьалгІахь йина.
Сох цуьнан мукъ а бай, хьайн буйна виллий,
Хьайн хьуьнарш дебадеш, йал йехьа синна.

Хьан керайуккъехь со вахана кога,
Хьан чкъуран хьацарлахь цІинвелла ваьхна.
Мукъ бина коьчал мел хилахь а шога,
Теша, со хир ву хьан куьйгана аьхна.

Мацца а йожахь хьайн пІелгаш йуккъера
Сан шаьлта, мукъ хьалха лаьттах дІайогІа,
Хьайн хІаваъ хадорна болуш къинтІера,
Чуртана айлуш сан тІаьххьара могІа…

* * *

Стогаран милт хьалауззушехь,
можачу серлоно чоь серлайоккху,
Къорачу татанца стогаран шишанах
беттало полланан тІам...
Генарчу некъаша сан даг тІе тийсинчу,
хьаьхначу кІадонал йоккха
ГІайгІа йу тховса а, бовзуьйтуш суна
шен стимал а къахьбелла чам.

Ас цунна лерина ларйеш йу леррина,
гІевланга йиллина латтош,
Ойланийн хьаьвхенехь[9] меттамотт лаьцначу
шийлачу ІиндагІийн курс.
Генара деанчу кехатан доларчу
дешнашца синхаам гІаттош,

Сайн деган уггар а къорачу соне ас
дIагулбо гIайгIанан кIурз.

И бу-те ачанах биллинарг богучу
стогаран шишанна гонах?
Цо карзахбоху-те дахарехь Iаьржа бос
ца ловчу полланан бIаьрг?
Овкъаршлахь ца йайта дахаран кIайн алу,
ша вогу бакъволу къонах,
Адамийн кхетамехь йазлучу сийлаллин
йозанехь дуьтуш шен хьаьрк.

Хорша шен герз лору хIинца а вайн догIмех
къастазчу бIешерийн хьуно,
И къарйеш латийна, вай леккха латтайо
ойланийн йовш йоцу цIе.
Мацах цкъа ваьгна дIаваьлла вай бахахь а
хьуьнаре Джордано Бруно,
ХIетте а гIерта вай ваьгначу цуьнан
чим ийначу алуна тIе.

ХIора а декхар ву шен деган суйнаца
оьмарехь цIе лато йоккха,
Багабеш хьомечу шен халкъан белшаш тIе
тевжина гIайгIанийн лам...
Хьажал, ас стогаран милт хьалауззушехь,
цо гIийлла чоь серлайоккху:
Йогучу милтана тIекхача гIерта-те,
бетталуш, полланан тIам?..

Къийсаме

Иллин багахь лозуш хилла дешнаш-цергаш тий сан-м,
Ахь ца делча суна цаьрца кегдан шовкъан бІараш.
Хьо-м ма бара хьайн тешаме мурд со лоьруш, къийсам,
Соьга ахь кхин ир ца йойту хьайн болатан мІараш?..

ХІоьан чкъуьйриг санна, готта хІара томан оти,
Дог таІочу синхьааман буьйра лешон долу.
Сатийсаман шахьар хилла йилбаз-гІала отий,
Синтоам шен мисарболат даг тІе леца болу…

Лаьтта тІера дуьххьарлера дакъа санна, цхьалха
Іаддадуьтуш иллин туьран буьххьехь карзахвийлар,
Синтемзаллин цІокалара волу со-м цкъа хьалха.
Цул тІаьхьа тІедужу суна кІадо марахь къийлар…

Къийсам, аса-м синтем бустош, дегайовхо а йийна –
Цуьнан дилханан цуьрг – со –
Іа цхьаллин цергах летта…
Ас кхетаман бІаьрса-ъ лахий, ойла муст а йина,
Бендацаран къорза лаьхьа суна уллехь сетта…

Меттан шалго хьалаІуьттуш, синхІуо элах кегош,
Ла ца луш сан озан бІаьрхиш, къинхетаме лешарш,
Шен кІамлучу дегІан чІагарш инкарлонца легош,
И-м шакарца зарзйан гІерта хьо хестийна эшарш…

Сан лехамийн бІона оьшу хьан тешаме байракх –
Нийсонна хехь даим дитташІуьйра лаьтта тарраш!
Ирдайтахьа соь уьш наггахь, йаош шерийн гІайракх,
Хьакъвеш со а, толам базбеш, тоха ондда тІараш!

Схьалохьа сан иллин лазам – шовкъан маса бера,
Хьайн стогаллин малхехь къагош синмаьждиган
момсарш.
Хьажал хьо-м сан иллин бага: йац кхеманах[10] тера
Хийла зулам дIатабийна дешнийн ира кIомсарш…

Іуьйкъенан тийналла

(1941 шеран 22 июнь дагалоцуш)

Со цкъа а йезна вац Іуьйкъенан тийналла къора:
Кхетаман гІевланга шен гура дІабугІу цо.
Тхьаьвсинчу[11] тешаман кхе туьллуш ачонан[12] кІора,
Кханенан пехашла къаьхьа кІур бетташ и го.

Дахаран гІовгІанах хьаьгна шен церг таса ира,
Буьйсане сатуьйсуш, къаххашлахь лечкъина Іа.
Іуьйре тІекхоччушехь, текхадеш шен ІиндагІ сира,
Мецачу зуламна кхача хьош, йоьду и дІа.

Бохаман хьадалча – йу иза Іаламат луьра.
Іожаллин пхьалгІа йу – цо лерса туьйсина бен.
Хи молуш йац иза – адаман бІаьрхи бен дуьра,
Кхача а бац цуьнан – адаман дилха дог бен.

Бераллин иэсера сурт лаьтта сан синна хьалха:
Мел беза хиларх а, лайна ас гІовгІанан мохь,
Амма со – жима бер – кхийрина висича цхьалха,
Са Іадош, тапъаьлла тийналла йаьржича чохь.

Адамаш, цІеххьана тийналла хІоьттича къора,
ГІоьртича дуьненах цІе таса набаран суй,
Биталаш, йу йеттарх, бен ца буьйш самонан гора[13],
Хаалаш иза вайн синтеман геланча буй.

Вай бен кхин хьан бийр бу экамчу машаран хама!
Лаьар-кха, накхаршка дерзочул шокъалийн вай,
Тийналлин лергабад иккхича, довлучул сама,
Буьйсанийн йохаллехь махкана хехь латта вай...

Iаламан хIилла

Гуьйрено чехчадо Iома чохь догIанан даьтта,
Йочанан кIеж тийса тIера йу хин сира экъа.
Пилтанах терачу бердана йистехь со лаьтта,
Iомана тIам бина айса схьабеанчу некъах.

Экъанан майданахь – шийлачу даьттанан цинцаш,
Дахкаран Iаьнаро дегадо хIаваан негIар...
Ши бIаьрг а хьаббина, тIегIерта сингаттам хIинца,
Рицкъанах тардина Iаламан шуьне ладегIар.

Гуьйренан суьйре а сихйели хIоккхуза кхача,
Ткъевно шен къийзочу баймакхийн[14] кIажех кадетташ.
Ткъа цуьнан зорханна аьхна хир йочане кхача
Бохуш, со Iаш ву-кха ткъоршечу кхерчах бIаьрг бетташ.

Амма дIо IиндагIийн тобано гуобина текх-ма
Деса ду, мискъалан зарратал чохь хIума доцуш –
Цундела виси со, лаамийн лам чу а текхна,
Сел эрна сайн хьежар стигалан бIаьрсинна дотуш[15]...

Ма къиза аьшпаш бу ахь суна боьттинарш, Iалам,
Пхьор до а моттуьйтуш, ахь даррехь со левеш хилла,
Кийтарло хьовзайай, бехказадала хьо дала-м,
Амма со ма-дарра гуш ма ву ахь дина хIилла...

Бераллехь халонаш лайначу хьан иэсан кийрахь
ЦIеххьана мацаллин бIарлагIа дебарна кхоьруш,
Серлонна, йовхонна къечу кху доьхначу дийнахь
Тойнан сурт хIоттийра аса-м, и диканна лоьруш...

* * *

КхозлагІчу боргІалийн аьзнашла лестина буьйса.
Іуьйкъено хІинца шен гІап лору ламанан Іин.
ТІуналло тІера лар хуьйдина тача ду куьйса –
Шовданан коьртехь и буьйсанан йохаллехь Іий.

Боьранийн лергашка тийналло биллина бамба.
Ламанца мустъелла дахкаран йетта-шура.
Ша беша луьйзу ког мох гІерта ма-хуьллу байбан,
ГІенаша боддинчу гІаша до дайн шур-шураш.

Варшахь тхи диллина. Луьста буц техкаре йаьлла.
Набаран кІоргера схьалеша кІайн сатасар.
Анайист айъинчу Іуьйренца эшаре даьлла
Наштаран баттана гуо баьхна сан сатийсар.

Стигало мархашка бойту шен сийналлин ларам.
Зезагийн бІаьрсине къастало маьлхан зІаьнарш.
Іаш йу-кха, хьекъабеш хІаваан йовхонан барам,
Лечанан бен чуьра йетталун йовха Іаьнарш.

Аьнгалин жарж шайна тІехула баржийна бецаш
ЗІаьнарийн пхьаьрсаш тІехь баьццара чоьш хилла, тий…
Илли а товш ду-кха Даймехкан Іаламна децаш:
И-м, сих дІакъаьстина, Іаламан аьзнех дІаий…

Къиза грамматика

Зевне могIа сацабо вай, тIехьа тIадам буьллуш,
Iаьрше хьаьдда боьду иза ца кхочуьйту хьала.
Дешдекъана тохар кхетта, дош лазийна Iуьллуш,
И балдашца хьалагIатто ду-те вайна хала?

Лаьхьанан мотт санна, гара цIоьмалг йуккъе йуьллий,
Дешнийн доьзал шина-кхаа декъе боькъу къиза.
Вас а кховсу[16] цхьа элп жима, важа доккха дуьллий –
Ненан меттан син нийсоно муха ловр ду иза?..

Цхьацца хьаьркийн хIосташ[17] дарца, дешнийн совраш[18] талхош,
Ирбеш барта кхиъна уьш а доладерзо лаам,
Ирзу санна, ширделлачу дашо узам балхош,
И ца хаззал, бустийна вай экаме синхаам?..

Дожарш хьийзаш къар ца делла дешнаш ма-ттов легош,
Церан лоллех уьш а азатдаха[19] вай хIун дина?
Чекхдовлазчу могIанаша цIийн тIадамаш эгош,
Вайна йуккъехь цхьа а вуй-те велха церан къина?..

Дешнийн готта набахтеш йу – гонах лаьцна къовларш,
Нохчий, хIинца хан ма кхаьчна уьш дIайелла каде:
Цалезначух ма йачийта дIадаьллачун кхоларш,
Лезнарг ца лезнера алий, мукIарло а ма де…

Ойла йейша жимма: шек а доцуш хьоькху хIунда
Дохош дешнийн доттагIалла, царна йуккъе сизаш?
Хаттаран а, айдаран а хьаьркийн ший а мунда
Меттан бешахь ма латтийта – ма ларбайта иза!..

Бита хІинца, денбалийта зиэрехь бахчабелларг,
ХьогІан бІаьргийн баролаша къедо герзаш гинарг,
«Къаьмнийн дадас»[20] лоруш хилларг дакъа доцуш
белларг,
Ненан кийрахь волуш дуьйна шена со вилхинарг…

* * *

Сан гIайгIанан дилха датIош, доккхуш дашо нур чекх,
Жил-Iаламан карахь хьийза йели маьлхан урчакх.

Стигал ма-ййу дIасадаржош шен зIаьнарийн чIораш,
Доьллу цо сан нана чохь Iаш йолчу цIийнан кораш.

Ницкъан барам нис а бина, сарахь ша дIатуьйрриг,
Мох а листа болабели мархийн къоьжа уьйриг…

Дерриг дуьне дуьзна хета гезгамашин теша –
Со-м уьш мархийн билзигех[21] схьадевлла хиларх теша.

Сатийсамо хIинций-хIинций бохуш, са ца Iуьйддург,
Шуьйра теси аьрзуно а стиглахь гуо – цхьа туьйдарг…

…Беран хенахь нанас суна йуьйцина ши пазат
Зарз а йелла, сан оьмаран когаш бовларх азат[22],

Ас (чилланах мел дозалла деш дерг а) къар до Iа,
Сан некъ бохбеш лела дела ненан довха доIа.

Сан къоналлин гIушлакхехь цо дуьйцина ши кара
Дарцо угIош йолчу арахь со дожийна вар а

Нанна восе хетта дац-кха, со шен дагах хьерчаш,
Цунна го сан кхин каранаш – къинхьегаман берчаш…

Iалам, ахь хIун бедарш кху сан нене йуца боху?
Оццул боккха гIирс а бохьуш, хьо-м тхан керта догIу!

Ма-ттов шуьйра туьйсуш долчу туьйдаргашла Iеношш,
Со гIеметтахIотталц, шорта дара ненан денош.

ХІинца-м, ткъа, уьш дІадевллачел вуно кІеззиг хета –
Тегар бен, кхин хІума йуцар дац-кха ненан, хІета:

Дуткъделлачу синан хьесий дохкуш бІаьран меха,
Кхиэлан эвнна готта-готта лол бетташ, и йеха…

Беттан хьокхам

Дарделлачу лоьмах терра, дарцо мІараш туьйсуш,
Цистина сан коре лаьцна шан пардонан кІай.
Ткъа стигало мархийн цецах чекх лайн дама луьйсуш,
Кху сан кертан бога дуззуш, бод биллина кІайн…

Пхьуьйре йулуш кийча хир бу буьйда хьокхам беттан.
Мархийн цецахь, бен чохь санна, цо Іаь йеттар йу…
Дорцан цІока Іуьллуш хир йу, луо а хилла детта.
Кху сан коран бІаьрга лаьцна кІай а жимлур ду.

Со а хир ву, пхьор дан дагахь, пеша дечиг туьллуш.
Йалтин мерза хьожа суна баттах йогІур йу.
Тхайн туьнкалган буйна кІуьран беха гІуркх а буьллуш,
Беттан хьокхам кхерчан цІерга божо гІуртур ву…

ТІаккха сайна даго довдар схьахезар ду шера:
«ХІунда гІерта беттан хьокхам хьо чубожо, хІай?!
И-м хьан нанас шен доьзалан синмаршонна тІера,
Мац ма-делли, седарчашна хьалха буьллуш бай…»

* * *

Сан ненан меттара сатоссуш хьала а гIоттий,
Сан когех хьаьрча некъ – дийнахь сан бан безаш берг.
Ткъа, самаволлушехь, соьга цкъа хьал-де а хоттий,
Со кхарста кIамво цо, хуьлий сан боцуш ца терг…

Ткъа буса, набаро хьаьстича сан зийза кIажаш,
Мел чIогIа кIадбаларх, шен хеннахь ца буьжу дIа:
Хьестарца (царех дIахотталой) сан ненан кIажарш,
Со ларвар доьхучу доIане ладоьгIуш Iа…

Ширачу кешнашкахь

Йуьртахойн иэсехь шаьш дIадайна ла ца луш,
Йарашла личкъинчу кешнаша
Шайн чартийн йозанийн ширачу хьаьркашла
Ца биллархсайн цхьалха узам,
ХIетте а, сайн дагна буьрса гуо лецахь а,
Чурт огуш, йаздинчу дешнаша,
Дайн тIулган гIовланех къехкачу тIаьхьенна
ХIуй кхайкхо вогIу со кхуза-м…

Нене

Нана, аса-м хьан хебарийн
къаьхьа-дуьра йоза тидда.
ГІеххьа хан йу сан даго и-м
халла гочдина.
Хьаьжайуккъех доьду харш –
сан некъ бу, кхерам болчу идда.
Цунна уллехь – харш – сан гІалат,
ахь цкъа гечдина…

Шийла маьІна долуш ду-кха
бесни тІера кхин цхьа харш а:
Со цкъа мацах, цомгаш хилла,
меттахь Іиллина.
Хьан бІаьргашна гонаха йу
дахарера сан лараш а –
ХІинца уьш а хершнийн куьцехь
го сан иллина…

…КІентан кошан барз ларбечу
чуртан сема ІиндагІа а,
Саццаза хьан йуьхь тІе оьгуш,
харш хуьлуш ду шех….
КІант хьайх дІакъаьстичахьана,
ахь ловш йолу хІара хан а,
КІоргга балдийн сенаш охкуш,
къиза хьерча хьиэх…

Дахаре

Хенан сиркхо – наб тIегIерташ, бIаьргийн хIоаш
луьйсуш,
Дахар, и хьан маьIна довза сан а дийзи-те?
Сан механа йазлуш лаьтта гIеметталла къуьйсуш,
Кхиэлан базар сийсош, хIуьтту-кх шераш гийзиге[23]…

Кхача гIерта йуьхь сан хершнийн гезгамашин кара,
СингIаш хьега девлла баьрзнех эгначу гIанийн…
Амма дегI сан боддинехь а, лагI ца йи ахь хIара
Деган Iомахь буру хьийзо шовкъийн кIуркIмани[24]…

Ца йусторна нехан хьокъо сан рицкъанан ворта,
ХIуьтту хир ду теш хьо деган цIеналлина сан:
Ахь семанна даьтта хьаькхна сан оьмаран ворда
ТIера яц-кха, цIийзаш, адамашна кула йан…

Лиъна хьан нийсонан хьоста къинхетамза лакъо.
Вуонаш гIерташ диканех дан шайна муьтIахь леш,
Йелла-те ахь, «дахар» аьлла, хьайн цIе тилла бакъо
Кху деношна, уьш хиларх а дIадовларца леш?..

Байтийн совнахдевлла генаш синан херхо хедош,
Сан ойланан бага йузуш дешнийн жираша,
Хьо го суна пхьуьйшахь, четахь хазахетар къедош –
Чохь а, тIехь а дашо динарг ирсан тираша…

Лалур доций хууш хьайга дог сан къийдалар,
Сих-сиха ахь соьга кховдош ши совгIат ду, дахар:
Ойланаш йар – син пардонна сийлахь даьIнаш дахар,
Илли алар – йоьрзуш йоцчу чевнах цIий далар…

Сан дой

Сан денош – дой ду, уьш дахарехь хехка со хьакъвина Дала.
Шо-гуо чекх мел бели, керланиг кхин боло уьш кийча ду.
ГІеххьачу реманан да волчу суна а-м хало ду ала,
Маса дин хир бу сайн берриг а, бисинарг маса гуо бу.

КІайчу дойн бергаша хІост динчу некъашца – сан хазахетарш.
Іожа дой толаме кхачаран билгало – безаман кхаъ.
Расхачийн цІарах ду дикачу нахаца сан цхьаьнакхетарш.
Борачийн кхиамо, шовкъе а валавой, велаво цхьаъ.

Хьалхарчу могІарехь сиранаш нислуш а меттигаш йогІу.
Цаьрца йу сан гІайгІа, сан дагахьбалламаш, даг чуьра вас.
Царна шед йетташ, со челакхчу дахкарлахь некъ ца гуш вогІу –
Цундела со церан толамна кхин башха тІера а-м вац.

Буьззина мах хадош, ца ваьлла сайн дойх со довха дош аьлла.
И алар, шераш дІа мел кирчи, ша дазлуш сан декхар ду,
Цахаарх, муьлха дин хьалха а баьлла, со дуьнен чу ваьлла,
Йа иштта, муьлха дин тІаьхьа а бисина, дІакхелхар ву…

Уггар а хьомечу дойша дог ирсе деш шаьш долчу ден,
Дехкина бІиллигаш[25] дІайаздеш, артбелча сан кхиэлан къолам,
Ахьа а боккхур бу цхьа а шех ца хьоьгу хьайн къиза толам,
ХьаргІанан тІомал а Іаьржа дин – дахаран тІаьххьара де…

* * *

Къоьжаллин канаша гиччош тIе
хьорсур ду, ца кхоош, дама.
Литтане йиллинчу элах
денош а маргIал ду лур.
Къоналлин бIарлагIа хьистина,
кIадвелла, со воккхуш сама,
Кхочур бу, Iаса а луьйзуш,
дахаран жамI даран мур.

ХIун хир ду сан шерийн тIорказахь,
совгIат деш, цунна дIадала?
Сан дагалецам-цIеркема
хьийзар-те ца карош берд,
Ас динчу диканех боьттинарг,
тIалам беш, айбинарг хьала?
Хир йу-те, со вуон а хилла,
адамаш къехкош сан керт?

Ткъа эрна хихкина карабахь
къоналлин хIу-цIена гила?
Хьуьнарш сан дорах а хетта,
уьш бакъдан ца хIоттахь теш?
Хилахь ткъа вахана цкъа мацах
бехкбоцчу адаман къила?
Къухо дIахьулйина хир-те
ас динчу гIуллакхийн беш?

Цкъа хIинца-м зоьрталчу лаамийн,
уьдучу хенан бо хама.
Хиндолчу диканийн закъалт ду
ас йечу ойланийн сур…

Со хууш ву-кха, сайн гІевланга
хІуттур буй, со воккхуш сама,
Шен турсан[26] Іаса а луьйзуш,
дахаран жамІ даран мур…

Заманан мазлагIа

Заманан мазлагIа хаддаза йекайо
адамийн ойланийн вено[27].
ХIоккхузахь сан оьмар-никх[28] а ду
шена чохь ас IаIош балоз[29] а, моз а.
Оьшшучу барамехь дургалца[30] кхачойан
дуй биъна къоналлин хено:
Коьртера цо хIора гIаттийна ойла йу –
хьуьнаре накхаран моза.

Йал такха кечделла шатайпа зезагаш
къедош йу Даймехкан аре:
Адамах Доглазар, Къинхетам, Дикалла,
Сатийсам, Сий, Оьздангалла…
Башхачу беснашца геннара схьакъесташ
дахаран чолхечу йарех,
Уьш ду сан ойланийн йунашла хийлазза
йиллинарш шайн синхазалла.

Амма ду кхидерш а, цIуналахь дахкалуш,
серлонна тIекъерзаш гома:
Гамо, ХьагI, Питана – иштта дIа кхин а йу
оцеран и цIераш дукха…
Синхьехам леллашехь, Iожаллин зезагах
дIакъехкош ойланаш тIома,
Сан кхардам бевзачу сакхташа лергинчу
зезаго леван там бу-кха…

Хьажахьа, Малонан парталчу зезаган
хьожано тилийна ойла,
Хьанала къинхьегам къахьбелла,
эхьдоцчу жуккаран[31] цIе лело йаьлла.

Шен гІоьнца даьккхина доцу моз цо дууш
цкъан цкъа а суна ма гойла!
И лалла доьналла соьгахь ца хилахь,
со хьаьвзийла накхарх цІе йаьлла!..

Зуламан Іаьржачу зезаган дургало
тІеийзо сайн цхьа кхин моза
Ас халла саций-кха, орца а даьккхина
сайн долахь мел долчу вега…
ДІаьвше и зезагаш цхьаццадерш куц-хьарам
хуьлуш ду – ма хиларш гІоза!
ХІинцца тІекхиъначу мозаша, Іехалуш,
ма бала бохьу-кх шайн дега…

Делахь а, тІаьхь-тІаьхьа царна шен хьехар дан
тІера йу накхарийн эла:
Йевза-кха суна и – Даймахках лаьцна ас
хаддаза йеш йолу ойла –
Малх санна, сирлачу зезагийн кортош тІе
хуьйшу сан мозий цундела,
Іалам а бер долуш, вовшашлахь тийсинчу
уьйраша церан барт бойла!

Баркалла, Даймохк, ахь кхиорна хьайн арахь
зезагаш уггар сан хьоме.
ГІенийн кІур бетташ, ас улхара[32] моз оьцу
хьоь болчу безаман Іайгахь…
Чудуьйла, адамаш! Ас шуна даьккхина
деган моз. Хьовсийша чоме.
Аша-ъ ца вуьтий со, синойн и улхан моз
жимма а ца диъча шайгахь…
Йерриг а мазлагІа[33] шен дола йаьккхинчу
замано сонта кІеж туьйсу:

Диканиш-вониш а ца къестош, цо накхарш
кхоъмаза оту-кха хийла.
Ойланаш, Бакъдолчу Зезагийн хьошалгIахь
хьейелларш, лензаллехь йуьсу –
Дуьненан иэсехь йохйо цара оьмарийн
цхьайолу кийсигаш шийла…

Базарахь

ТІаьхь-тІаьхьа, цхьа тамашийна базар йезайелла,
Сица куьйгаш дуьлий, денна воьду цига-м со.
Цигахь цкъа а ца го суна цхьа а велавелла –
Ша массеран йаххьаш цигахь даим хебна го.

Кху базара-м тахана а со схьавалий Дала.
Кхузахь массо йухкуш ву, ткъа оьцуш вац со бен.
Йухкуш йерш а хІун йу: гІайгІа, бохам, лазар, бала…
Дера бу, дІа ойла йича – ирс дайначийн бен!

Шен лазам дІаэца олий, цхьамма орца доккху,
Со-м тІевоьду, ла ца лой и иштта гІийла гар.
Деган бохча меллаша сайн кийрара схьадоккху,
ДІадагардо цІена дашо ахча – доглазар…

Кхуза баьхкинчара и бен лоруш дац-кха тІаккха!
Жимма и шен каракхаьчнарг – йуьхьца векхало.
ГІертарх хІун ду цхьаццаверг и алсамо тІедаккха,
Цунна гІоли хилчахьана, дог сан лекхало…

ХІоранна тІехІуттуш, базархула-м со чекхволу,
Массаьргара схьа а оьцуш декъаза салпал[34]…
Йухкуш хилларг чекх ма-йелли, адам дІасадолу,
Со а цІехьа воьрзу, новкъахь вохуш махьо гал.

Дуьне дІа а тийна, буьйса шина декъе йахча,
Йагайо ас оцу махьан сингаттаме бог…
ТІаккха дагадогІу суна дІакхачийна ахча –
ТІаьххьара ас кийра дуьллуш, деса хилла дог.

Барт а боккхуш, хьаста лиъна, ас и караоьцуш,
Цуьнца цхьаьна суна гинарг со цецвоккхуш ду:
Сан оьмаран хьашташ йуккъе нуьре хIаваъ хоьцуш,
Къинхетам шен дашо ахча меттахIоттош бу…

Хьо вина де

(Вешин ИбрахІиман безамна)

Хьажахьа, ИбрахІим, Іаламна-м хьо виц ца велла:
Сатоссуш вайн кертан ков туьйхи хьо винчу дийно…
Хьуна сагатдина, хир ду-кх и чІогІа гІелделла –
НеІарш а, кораш а дІадоьллу цунна вайн цІийно.

Хьо дуьхьалтуьйсучу гІенаша са дууш даим,
«Ткъе кхоъ шо… Ткъе кхоъ шо…» –
шабарш до вай динчу нанас.
Хьо винчу деноша бутт а ца буьзи-кх, ИбрахІим…
Ткъа хІара-м хьо воцуш деана… И муха ла ас?..

Бехкала йахана анайист къежйели геннахь,
Стигало сирачу мархашца бІаьрхиш дІахьоькху:
Дахкаран хинкиса дерзо хьан марчонна тоьгу
Ма моьттуш делар-кха тахана хьо винчу денна…

Ас иза, бІаьца йой, меллаша вайн цІа чу доккху,
Аз доцчу тийжамца вайн нанна и маракхета…
Хьол кегий йижарий, вежарий и тебан гІерта:
Тахана и-м хьол а ду хьуна кхо бутт сов доккха[35]…

Ма девзар дацара хьуна хьуо вина де хІинца,
Ма кхуьнах тера ца догІура хьо волуш хилларш.
Дац кхуьнца хІара а дашо дан хьан ирсан цинцаш,
Кхунна ган доьгІна ца хилла-кха хьан керла иллеш.

ХІун дина догъэца аса кху гІийлачу хьешан,
Массо а денойл а доцачу, хьан дахар санна?

Иза-м гуш лаьтташехь ца туьгу хьо вацарх теша,
Моьтту, хьо вайн цIера ваьлла ву йоццачу ханна…

Хьо хьалхе ваьхьначу кхиэлаца ца йогIуш берта,
Ткъес детта стигало, къоранах бацалахь керча…
Хьан де а, тIаьххьара бIаьрг тоьхна хьо винчу керта,
Абаде дIадаха, йист йоцчу Iаьршашкахь кхерста…

ГIайгIано кIай леци бIаьргашка корийн вайн цIийнан,
МаьркIажан бодано Iадайо хьох лаьцна ойла…
Iодика йойла-кха, ИбрахIим, хьо винчу дийнан,
Хьо тхуна йуккъера ваьхьна де цунна ма гойла!..

1982-чу шеран ноябран 10-гIа де

Ирзехь

Со ирзе веана, чІагІбелча цІийн озан мукъам,
Дендена дош делларг сих-сиха со кхуза виэха…
ЗІакарца йагарйеш даьІахкаш тийналлин букъан,
ХенакІур йолало гІовгІане шен рицкъа лиэха...

Пхьолане дерзийна лендоццчу дахаран тата,
ХІинца а рицкъанан стом луш йу ирзенан майда…
ХІетте а бахьана карадо суна-м сагатдан:
Мичахь бу адамо цу тІера беш болу пайда?

Верасийн иэсашна хийлазза и гІенах гина,
Нахарца и хьаста сатуьйсуш, сан да къежвелла…
Ткъа кхуза сих-сиха и варан ас маьІна дина:
Цо дагалоьцу шен хьуьнаре да – кхузахь лелла.

Заманан апарех чекхтилла и оьзда адам…
Ма тиш а лур дац-кха и къиза апари атта.
И ойла бахьанехь ас бо-кха дуьнене кадам,
Хьалха а даькккхина сайн уггар гергара латта.

Цунна тІе бертал а вужий, со кхойкху дендега,
Са ца туьйш, хуъушехь воций и сайна тІекхача…
ГІеметтахІоьттина хир бу-кха лазам сан деган,
Сан йуьхь тІе бІаьрхино нагахь ца диллинехь тача…

БІешеран муьстачу хьожано зийзорах мара,
Ца дезаш ширачу лаьттаца ханна а къастар,
Ас сица хьаннашна йуккъера схьаоьцу хІара
Сан дендас дагарца Даймахках даькккхина цастар…

* * *

Деган маргIалш хено кхадар суна-м сане даьлла:
Велавалар зевне дуьйлу, ойла сирла йу.
Деба амал лаьцна долчу шерийн гу тIе ваьлла,
Со-м Iа, бIаьргийн дола йохуш сийна анайух…

Ца гуш хIун ду хIоккхузара! Гу цахилар боккха
Эшам бу йа толам бу сан, хууш вац-кха со:
Буьххье ваьлча, мархаш йуккъехь садаккхалац доккха,
Гу лахенехь паргIатваьлча, анайух ца го…

Баххьийн хIуоно садукъдарх а, анайух ган хьаьгна,
Къарбан лууш хIора денна лакхлуш лаьтта гу,
Йохьан мIараш туьйсуш, шерийн букар басеш аьгна,
Шерийн гунан когашкара вогIуш верг со ву!..

ХьагІйолчуьнга

Гича ирсо сан иллина гонах лаьцна турс,
И ла ца лой, хебий, тІегатло и хьан са-тІара.
ХьогІан хьожа йетталучу бІаьран ира урс
Вуонан карадилла лаам кхобу ахь сутара.

Тешнабехко дина хІоа ду хьан Іаьржа дог.
Со аьшнаш веш, тІаьхьасетта хьан мотт – луьра лаьхьа.
Хьайн неІалтийн пхьалгІахь тусуш ас мел боккху ког,
Левси кховсуш, цабезаман кІега денбо ахьа.

Адамаша со лараро сенбина хьан пах.
Хьан питанехь моьне доьрзу сан диканан сиз а.
Ма дика ду ахь ца хадош сан гІуллакхийн мах –
Ма нахартийн зов дадийна лелар бара иза!

ЦІийла карча лууш хилар хьо сан ирсан мур
Го-кха, дешча хьан осалчу бІаьргаш чуьра доІа.
Мурйоьллачу хьайн гамоно къедош стешха нур,
Йахкаелла ойла хьегІаш, ма тебна а хьо Іа…

Іе хьо иштта, дІаьвшан улх, и букъ хьайн тІеттІа бош –
Со дІацІанван гІалатех хьо волуш дика ду-кха:
Хьуна белам боккхур боцуш ду сан хІора дош.
Ледарлонаш сан йагарйеш, гІад ца гІор хьо дукха…

Бюрократе

Де-дийне цу стоьлах-буьнах дIаийна,
Хьакъдо ахь хьайгарчу даржана вацар.
Ахь къайллах хьайн кийрахь тевна хаийна
Хьайн аьшпийн хIоаш тIе къуьрдиг-бендацар.

БIаьргаш чохь дахкалуш кехатан дакъа,
Матта кIел керчадеш шалха дош-сера[36],
Хьайн хIоаш дарехь хьо-м ца воллу лакъа,
Шовкъ а дIайаьллашехь хьайн хьалхалера.

Iожалло хадабахь хьан цIура[37] кхоллам,
Арз хьуна доьшур ду – хьо велла Iуьллуш,
Чуртана хIоттор бу бос болу къолам,
Кехатийн барз цунна хьалха а буьллуш!..

1975 шо

Цхьана накъосте

Хьо вистхилар – йека хІоттар хьан гамонан тоти[38],
Айпе дешнаш лаьтта эгош – йамартлонан хІуш.
Цабезаман уггар луьра саьрмик беха оти[39]
Лаьтташ ду хьан деган уьйтІахь, пенаш дахкалуш.

Цкъацкъа со цІаверзарх,
хьаькхна хьан гІийбатах бІаьштиг,
Букъ а къийзош ахь тІаьхьашха йечу Іиттарша,
Ницкъ бу соьгахь куьйга кагдан хьогІан стелахаьштиг,
Кийрахь алу йу сан лало эладита-ша.

Хета хьуна аьшпийн кІуьрехь къайлавалар атта,
Доцу дела хьайца дуьне серладаккха нур.
Лаьа хир ду хьуна ас а, айхьа санна, артдан,
КІайн хабарш а дуьйцуш, цергех детташ меттан тур.

Пхьоьханехь ахь, волла Іеттош, дуьненах дог дахар
Сих ца иэдеш, сайн хиндолчух со-м бІобулуш ву:
Денош тІеттІа дебаш лаьтташехь, жимдаларх дахар,
Хено байташ кходдушехь, сан илли хьекъаш ду…

Хьо дІалелаш, гайна там беш, жуккаралла йустош,
Йелош хьарам рицкъа хийла цаста дезна церг,
Со-м ву адамашна сайн синбаьрче йоькъуш-йустуш,
Лаам кхобуш хила халкъан воцуш а цатерг…

* * *

Сийсара сахиллалц догIано, пийсак а хьоькхуш,
Лаьттан жарж ца кхоош, дина ду кетIара худар.
Син когаш ирсе ас берзина бахийтар доькхуш,
ГIайгIано парз лери царна тIе шен мачаш тудар.

Уьш а йу шайна чохь ца тоьуш, сан дакъазалла,
Уггар а кIедачу ойланах йаьккхина утаркх[40].
Цундела шелло со, делахь а, садетта халла –
Сан хIара хоршане гIайгIа а ца хирий гуттар-х…

Цкъа хIинца-м къора бу сан корехь цо боьзна маша.
Амма сайн иллешца маьлхан кIайн буька-йай хестош,
ДогIанан хударо йузийна, севсина хьаша
ДIаэккхор йу аса, шен мачаш тIаьхьа а лестош…

Веше ИбрахIиме

Сан Iодика йар а доцуш, хьо-м дIаваха ц и г а[41],
Суна сайнна буьтуш хехка Лаьттан буьнжоьлаг[42]…
Кхойкхуш хийла шен дитташлахь левзинчу хьан сига,
Хьан иллех шен назма йина, тийжа хьун-боьлак…

Со, чуласто хан тIекхаччалц, генна хьалавуьгуш,
Дагалецам вичIабоккхуш, лакхло шерийн гIатт…
Ас сайн иэсехь кего йоза стамдала-ъ ца туьгуш,
Оза тептар хилла и – хьан денойн шариIат…

ХIора буса сан набаран корта узуш хуьлуш
Ду хьан амат, ойлайеш сан гIенаш леIаран…
Мича бехкана со ву-те син хьацарца дуьлуш
ХIара хIаваъ – зоьпар[43] хилларг хьан садеIаран…

* * *

Байттамал, хьан сирник дІайай-кха, сан къинойн кІожам
Баго хьо хІуттушехь, гонаха Іаь тухуш къаьхьа.
Ткъа къинош дІадевди, такхийна марцаран хьожа,
Мел чІогІа идарх а, ца кхии хьо царна тІаьхьа.

Ойланийн хьийкъинчу гІодамех ас дина литта
Шеконан дехкаша цу сохьта долий-кха даа…
Байттамал, суна хьайн сатеден аьшпаш ма битта,
Нийсоне диллича, хьайх гІуда хьаьрчиний хаа.

Хьо каде цахилар бахьанехь, тІетоьхна хир-кха
Кхиэло сан хьашташна: корехь ас деш долу ха а,
Мархаша милт дІасахьийзайен дІо беттан чиркх а,
Кхетаман ковста[44] кІел хьиэ кІамбен ши-кхо могІа а…

1975 шо

Баппане

Хьуна петухуш, тІехвала ду Іаламат хала,
Лазаман це кхетта сан тидам ма хета дола…
Хьан корта буьззина, къоьжалла къедахь а хьала,
Ца лаьа кесталгІа хьо дерза къаналлин дола.

Со-м хьуна декхар ву: хьан къоьжа хІуш тІе ма-дийннехь,
Луьста варкъ[45] диллина сан гІайгІа бос хийца йаьлла.
Ма хила гІийла кху йача кечделлачу дийнахь,
Сан деган коран бІаьрг хьан дато нур леца баьлла.

Ма доха, шайн мазах къахьалла кхетарна кхоьруш,
Накхаран мозий ца эхарх а хьайна аьттехьа.
Делахь а, дог Іаьвжа, массарал хьуо миска лоьруш,
Экаме са махах лардеш, хьо таьІаш лаьттехьа…

ХІетте а, кхиэлана буьрканах тарбелла корта
Къоначу мехаша хІуй-пака боккхий-ца, къовсий…
Сатедан хаз-хаза зезагаш доллушехь шорта,
Йоьлху сан ойланаш, тІомачу месашка хьовсий…

Коьртаза шийла гІад, хІавао долийнарг кІамдан,
Чурт санна ца латта, бацала дужур ду кхана…
Хьекъалан хьесапехь – кхелхина зезагийн тхьамда,
Ткъа деган кхетамехь – дІайаьлла оцеран нана…

Гуьйренан аматаш

Дошан басе дирзи хІинца Іоман сирла аьнгали.
ТулгІе отуш, цинцийн гаьргаш ца йетта цо сих кхин сан…
Диттийн гаьннех лохха кхозу мехийн чорда гаьнгали –
Дахкаран кІайн шура луьтту гезгамашин хинкиса.

Къена эмкалш санна, лаьтта цанахь элан холанаш.
ХьаьжкІаш тилош хилла меттиг гойту лоьдгийн нехаша.
Доьрчаш чуьра йалта идош, чІегІгаша до «къоланаш».
Хьокхийн кертан цергаш малйеш, шакарш йетта мехаша.

Дерзанна кІел лаца кийчча некъан хоршан кана йу.
Акхароша орца доху, чІанайолуш хьун гина.
Кхаш тІехь когабуьхьар хІуьтту, халла къаьсташ, анайух.
Тийжа йевлла, гІаргІулеша мархийн бІаьргаш тІундина.

Йитта кечйен бедарш санна, дІо стигалан боганахь
Іохкуш йу и морса мархаш – хилларш кІеда чилланал.
Гой-те царна, буобер санна, гІийла Іуьллу охана,
Ахархоша векалдинарг Іаьнан дера чилла лан…

ГІанийн можа оьла махо сайн когаш кІел кхоьссича,
Суна иза сайн син заза ду ма чІогІа моттало…
Ткъе итталгІа хІара гуьйре кху сан керта йоьссича,
Кхин цхьа харш а тосу-кх даг чу сан оьмаран готано…

1981 шо

* * *

Буьйса текхош, къайладели беттан можа бурам[46].
Веччалг санна, лаьттан чкъурах йоьлла гIура-йис.
ГIулч ма-йаьккхи, бека берриг къерсигбаьлла урам.
Дахкарлахь цхьа ирке[47] серлайолу анайист…

Мохехь йаздо туьнкалгаша кIаррийн сетта йоза.
Довха иза доьшуш, мархийн бIаьрхиш дакъало.
Ша хьаькхначу тIулга тIера гIоттуш цIирцIир-хьоза,
Сан даге цхьа кIеда-мерза илли даккхало…

Шан пардонан ахкарг дина генаш гIоьвно гIорош,
Некъа йистехь, могIа бина, цIийза акхтаргаш.
Дато долуш санна хета кIац йиллина гIораш.
Шалмаз[48] хьаькхча санна, вовшахлетта эгна гIаш…

ХIара бу-кх и хенан хIоттам, шахматийн у санна,
Шеца ши бос болуш болу, ши бос – Iаьржа, кIайн:
КIайн ду лаьмнийн баххьаш, лахахь –
кIур биллина хьаннаш.
КIайн ду куьзга хинан, амма Iаьржа – чуьйнан тIай…

Хета шалгойуьйлуш суна кху сайн иллин шовкъ а –
Цо цкъа бода хьосту, тIаккха серло хастайо:
Iаьржа гIайгIа даг тIе тесна, гуьйре йоккхуш новкъа,
Iа тIедаре хьоьжуш лаьтта ойла къежйо цо…

* * *

МаьркІаженан ІиндагІашна пхьор дан лиъна мерза,
Мархийн маша боза хІоьтти беттан дато гезг…
Ма галдала кийча хилла синхІоттаман терза,
Деган дургал лиэша йаьлла, сагатделча кІеззиг.

Ма галдала кийча хилла синхІоттаман терза,
Беран мІаррал дагахьбаллам оза дезча шен.
Туьгуш дац-кха дегочуьра и-м кхин йухадерза:
Уьдуш лела синан цхьамза лууш бац-кха тиэн…

Туьгуш дац-кха дегочуьра терза йухадерза,
Шовкъо дабагІ дина деган хІуо дІатийннашехь…
Мархийн маша нилха болччухула схьа а къерзаш,
Седарчий ду шайн нур оза гІерташ цунна тІехь.

Мархийн маша нилха болччухула схьа а къерзаш,
ТІеттІа йазло Чухчахьеран[49] сирла герканаш[50]…
Буьйса-пондар хьедан йолу шен ІиндагІаш-мерзаш,
Улле охьахийшош иллеш – уггар гергарнаш…

Буьйса-пондар хьедан йолу шен ІиндагІаш-мерзаш,
Цаьпцалгаша Іома йистехь аьзнийн чиркх латош…
Ойла-баргол хадош, хезна геннахь говраш терсаш,
Кийра батІош, араэккха уггар йоргІа дош.

Ойла-баргол хадош, хезна геннахь говраш терсаш,
Нохчийн аре йекош, боьду и сан оьзда дин.
Ненан меттан аьлха хьоькхуш, ирдеш бІаьрса, лерса,
ХІинццалц къуьйлуш хилла архаш ас а дІамалйи…

Ненан меттан аьлха хьоькхуш, ирдеш бІаьрса, лерса,
Толлу ас сайн мукъам денбен башха сатийсам.

Наггахь синна сиркхо тосайаларх кега-мерса,
Кхиэлан кхерчахь хан йагорах, цIийн кIеж ца тий сан…

Наггахь синна сиркхо тосайаларх кега-мерса,
Дерташ доцу заза лепош ду сан ирсан га.
Гуттар гIертар бац сингаттам йочане тIесерса,
Цуьнан цхьа а зирх-тIадам ма болда Iуьйренга!..

Гуттар гIертар бац сингаттам йочане тIесерса,
Деган дургал лиэша йаьлла, са тIундаларх кIеззиг.
Меттадан а герга ма ду синхIоттаман терза,
Мархийн маша боьзна йаьлча беттан дато гезг…

Хиросиме

Іамарко 1945-чу шеран 6-чу августехь ядеран бомба кхоьссина Японерчу Хиросима гІаланна тІе, дуккха а эзарнаш адамаш хІаллак а деш. И инзаре къемат гинчара дийцарехь, адамаш, доь доцуш, тІепаза довш хилла, догий. Пенаш тІехь а, тІулгаш тІехь а церан ІиндагІаш-м дисина. Уьш хІинца а долуш ду боху цигахь

Ойлано вуьгу со деллачу ІиндагІийн
тийналло туьйсинчу хьаьтта…
ІиндагІийн йозано варкъаца кхелина
хьан хІора тІулг, Хиросима.
Къематан йиш-маІаш дуьнене йиц ца йар
доьхучу хьан йиро зийна,
ГІийлачу мукъамо садаьхьна адамаш,
чурт-гІала, хьан сийдеш, лаьтта.

Царна го: даьгна йуьхь-сибаташ,
тІулгаш тІе ІиндагІийн бой тесна, тийна.
Силаман куьзганахь хьоькх йуьтуш,
дийшина ІиндагІаш олхазарийн а.
Ган догІмийн, адамийн, зезагийн ІиндагІаш
таро йу йуххера син-ма…
Са чохь дерг сел къиза ІиндагІе дерзийна
де-м диц ца ло, Хиросима…

ДІо шалха ІиндагІа – бер дакхош лаьтташехь
йаьгна, шех чим хуьлуш, нана.
Пенаца лакхуо ду, ирх хьаьддачохь, сецна
ІиндагІа маьхьаран беран,
Ткъа йуххехь – бІаьрзечу пекъаро
сагІина лучунна кІел лаьцна кана,

Гонаха IиндагIаш – лазамах дисинарш –
весетан кехаташ церан…

Кхагаре IиндагIаш, мармаран[51] тIамаран
шагделла синпхенаш огуш,
Даьгначу дилхан чим тIетуьйсуш,
ткъарше и дерзийна, цIийх тIулган ийна:
Къаьхьачу къематан эккхаро цIе тесна,
хьо – кийсиг гIайренан – йогуш,
Зангдоьлла[52] и тIулган дог царна
адаман дагал а кIеда карийна…

Гергара IиндагIа синIовжам лайначу
адамо тIулгаш тIехь лоьху,
Эзарнаш йуккъехь и карадой,
доIане шен лазам дIаэцар доьху…
Дуьнено тIемашний, машарний йуккъера
шал шийла и херо зийна –
Кхин цкъа а хьан Iазап карла ца далийта
дуй биъна цо, Хиросима…

* * *

Шуьшинна марзделла сан темза[53] синлаам къийса,
ГIеметтахIоттаран тогIе а, къоналлин бохь а…
Къоналлин бохь хьулбеш, даьржинчу дахкаран киса
Букъ тIехьа дуьтуш, со-м вогIу сайн тогIе чу охьа.

Там бара лакхахь сан дахаран лараш ца йиса,
Аьлла, сайн болар а сацийна, хьаьжча со хьала,
Го суна: тIера дIашершина дахкаран киса,
Сан бохь шех тешийна ло хIинца дешаш ду хала…

Тов

Лаьхьа санна, хи тІе текха тача
Сетта, кІамлуш морзгал-моьнаш – лараш.
Бецан кийра лаьцна ченан ача[54]
Цеста йевли маьлхан зІаьнарш-тарраш.

Болх беш йу аьхкенан йоккха товха,
Доттуш, кхоьрзуш Іаламера синош.
ІиндагІаш ду дерриге а довха,
ГІора доцуш дайдан тевнан къинош.

Малхо, мархийн билзиг йуккъе хуьйшуш,
Чоьш дашо до церан массо можан,
Нуьре цергаш йаош, аре Іуьйшуш,
Гонах йоккху сагал-бецан хьожа.

Зевнах дузий хІора тІоман пиллиг,
ДІо кІайдарган кеда зІуга йуьжу.
Тийналла йу дилла гІерташ бІиллиг,
Лехна аьзнийн уггар мерза ижу…

Амма син Іаьршашкахь ойла къекъа,
Дагах кхета стелахаьштиг-могІа,
Къинхетаман коьртехь бІаьрхи хьекъа,
ТІедутту сан байтийн дато догІа…

ТIеман декъашхошка

1943-чу шарахь тIам тIехь тIепаза вайначу девешин Юсупов Мовлидан безамна

Шокъалийн луьрачу сизаша оху шун гIенаш,
Бус-буса набаран тийналла лоьлхуьйтуш луьра…
Саьнгарна чохь IаьIна буькъа ткъарш качбеш, тIеIенаш
ТIемаша чахчийна догIа ду хьацарал дуьра…

Шун гIенийн аренех молханан муьста кIур ийна,
Дера даш тIеIеттош, гIикхйуьйлу[55] мостагIчун дзот.
Хин метта цIий тухуш, бод санна, сацкъар а хьийна,
Лаьттахь а, стиглахь а бекаш бу шокъалийн мотт…

Шун чIагIо малйаларх дог дилли осалчу текъамо…
Накъостан са Iовдуш Iожаллин борз-морзахо,
Йахь йолчу дегнашца чIагIбелла, гIеттинчу бекхамо
Доьналлин гIорашца мостагIчун дог сацадо…

Лергабад этIайеш, угIуш, чухехкало кеманаш,
Бомбанийн геригаш догучу лаьттах дIайуьйш,
Iожалло Iаьржа варкъ диллина танканийн реманаш
Оту аш, кIуьралахь йехчина майралла зуьйш…

Лилхинчу саьнгаран шогачу пенах букъ тухуш,
ТIаьххьарчу кисица йихкина доттагIчун чов
ЦIеххьана Iаьвжинчу гIенаша кхетамна ухьуш,
Лазаман моьнаша цистина дог меттахъхьов…

Нуьцкъалчу тохарца Iожаллин кхерчахь дIатедеш
МостагIийн саьнгарша саьрмаках сеттийна дегI,

Ша хир дуй хоуьйтуш, кІур туьйсу шун гІенаш хьедеш,
Шун дегнаш хьоьстуш Іа хинболчу толаман де…

Дарбанан цІийнехь

ХІара беса петар а хилла-кха дахаро
хІусамаш суна луш, йеана декъах…
Бос баьхьна сан денош, кир санна, кІайделла,
шайн кІайчу кийрахь со дІахудуш Іа.
Лор чоьхьа ма-велли, со-м вакха волало
сайн дегайовхонан могашчу некхах,
И араволлушехь, бІагоран аганахь
лазаран кохкарша воьхку со дІа…

Дагаран товханахь мерцинчу ойланийн
луьстачу хьожано са мере кхачош,
ХІаваэ сатесна, кор делла гІерташ,
сан эгІазчу лааман кІадделла дог.
Йерриг а чоьнах шен мотт бина, йижина
саьрмикан ІиндагІах цамгаран ачо –
БІарлагІаш хІуьттучу кхетаман арахь
цо йетта шен сеттачу дегІаца ног…

Сих-сиха деттачу хьацаран хьоькхнаша
гІайби тІе йаздина кхагаре йоза
Коьрта кІел дехкинчу сан куьйгийн
хІоьттинчу бІаьрсине цуьрриг а къаста ца ло.
Сайн маьнга хетало дахарой, Іожаллой,
вовшашна кур бетташ, къевсина доза,
Дахаран уггар а тешаме мурд хуьлий,
ас а цу къийсамехь йахь дІа ца ло:

ХIоразза бIаьрг айса беллар а Iожаллин
туп йохо кхоьссина йоккха топ лоьруш,
Цамгаран синметта хьажийна хIоъ хуьлий,
керча со молханийн буьртигашлахь…
Дахаран баьццарчу кучан йух лоьцу ас,
догучу дозанехь варна суо кхоьруш,
Кхетаман маьркIажехь бода букъ мел бели,
дассалуш хеталуш ойланийн сахь…

Эххар а сан дегIах хьарчайо аса шен
лоьраша дарбане биллинчу некъо:
Ког баккха Iемачу лаамна хьалха ша
оццул сатийсина хIуо хаало.
Массо а шеконна малайо шура шен
сан дегайовхонан токхечу некхо,
ГIайгIанан овкъарша бехдина дуьнене
сан хьажар дIадуьлу синхаамо…

Іаламан бер

Мангалхойн йаххьаш тІе хьацаран довха тхи дуьйлуш,
Некъашца ирхдуьйгІуш бІогІамаш сирачу ченан,
Гечонаш гомхачохь шийлачу ахкан хих йуьйлуш,
Тов лела аьхкенан уггар а чилланан хенан.

Мангалан-комарийн луьстачу йарашлахь лелла,
Когаш а цистина, дарбанна динбергаш лоьхуш,
Са чохь мел долчунна хІоттийна ІиндагІийн къелла,
Сов къиза хьийза и, малхе ша гІелцайар доьхуш…

Іаламан бер ду и – шен ненан урхара даьлла –
Кхечу шен берашна хьалха и йуьхьІаьржа хІиттош.
Иштта бер мел долчу ненан а бІаьргех хи даьлла,
Оьздачу йоІ-бІаьргийн кІоргенехь къаьхьа дохк
гІиттош…

Хийланна хууш ду: сов къиза тов Іеткъа йалар
Тешаме билгало йуй догІа кестта тІедаран –
Иштта ду вайн ненан-Іаламан бІаьргех хи далар,
Ла ца лой хьомечу шен беран къизаллин барам…

Іуьйренан аьзнаш

Йуха а сатеси хьомечу эвлахь.
БоргIалша этIадо тийналлин гата.
Іуьйренан аьзнаша ойлане девлла
Сан иллеш ца дуьту гIийлла сагатдан:

Ламанан когашкахь наб кхетта некъаш
ГIовттаде, бах, цара, байташца хьекъаш…

ГIаргIулийн могIанийн Іаьржачу тешца
Стигалан сийна шал[56] тоьгу махо.
Іуьйренан аьзнаша даг тIе зирх тесча,
Сан иллийн бIобулу Даймохк хьахо.

Са даржош ойланийн тембоцчу баьрзнашла,
Иллешка дека, бах, Іуьйренан аьзнаша…

* * *

Стиглахь беттан доккха хIоа луьйсуш,
РагI а лаьцна, мархаш хийцало.
Тховса уьш сан деган бIаьра хьуьйсуш,
ТIома ойла ирах хецало…

Седа боду, стиглахь тача огуш,
(Бода цуьнга жимма эшало)
Дешнийн чIийш сан меттан буьххьехь догуш,
Довха хьацар дагах лешало[57]…

Лайн зезаг

Къегинчу беттасин суй санна, тІех сирла, бІаьрла,
Аса-м и ловзадо йовхачу керайуккъехь.
Инзаре и зезаг дуьххьара гина сайн бІаьрга,
Цецваьлла лаьтта со хьуьнхарчу дитта йуххехь.

Беса, чекх са гуш ду, шен гІодахь мерза мутт ІаьІна…
Хаза ду, кІорда ца далла и, мел дукха хьежарх.
И ду-те бехкала йаханчу бІаьстенан къежар?
Йа ду-те Іодикйен маршалла даханчу Іаьнан?

Генна йу хІинца а йалташа чІож хьовзо хан…
Лайн зезаг, сох къайле ца лечкъош, деллало ховха:
Йа хьо ду баьгна дІабаьллачу безаман совгІат?
Йа хьо ду билгало керлачу синхааман?

Къарбелла дуй

«Йезар, ас даггара дуй буу хьуна,
хьо даим сайн куьйгаш тIехь лело,
Со цIа ма-вирззинехь», – аьлла, хьо, вахана,
Даймехкан тIаме дIахIоьттира.
Толаман дарже а кхачийна, хьайн цIен тIе
хьо йухаверзийча кхиэло,
Бакъволу турпалхо ву аьлла, хьан эвла
хьуна цIе тилла а хIоьттира.

Шовткъа шо дIадаьлла хьомечу хьан йезарх
хилла а хьан хIусамнана…
Хийлазза (ша-шена дов а деш)
генарчу хьан суьрте цо мел сатийсина…
Безаман цIарах ахь биъна дуй къарлур бу
моьттура шуьшиннах хьанна? –
Десачу пхьуьйшашкахь тIамна дIаделлачу
хьан куьйгийн доь а ца дисина…

Безаман лами

Оьздачу хьан дешнех буцу ас безаман лами:
Лууш йу сан ойла хьан деган Іаьршашка йала.
ХІуъа а дийций а, со волччохь цхьаъ дийций йала –
Хьан къамел кего ас кечбина сайн синан чами…

Сан ламин тІегІанаш – мукъамех ийна хьайн дешнаш –
КІадо а ца йеш, чуэгаде хьайн балдаш тІера.
Хьан дешнийн оьланаш – со гуттаренна шайх тешнарш –
Дахаран хазна йу сан ирсан керайуккъера…

Сан болх бахийттина мерзачу чаккхенан герга,
Там бара цІеххьана хьан дашо къамелаш кхачо?
Хьанал йу ламина ас тІегІанашца йен кхачо,
Беркате хуьлда ас хаддаза церан бен тергам…

Ши тІегІа тІеоьшу со Іалашоне дІакхача.
Йистхуьлуш ма йац хьо? Ас хІинца хьаьнга ладегІа?
Тийналло мацдина, ирделла сан лерса хьегІа –
Хьарам би цунна ахь хьайн балдийн и зевне кхача?

Хийистехь садайна… Хьан кІудал тІехъэха йели…
Ахь, даржехь совдоккхуш лааман кІоршаме собар,
Эвхье схьахьажарца эли сан ойланна оба,
«Реза йу» – ши дош а – сайн лами со бина вели…

* * *

Сан лерсин тIорказаш тIанк-аьлла хьайн озах дуьзна,
Сан бIаьрсин гура чу хIоттийна сурт куьцан хьайн,
Вайн марзо дIахьакха хьайн восан мангал а туьйсина,
Ахь цхьаллин меха чу дIанисди къастаран тай.

Хьо шовкъе синхаам дIатебен коч тега йоллу?
Цхьалло са хьере деш, хьайн лол ахь беттар бу бетта-м,
Амма хьо дIайоьдуш хьан ларийн тоьгано Iаржйина йолу
Лайн лоччарш йиттина, ши куьг мажардоьлла
беттан-м…

Сан деган ангалин бIогIаман лекхалла уьдур ду хьала
Цу беттан гинсу[58] а, дустуш сан ойланийн дагар…
ТIорказаш досту ас, хиларх а хьан озе ладогIа хала,
Лардо ас сайн бIаьрсин гурарчу хьан суьртан дахар…

* * *

Огаран аренах къежделла дІадаха
Сан сийна, муттане денош.
Сан дагна гергара хиллачу хи йистехь
ГІеттина боьмаша шач[59]…
ХІун бала бара хьо дагайан,
Чов йостуш, пайдеза дешнаш а Іеношʔ
Кхолламо биллинчу новкъара йуха а
Со хІунда вели-те лач[60]ʔ

Ойланехь мел йинчу чІагІонца гамвелла,
Кхетаман буйнара ваьлла,
Ас хІунда лоьху-те дахаран мангало
Цкъа мацах даьккхина кесʔ
Сан шерийн дарцаша-м тоххарехь йижийна,
Йерриг а сирйина йаьлла
Гилано-къоналло дозалла шех дина
Іаьржа варкъ диллина кхес….

ХІетте а, хІетте а сан дагалецамийн
Легашкахь хьан сибат лаьтта,
Сан гІенийн хьошаллех хьо Іаба ца туьгуш,
Синтемза Іийжа сан дог…
Цкъа дагалацахьа вайшиннан безамо
Сендина бІаьстенан латта,
Хийисте вай ший а дІадоьхуш,
Бацалахь тачано йиттина ног[61]…

…Зарзарийн аьзнаша бІаьстенан кІуьралахь
Хьан озан пиллигаш хьедеш,
Эвхьечу мукъамо аьхна кадиттира
Самалхадаьллачу сих.

Беттан нур даьржича, хьан чIагарш лепаеш,
ТIеттIа сан дог доккхадедеш,
Лалийна кIайн деши иэделла хетара
Апари хьоьстучу хих…

И оьзда мукъамаш цкъа карлабовлийта
Тахана со хьаьгна вацахь,
ГIолда-кха тIаккха сох лаамо цистинчу
Бехкаман буржулийн къа.
ГIан туьду ойланаш нагахь сан бакъ йелахь,
Со-м цкъа а вицвина вац ахь.
Цундела оху ас, бIаьсте а йалале,
Сайн дегайовхонан кха…

Цундела лоьху ас сайн деган сайри чохь,
Кароре чIогIа сатесна,
Ас хьоьца йаьккхинчу йоццачу цу хено
Iаь тухуш, цIандина хIу.
Буьртиг карийча а, кха эрна ца дайта,
Даггара цу тIе и тесна,
Къоналлех хаьддехь а, и деба ца деба
Хьежа а-м со кийча ву…

* * *

Цхьа ларамза ас хьан синна дина халахетар
ТІедазделла, балехь бу сан байтийн хІора могІа.
Ма зовдаха тІера дара хьан собаран хедар
Сан сихаллин моханечу дешнийн чІиркъе догІа.

И дІахудуш, саьхьарбаьлла сан шеконан орам
Гирий хьуна, цІубдар санна, вайн безамах бекхаш?..
ХІетахь чІогІа хало ларна, дагна хилла хорам
ДІа ца болуш, дукъделла ду сан синтеман легаш.

Ирс хиллий-ца йокъанехь а таро йолуш хьекъа,
Йочанера гІо ца лоьхуш, дегнийн кораш дила.
Лууш ву-кха со сайн бІаьргийн стигал Іахар къекъа,
ДогІа тиэран билгалонна хьан стелаІад хила.

Аьхкенан этюд

Варшана луларчу шовданехь лаьтташ ду вайша.
Вовшеха къихкина, кIадделла вайн IиндагIаш...
Шоршалийн аьзнаша тIанк-аьлла, дуьзна Iа варш а,
Аьхкенан баьццарчу хоршано дегадо гIаш.

Варшан баьццараллин айхьа мел лераме сий дарх,
Кхоьру хьо-м хьаьрса хьуо гуш цунна хиларна вас.
Гуьйре хьайн месашца ахь цунна дагатасийтарх,
Кийрарчу бIаьстенах и Iабо тIелоцу ас.

Хьайчуьнца лечкъардигех ловзу сан дегайовхо,
Вайшинна йуххе дIалечкъина цаьршиннах цхьаъ…
ХIаваэхь тулгIеха йетталун хьан месийн йовхо –
ДоьIучу сино сан ойлане баькkхина кхаъ.

Даггара даржаде хьайн елар вайшинна гонах,
Овкъаран басахьчу зарзарша и айдийр ду.
Безаман меттамотт бохо чухьаьддачу вонах
ГIушлакхехь марханах тера цхьа чим буьсур бу.

Суна го Iаламан хьоь болчу безаман хьаьркаш,
Лечкъадо масалш а, сайх хуьлуш ца ваьлла къу:
БIаьлланган бIараша диллина боьмаша бIаьргаш
Хьайчеран сийначу айманийн йийсарехь ду.

Апарин зоьпаро къийлина шовданан илли
Сирлачу жагIанна хьан цIарах палтосуш Iа.
Аьхкенан сирлачу канашка кху варшо дилли
Долахь шен мел долу массо а баьццара гIа.

Хьан когаш кІел туьйсуш керлачу гІовталан тІемаш,
Цаьпцалгийн зевнашлахь хьан лараш лехьош йу буц.
Кху бІаьста денделла синтар ду хьо йеза Іемаш –
Орамийн гІенашна оьхьу цо хьан оьзда куц…

«Дуьне а ханна ду, дахар а цхьа мур бу хенан», –
Хьекъало кхайкхадо, ткъа даго шен маьІна до…
Йезачо маре йан Іаламехь дош делларг шена
Ирсо шен дуьненахь воккхачех цхьа паччахь во…

Ши безам

Дозаллин акхтарган буьххье а баькккхина
синхаам сайн дуьххьарлера,
Массарна и гайта гІерташ,
ас хьийгира йал йоцу къа.
Кхолламан мох баьлча, акхтарган бохь бойна,
чубужуш и цунна тІера
ДІабуьзна ирсан малх ах бен схьакхетаза
хІинца а хета-кха, ткъа…

Къайлахчу ойланан кулла кІел лечкъабо
тахана-м ас безам керла.
Дахаран эсаро синан гІад чахчийча,
цо во со гуттар а вох…
Мел буьрса хьекхарх а, де-буьйса ца лоьруш,
гойтуш шен инзаре дералла,
Хийлазза цу куллах ког дІа а тасалуш,
горбаха кхолламан мох…

* * *

Лайн чимийн мотт буьйцу жоп доцчу безамо,
ГIайгIанах-доттагIчух и дIа-м ца къастало.
Ткъа дешнаш – лайн чимаш – сан дагна беза мохь:
Цо и ги буьллушехь, шира чов йастало…

Ойлано сацам бо: «ДIашарбан беза муо,
Цу чевнах бисинарг, и дIа ма-йирззинехь…»
Амма, мел малх ловзарх сан кхиэлан ирзенехь,
Шен къамел лагI ца до жоп доцчу безамо…

БиъмогІанаш

* * *

Шайн кортош аьрташха лазорах шек а дац догІанàш,
Зевнаца-мукъамца детталурш тІулгашна тІе:
Лазамца кхиънарш бен ца деха дуьнен чохь могІанаш.
Лазаман борз-морзах малбелча – илланча ле...

* * *

Массо а хІуманан иллино шен маьІна до-кха,
Коьрта дерг цІан а деш кІадбоцчу гІуллакхийн ченех:
Мохк бегор лору цо вайн Лаьтто садаккхар доккха,
Адамех къахеташ йа хьоьгуш кхечу дуьненех...

* * *

Адамаш, тІаьхь-тІаьхьа аш Іиттарш йича-ъ со мега,
Сан деган цІенкъахь шен боршам[62] бан гІертахь а вас.
Сих кІожам хилахь а, дош ду сан – боврбоцу кІега,
Шун иэсо кІур тасахь, цунна тІе «хІуп» эр ду ас...

* * *

Харц а, бакъ а даржах тийсалуш,
Хуьл-хуьлу-уш, хьо-м хьаькам хилла вели.
ХІинца ву-кха хьо массарна гуш:
Хона тІера сурх бесни тІе йели...

* * *

Ма-хуьллу дІатаса сакъуьйлу ховхалла бенан,
Со теша, тІемачийн муьлххачу чантална лаьа.
Кохкарша дитина моьнаш гуш хьажарехь ненан,
Вайн дуьне готта дуй дуьххьара аган чохь хаьа...

* * *

Ирсан чам бар шен-шен амалехь ду хIора стеган:
Дахарера аьтто бу-кха – сан кхолламан туьха.
Барамал и сов ма-иккхи, буху мотт сан деган,
Амма и ца хилча, дуьне тазло суна йуха...

* * *

ХIан-хIа, сан месашлахь къоьжалла ма леха хIинца а,
ТIаьхь-тIаьхьа дазделла дагIахь а сан шерийн болар:
Мелхо а, теш хIутту сан шовкъан гIоранна кхин цкъа а
Веччалгах тарвелла, заманан чкъурах со вуолар...

* * *

Малхана тIехула хьовзалахь, сан ойла-полла,
Хьан тIемийн шабаршка стигал йу лууш ладегIа.
IаьршашкаIкхийдарна, кхиъна хьо ца девзаш лолла,
Хьуо йина сан корта хиларх а йийсарехь... дегIан...

* * *

Къуьйсуш ву со – дахаро а, Iожалло а – шимма...
ЦIий датош йерг[63] тоьлча, дохош сан дахаран догIа,
Адамаш, аш беран цIаза пIелган мIаррал жима
Суна меттиг йуьтур йуй шайн иэсехь – хIоллам богIа?..

* * *

Цецдуьйлуш, бIаьстене далале, ша наб йарх хIоккхул,
ГIа-патар дIаэца тIекхойкхуш массо а куьйса га,
Лаьтто шен кийра-хьун ца кхоош, доккха садоккху,
IаьнарцадIацIандеш стигалан хьоькх лаьцна куьзга...

* * *

Батте дIадохуьйтуш мархаша дуьйцина зIараш,
ЧIарх-аьлла, цIена дIацIандина шен сийна боз[64],

Стигало чууьйзу седарчийн наштаран мІараш,
Іуьйренна дола ца хетийта шен цІоькъа бос...

* * *

Механа базбина гезгаша шайн машин чилла.
Бошмаш йу – декъашхой гуьйренан токхечу шуьнан.
УьйтІарчу диттах а цІеххьана хьолада хилла:
БІаьста мел даьккхина гІа хІинца дашо ду цуьнан...

* * *

Хьан дегІан куьцах ас хьоькху-кха сайн бІаьрсин аьлха,
Гонаха даржадеш суйнаш – хьан эсала дешнаш.
Цу сохьта царах шайн байташ йин зІаьнарша маьлхан –
Вайн ирсан матте а гочйина, ас хІинцца йешнарш...

* * *

Хеназа вайн къастар тоххарехь
гІеметтахІоьттина даьлла,
Амма мел кІеззиг хан хиллехь а
леринарг вай цхьаьна хила,
Хьаьжча а, уггар а генарчу седанна буьххье а ваьлла,
Стигалан басах схьакъасталур дар-кха соь
хьан бІаьргийн лила...

* * *

Ахь хьийзо йаьккхина сан кхиэлан урчакх,
Син уьйриг жимбеллашехь, дІа а-м ца тийна.
Сан бІаьрса дагош, ахь хьайн беснийн очакх[65]
Со вохван, йа, чим беш, со ваго латийна?..

* * *

Ахьа-м, ас хьайн айпе латкъам бийр бу моьттуш къобал,
Буохий сан син гаьнна тІера бина баьлла бен.

Вовшахтоьхна ладам боцчу хьайн шеконийн тоба,
Цхьаллин хIусам кечйи суна, хьохуш биа пен...

* * *

Буьйса а кIадйелла, саццаза сан дагна йаьцна,
Амма и сема йу, йоллушехь шен йуьжу хан.
Цо йоьдий, корах чукхеттачу баттах бехк лаьцна,
Шен IиндагI текхуллу хьох йечу ойланна сан...

* * *

Дийнахь-бусий каде хьийзаш деган чорхан чIу бу сан.
Синхаамна бедарш тегар йу – сан Iалашонан кхиэл.
ДIо дахкаран цецах бацо тхи луьттучу кху буса
Ас цхьа кана лараш йаржор йу хьан кора кIел...

* * *

Сатийсам берстина, дог лелла урамаш дууш,
Ког маса хилла и, тахана-м тIера бу Iилла...
Сан безам дIабахна, къоналлех къаста ца лууш –
Цаьршиннан уьйр йохо со гIертар ма эрна хилла...

МогІанаш

* * *

Бутт бу дІо мархашлахь цІинбалар тІедоьжна лийриг –
Жимлуш йу ткъолгІачу бІешеран тІаьххьара чийрик[66]

* * *

Кху дуьненан цхьана пешахь буьсур бу сан бІаьран суй –
Суна-м хаьа, сайн кІантана йовхо йаллал и хир буй...

* * *

ГІенаша, хьо йаккха дагахь ирсан йийсарера,
Вовшахтоьхна хилла тІеман гІирс а... сийсарлера...


* * *

Со кхоьру, цІеххьана хьо гІенах гича,
Хьан амат эккхарна кхетамна сица...

* * *

Безаман пачхьалкхан байракх а хилла,
Хьан деган момсар тІехь листи со хийла...

ДІА МА ГІОЛАХЬ, ИЛЛИ



Сан кхиэл

Сан кхиэл йу – хилдехьа къежйелла аре,
Шена тІехь баьІІаша зезагаш къийзош.
Сан кхиэл йу – баланийн хІорда чохь гІайре,
Де-дийне хено шен хи буха ийзош.
И йу-кха – тІемаша цистина тача,
Шена тІехь ІаІош сан гІайгІанан ача.

Сан кхиэл йу – дохийна кор-неІ а, тхов а
Дайн лаьттахь сан долахь хиллачу цІийнан.
Сан кхиэл йу – лазам а, тийжам а, ов а
Гуттар а сан деган дилханах ийна.
И йу-кха – бохамо ведйина ойла,
Халоне даькккхинарг сан иэсан Іойла.

Сан кхиэл йу – хеттарийн, хиламийн уьйриг,
Синхаам ца хІуттург и листа гІорта.
Сан кхиэл йу – дагарна кІел Іуьллу гуьйриг
Чалтачо боккхучохь адаман корта.
И йу-кха гІерташ йерг со хІотто гора,
Дала и дан шена ца делларг гІора…

* * *

Бакъ дош аьлча, со сайн матте дов хьедеш ца лелла,
Лолла толош, ас маршонна набахти ца йина,
Доггах дайн весетийн сийдар Дала суна делла,
Шалхо лелош, дахарехь ас там ца лехна синна.
Ас, байташна дорцан мукъам Iамош, иллеш даьхна,
Оьзда йахь ас кхаьбна, цунна серло йаош ткъесан,
Хийла хьакъ мел доцу нах ас деган баьрче баьхна,
Шен хеннахь уьш буй ца хууш йа йамарт, йа Iеса.
Iаш бу миска пекъарш, суна къайллах къинош доьхуш,
Суна шаьш хьажийна секхаш, хьаьвззий шайна кхеташ,
Сан хьаналчу комаьршаллехь шайна пайда лоьхуш,
Сан йистйоцу синшорталла Iовдалалла хеташ.
Ткъа со-м, ас цхьа гIалат дича, цоьсту сан эхь-бехко,
Дагахьбаллам чевне берзош, ас ца дахь цхьа дика.
Иэсан аганахь сан дезарх тIехтилла хан техко,
Кийча ву со-м кханене сайн массо гIуллакх дига…

ДІа ма гІолахь, илли

Хан гІерта йохо сан дахаран къепе,
Лаарца гІелдан сан ойланийн гІора.
Хьан мукъам берзош сайн ойланийн кепе,
Сайн хІора къайле ас хьоьх тешайора.

Аса-м хьо дуцура шеддех синпхенийн,
Шелделла хьо гича, доxдора цІийца.
Хьо лоьхуш техкарехь боьлакийн генийн,
Хьан элпаш кхолура сайн халкъан сийца.

Хьо хьуьйш сайн тембоцчу кхолламан кедахь,
Хийлазза ас новкъайаькхира Іуьйре.
Хьо суна девзира къоналлин кетІахь –
Хьан мукъам беанчохь сан сица уьйре.

Хьо кхетош безамах, тийналлех кешнийн,
Хьуна ас гайтира бохамаш, хелхарш.
Ткъа хІинца-м огуш Іа дилха хьан дешнийн
Сан дагалецамийн карзахе лелхарш.

Суна тІе ца буьтуш лазаммий, балий,
Тхьовсахьа, хьайн корта сан даг тІе биллий.
Хьо къона хиларх, со къанвелла, алий,
Сан цхьаллех къахкий, дІа ма гІолахь, илли…

* * *

Поэзи хIун йу-те бохуш, со леллера,
Эххар а кхийтира, цунна жоп лоьхуш:
Бакъволчу поэтан похIма ду Делера,
Цо йазйен байташ йу малико хьоьхуш.

Амма, шен Iаь тухий, шелйо-кха шеконо
Поэтан цхьайолу ойла а, байт а:
КIайн кехат къарздой-те хьарамчу шекъано,
Йозанийн долахо дуй-техьа шайтIа?

Мел атта хIума ду шайтIанан моханаш
ДIалохкуш, къоламна некъ маьршабаккха,
Волалуш кехатах тешо шен могIанаш,
Поэто диц ца дахь бисмилла даккха…

Нохчийн матте

Бос баьхьна сан йоза хьайн сица къагадой,
Шеконийн тобанаш ахь сох дІакъехкайо.
Хьайн маьІнийн кочарх сан байташна ага дой,
Сан гІийла ойла ахь, бер санна, техкайо.

Ас дагахь кхобург а, ас хезаш эриг а
Хьан хІонсан дешина беркъа ца хетийта,
Хьан зевнах хоьтти ас сайн илли дерриг а,
Хьан озан оьзда нур сайн даг тІе кхетийта.

Иэсан куз буцалахь, къоман син доладеш,
Назманийн туьйдаргаш доьналлех тешадеш,
Дайшкара весеташ баланел толадеш,
Сонтачу зуьретан кІайн хабарш эшадеш.

Лоьхучохь доІанна жоп хазар Делера,
Маршонна дуй биъна дош хьалха даккхалахь,
Зил карлабоккхуш хьайн уьншерийн кхиэлера,
Суна хьайн мукъамах кІайн хьаса баккхалахь.

Узамца кур отуш, сан лаьмнех биттина,
Сан ареш йуьтуьйтуш Іазапан Іехане,
Къизаллин цІоканах беламе кит дина,
Де-дийне кхийда хьо сийлаллин тІегІане…

Сан илли

(сонет)

Сан илли хьо – цIий ду сан дагах леша,
Гушйоцу цIе йу хьо – сан иэсехь йаьлла.
Лоллица тIом бу хьо, хьакъ доцуш эша,
Йиш йу хьо – нохчашка кхайкхам беш, хаьлла.

Болатан тур ду хьо – гIазотан хаьнтIехь,
Беттасин нур ду хьо – со къагош буса,
Хьо – кхерчан беркате йовхо йу Iаьн тIехь,
Хьо – малх бу сан кхиэлан, ца лууш буза.

Хьо ду-кха – маршонна диллина ков сан,
Хьо ду-кха – догучу сан синан дарба.
Левси йу – къийсамна оьшучохь кховса,
Дуй бу – ас биъна берг цкъа а ца къарбан.

Хьан хиндерг туьдуш, со-м ца оьшу валла,
Коьртаниг – хьо муьтIахь хилар ду Далла…

* * *

Малх бузуш кешнашкахь лела со цхьалха.
ВогІий, дІахІутту хьан борзана хьалха.

Цу бухахь хьо хилар лов-кха ас хала,
Массо а велахь а кхоьллина вала.

Суьйренан бодашкахь доІанаш чІечкъа,
Луьстачу йарашлахь ІиндагІаш лечкъа.

БІаьрхишка йох ца ло, хаддаза Іенаш,
Хьан васто сан дагца тийсина зІенаш.

Чарташна улле сан иэс догІу, ларлуш,
Дегадеш, шеллучу хьозанах тарлуш.

Ойлано кІур туьйсу геригах терра
Бомбано йаьккхинчу вайн цІенна тІера…

* * *

Варшан синтем меттахбаькkхи дарцо,
КIайчу махо Iаьршахь долий илли.
Шен аьрхалла керст ма-йиннехь арцо,
Махо арц а дорцан кхиэле билли.
Сан лере а таьIна, цо соь къадий
Малик хиларх лаьцна – соьца догIуш.
Ткъа ас махо аьлларг тергал ца дин,
Сайн шеконаш къарйан дог ца догIуш.
Кху месалчу арахь – тийжаш йолчу –
Уллехь накъост вац-кха, бохуш, сайна,
Со-м ву халла вогIуш, хIуьттуш холчу,
Ойла йоьхна, тилла воьдуш санна.
Сайн цIе йохуш санна-м хета цхьамма,
КIад ма-велли, некъо гIора дуий.
Аз а девзаш санна хета, амма
Хууш вац со билггал хьенан ду и…

* * *

Дохк муьйлу хІавао, тІунлуш ду латта.
ТІехтили аьхке, со цецваллал, атта,
Шеца хьош хийла сан доцуш цатерг:
Кхочушдеш тІедиллар кхолламан кхожан,
ДІадоьду, мох баьлча, гІаш санна, можа,
Мел лаарх, йухнехьа ца доьрзу дерг.

Ца оьшу, «байттамал» бохуш, со валла-м:
Замано, йемалбеш сан дагахьбаллам,
Сан дахар жим-жимма лечкъадеш го,
Аьттехьа ца дуьтуш и къепе далор.
Амма ловш велахь а мІаьргонийн талор,
Сайца сайн дош диса лууш ву со.

Со сихбан лууш ву сайн байтийн болам,
Луш цунна айса мел баькхина толам,
Гечдаре дІакховдош сайн массо къа,
Иллина йацош сайн ойла а, шовкъ а,
Эхарта боьдучу шийлачу новкъа
Іожаллин махо суо кхоссале цкъа…

* * *

УьйтIарчу дитта кIел IиндагIаш сетта,
Сан корийн бIаьргаш тIе махо Iаь йетта.
ЧIагIлуш йу хьозарчийн Iуьйренан гIара –
Сан кхиэлан рогIера гуьйре йу хIара.
КIордийча сайн цхьаллин садукъден кIара,
Иэсана дарба дан волу со ара.
Сан лерехь деттало мIаьргонийн тата,
Лууш сан даг чуьра гIайгIа дIататта.
Мархаша тIунйича стигалан экъа,
БогIий, цхьа кIайн некъ сан когаш кIел эккха.
И некъ сов беха бу, боьдуш бу генна –
Анайист меттара гIоттуче денна,
Йуьйцуче седано шен ойла батте,
Хин шабарш доьрзуче безаман матте,
Бода тIех Iаржбала Iеминчу хьаьтта,
Наг-наггахь малх охьабуссуче лаьтта.
Цу новкъа бус-буса доьду сан са а:
Азалла[67] хаза а, абаде[68] ган а…

* * *

Ира мох бу лоргуш диттийн кортош,
Ша-шена шен шийла шок ца кІордош.
Бешо сийдо оьгуш долчу гІанийн,
Йеса кеп ца лелош моттаргІанийн.
Сийна бос дІабайна Іаьршан дарин
БІаьрла куьцаш эгна бецийн, йарийн.
Шовдано шен хІора дато цинц а
Бекабо цхьа сингаттаме хІинца.
Эрзан шабар-шибарш Іоман бердо
Хин гІовгІанан гІоьнца халла къердо.
КІуьрах тера дохк ду Іинахь Іуьллуш,
Шена дуьне дезарх дог ца дуьллуш.
ХІора денна дацлуш хиларх дахар,
Суна къахь ца ло-кх и «деза» бахар…

* * *

Гуьйренан боьлакна тІехула хьийзачу
Мархаша стигалан йист хьулйо дІа.
ЦІийнан тхов дІалаьцна орцане тийжачу
Іаьржачу къийгаша гатдо сан са.

КІошта тІе гІертачу йочано дийцарехь,
Эгна гІаш леш ду-кха, доцуш дан гІо.
Ткъа Іомо, Іуьллучу зуьгалгийн йийсарехь,
Эрзаца цхьа гІийла къамелаш до.

Де хьерча боданах – чен бенал муьстачу,
Лечкъинчу малхе и сатуьйсуш ду.
Сацкъаран тачано – некъашна йуьстахчу –
Цхьаллица иэс кего со вуьгуш ву…

Селханлера де

Ойланехь луьтту ас селхане сайн,
Абаде дIайахнарг, кхин ца йан йуха.
Тхьаьвса и сан иэсехь, садоьIуш дайн,
ТIетосий сан дагахьбалламийн йургIа.

Селхана сов сиха тIехтилла де
Ша Iачохь ца Iеба мерзачу набарх:
И сама ца долу, со човхарх тIе,
Шен лерехь иллино горгали хьабарх.

ХIоттадой сан гIенийн майданахь той,
Дендо цо бераллехь со кхайкхар нене.
Сан дагалецамах шен верас вой,
Гергарло хьедо цо сан таханене…

* * *

Дахаран зовкхашна ца оьшу некъаш,
Суна шаьш петухуш – уьдуш йа текхаш.
МІаьргонийн жатташна хьашт дац-кха тІемаш,
Со вуьтуш, иэсера Іарш йовза Іемаш.
Махо шен дур дебо ца лоьху догІа,
Ша кІоштан садууш, хьекхарх а цІогІа.
Гуттар а ца лаьтта цхьа хенан хІоттам –
И лаьтта адамна моттало мотта-м.
Гуттар а сийналлехь ца луьйчу стигал,
Малхо, и куьг лаьцна, шеца дІайиггал.
ТІех чІогІа хийцаме хилла-кха хила-м
Ойланна гергара мел хетта хилам.
Заманан похІма ду – хьалхахьа идар,
Селханей, таханей кханенца тидар.
Сих, дагах дІахаьддарг ца доьрзу йуха:
Дуьнен чохь оцуьнан чекхйаьлла йу хан…

Кхо цIа

Сан долахь кхо цIа ду. Царна чохь ваха
Дала со хьакъвина, суна и хаахь.
Царалахь доккханиг – ДIадаьлларг – наха
Сан байтийн йозанехь лохур ду, лаахь.

ХIинцца дерг – со чохь Iен шозлагIа цIа сан –
Шена чохь сан ирсе иллеш дIатийча,
Тиш а луш, даларца тIаьхь-тIаьхьа баса,
Муьлххачу минотехь харца ду кийча.

КхозлагIниг – сан Хиндерг – дахкарлахь хенан
Лаьтташ ду, со шена чуваре хьоьжуш.
Дахаран новкъахь суо мел волу гена,
Ца хаьа, хир дуй-те и сайна оьшуш…

* * *

Хета суна цхьа шатайпа тассам[69]
Гурахь варшахь гIадожаран низам.
Иэсан хьу йу – карлабаьлла лазам,
Йоьрзуш йоцчу чевнан цIий ду иза-м.

Мох бу Iемаш Iоман йисте хийша,
Ца хууш ша цхьалла йоькъур хьаьнца.
Ткъа сан даг чохь шийла гIайгIа тийжа,
Бертайоьдуш тIегIоьртинчу Iаьнца.

Сайн ойлано доьIуш долчу сица
Дохдан гIерта со сайн цхьалха илли.
Милла йегош йолчу кIошто хIинца
Хенан хIоттам Делан кхиэле билли…

* * *

Сан деган хазна йу Далла йен Іамал.
Хазйо цо, нур детташ, сан нохчийн амал.
Суо цхьалха висича, лаамаш хаьдда,
Ас хоржу доІанийн нур догу хьаьтта.
Ас лоьху лерсица маликийн аьзнаш,
Хийлазза суьпачу сайн гІенех даьзнарш.
Ас ойла дІахоьцу Іаьршашкахь лела –
Седарчий ловзучохь, цІе йохуш Делан.
Сатуьйсуш – мох санна дешига гІанийн –
Хуьлийла даима соь йалсамани…

* * *

Велча цхьаъ, и лаьттан кийрахь лууш къайлаваккха,
Веллачунна оцу сохьта гІерта хан каш даккха.
Ма цуьрриг а кІорда ца до цунна ахка латта,
Вуно хазахета адам доьжча – кхин ца гІатта.
Амма хено лелочуьнца бала бац-кха синан:
И сих-сиха тІома дуьйлу, Іарш а цоьстуш сийна.
Бен а дац-кха синна, муха хир ду дакъа дегІан,
И-м, дегІ делча, чохь Іан хІусам йаьгча санна, деха...
И ца хьоьжу марчоне йа ножан упханашка:
Цо сатуьйсу йалсаманехь долчу ниІматашка...

* * *

Денош а къасталуш хилла шайн беснашца:
Цхьаъ хуьлу са хьоьстуш цIегIачу беснешца,
Ткъа важа схьахIутту месашца къоьжачу,
Шийлачу бIаьргашца, гIайгIане хьоьжучу.
Цхьаъ догIу цIов бохьуш седарчийн сегарийн,
Вукхо мухь текхабо боккхачу кегарийн.
Со кура ца волу дог ловзадаьлча а,
Сайга сайн сирлачу дийно дош аьлча а.
Воха а ца вуху, де дарах кхоьлина:
Муьлхха а де лара со Дала кхоьллина...

* * *

Схьагуш дерг хетало, гIан ду-те аьлла:
Зулам ду Къинхетам йемалбеш Iаш,
Бендацар Диканна топ хьежо даьлла,
Харцоно Бакъонна Iуьтту-кх маIаш.

Сайаккхар луьрачу текхаргах сетта,
ЧIагаршца хорам бой, доь-кха цо Сий.
Сутарчу дегнаш чу Инкарло летта,
Муьйлу цо хьаналчу гIуллакхийн цIий.

Адамна Эхартахь ниIматан къелла
Хир йу, цо шен дегIах вахь синна цIу.
Хьан дашо Ислам-дин дIатеснарш, Дела,
Де-дийне шайтIанна Iамалйеш бу…

* * *

ДиъкІовчу кехатан агІонна тІера
Байташа Іаь тоьхча сан деган кхерча,
Сан иэсехь ІаьІначу шеконийн гІера
Хаддаза ас йечу ойланах хьерча.

Сан синан майданахь уьш майрра лела,
Хьиэ буу цара сан, синпхенаш огуш.
Цара шайн йийсарехь суо латто дела
ГІайгІанца веха со, хиндолчух вогуш.

Буьйсанан тийналлехь мІаьргонаш къарлуш,
Йа де шен серлонца догІуш сан керта,
Шеконаш, сан кхиэлан маликех тарлуш,
Сонтачу кураллех со ларван гІерта…

* * *

ЦІеххьана вагийча бохаман цІаро,
Ма леха гІайгІанах дІакъаста таро:
Йелла и, синна гІагІ цунах деш, Дала
Адамна лан атта хилийта бала.
Цхьадика, мацца а кхетар бу кхета-м
Хиламаш бІостане хуьлий а кхетам.
Деха вай, йа бода, йа серло хестош,
ХІорамма цаьрца шен деган бос къестош,
ДІадаьлларг ду моьттуш карарчу хенахь,
ХІинцца дерг хеталуш Іаламат генахь...

* * *

Кийрарчу безамах лешачу беркато
Къастаран духар цхьа инзаре беркъа до,
ГIиттош сан ойланаш – гIайгIане эгнарш.
Цхьамма а ма ала вон дош сан иллина:
Со цуьнан мукъамна вецаш ву виллина,
Диканна муьтIахь деш мел чорда дегнаш.
Шераша дебарца туп тохар дахарехь
Цхьаццама къаналлин хIилла ду бахарехь
МаьIна ца го суна кхетамехь хьекъаш,
Суо хезаш хиларна, къоналлех тешарца,
Хьозано дуьйцуш шен зевнечу эшарца
Ша Делан цIарах дар Iаьршашкахь некъаш...

* * *

Эрзо берриг дIахьулбинчу Iомахь
Хино, меттах ца хьовш, бала хьоьгу.
Аре гIерта зезагаш ган тIомахь,
Механ иллех токан серий хьоьгу.

Стиглахь лела мархийн зIенаш сирла,
Лаьттахь лепа тхин тIадамаш бецан –
Делан йаккхий къайленаш а хилла,
Шайн ма-хуьллу гIерта сан догъэца.

ВогIуш ву со карзахечу новкъа,
ГIайгIа луьйсуш, цхьацца ког а боккхуш.
Ас Iаламат йеха ойла йо-кха,
Вуно йоца мIаьрго цец а йоккхуш…

* * *

Наг-наггахь ца кхеттал со жоьпех кхолламан,
МаьІназа хилла-те ас дина хеттарш?
Диси-кха уьйрашлахь кехатан, къоламан
Суна сайн дахарехь моьттинарш, хеттарш.

Дуй бууш ца ваца харцонна, соьмана,
Нийсоне некъ билла ца хилла атта-м.
Сан шераш тІехьерчош гуш йоццчу семанна,
БІагорах ца кхоьруш, хьийзаш ду Латта-м...

Де хилча маьлхаза, йа буьйса – беттаза,
Серло ло суна сан кийрарчу цІаро.
Кхачийча зуламна, лоллина детта са,
ГІерта со къийсамехь шапаІат каро.

Дела ву гІуллакх а, ойла а, байт а сан
Даймехкан иэсана ницкъ болуш маго.
Дерриг а сан иллеш дуьненна гайтаза
Ша соцур дац, боху соьга-м сан даго...

Ойлане

Къаьхьа ойла, соьга ахь хIун боху,
Денойн болар хIиттош суна теш?
Ахь сан ховха кхетам хIунда оху,
ДIадаьллачух эзар бIал а беш?

Хьо тIеэца вац со хIинца кийча,
Суна хьоьца йоккха шеко го.
Синтем чIечкъа булу, шена гича
Ирча лазам бохьуш йогIу хьо.

Ма хьиэде сан хьаьдда доьду дахар,
Къежделлачу иэсан букъ а бош:
Хьан чулацам хета суна Iахар,
Цундела сан дац хьоь ала дош.

Ахь сан буто цхьалла гIийла лоьру,
Хила гIерташ накъост гIайгIанан.
Даррехь со-м хьан кадаларна кхоьру
Сирла Iалашо сан заьIап йан.

Ахь сан кийра деха тача дилли,
Майрра дола баькхи ахь сан хьиэ.
Хьо Iаь йу-те сан кхолламан иллин,
Йа Iожаллин бIаьрзе суй бу-те?..

* * *

Моьттуш айса говза илли аьлла,
Со хиллий-ца гІеххьа гІалатваьлла:
Сихха тедан лууш дог сан гІийла,
Декнарг кІайчу дорцан илли хилла.

Айса говза илли аьлла моьттуш,
Сатийсаме доггах хьал-де хоьттуш,
Лелаш волчу суна хилла хІилла:
Илли аьлларг Іаьнан хьоза хилла.

Къастар вайца даьлчахьана девне,
Суний, хьуний хезна иллеш зевне
Хилла дерриш Іаламо дІааьлла,
Шена со ма-гиннехь похІма хаьлла…

* * *

Хьо йолчохь вац-кха хІинца со:
Со жамІаш даран муьре ваьлла.
Со волчохь стигал къоьжа го,
Хьо йолчохь керла бІаьсте йаьлла.

Ца догІу коьрте цхьа а гІан
Хьан амат гайта шовкъан цІарна.
Хьо генахь йу, сан къона хан,
Бухбоцчу Іинна стигал санна.

Хьо лоьхуш, терса иэсан дин,
ТІе бергаш йетташ, дог сан охьуш..
Хьо йогІур йац сан кетІа кхин
Сан дола даккха дуьне дохьуш…

* * *

Арахь са ма-тесси, сан де, хьо къага,
Ластаде лаьттахь хьайн серлонан ага.

ЦIестачу маьлхан хIоз хьайн ги а биллий,
Токхдехьа цхьалло сан йакхдина илли.

Сан уьйтIахь бохь буьйгIуш, хьо хелха дийла,
Нуьраца йохйехьа сан хIусам шийла.

Баккхий сан гIайгIанан Iаьржа бос къайла,
Йоттахьа сан даг чу хьайн маьрша кIайлла.

Хьайн чаккхе тIейеъча, маьркIаже хилла,
Суьйренан мархашла цIен алу йилла…

* * *

Ма йоккха шовкъ йу-кха ламанан шовданца:
Уьду и парталчу тIулгашна дов дарца,
Илли а олу цо зевнечу озаца,
Къийсалуш ша санна декачу хьозица,
Лууш и ширачу бIаьвнашна дIахаза,
ГIиттош сан дайн ардаш – кесталгIа ахаза...
Ша иза хиларна шен кIайчу хих дина,
И илли шовдано дIаолу сихдина,
Мох лоьцуш лам чуьра, цецйохуш акъаре,
Сатуьйсуш ас иза сайн матте даккхаре...

* * *

Іаьнан малхо, боьдуш сихха цІехьа,
Эха Іаршах латий цІегІа цІе.
Лайн хьозарчийн жуьто Іинал дехьа
Йоьлхуш, новкъадоккху шийла де.

Генаш цІийзош, дитташ лаьтта лайлахь.
Йуьрта кхочу бода букълун хан.
Амма йац-кха сан дог-ойла байлахь:
Къагайо и-м сатийсамо сан.

Дош ирдо ас, йезар хастош ала,
Даг чохь кхобуш цуьнан вастан лар.
Къинойн дарже ма доккхийла Дала
Ас дуьнен чохь иллеш декадар...

* * *

ГIоргIа ло ду арахь Iуьллуш,
сан когаш кIел цIийзаш,
Бешахь Iежо синош доху,
шен шабарш до хьечо.
КIайчу теца дуьне тоьгуш,
шийла Iа ду-кх хьийзаш:
Со цецвоккху гуттар
оцу хIумнаштегархочо.
Доггах уьду Iаьржа мархаш,
гIорош Iаьршан лила.
Суна совгIат деш, кху Лаьттахь,
сан са хебча милла,
Йовхачарах мIаьрго йала
реза хир-те мила,
Йа ас йухалург и шена,
цхьа аьтто а хилла?..

* * *

Къежбелла бутт ловзу Іома чохь хица.
Чомечу хІавао зовкх дендо сица.

Дацаре дІадоьду массо а къа сан,
БІаьстенан хьечаша даккхале заза.

Мукъамца токх а йеш сан ойла йекха,
Зарзаро нигат до сахаддалц йека.

Ца хІуттуш соьга хьан испайлла хьахо,
Цхьалхачу зурманца дог хьоьсту махо.

Со Іаьнах чекхвалар даздарца, хІинца
Безаман къайле йу лелаш сан цІийца…

* * *

Буьйса, йукъал тІех а йаьлла, малхбалехьа керча,
Шена тІера дерриш тхиш дІамелла баьлла бай.
Сира ІиндагІаш сан когех цицигашха хьерча,
Лаьтта оьгу суй-седанаш – азаллера вай.

Дитташ хета, барт а бина, хьалхе къовсуш довда
Кечлуш санна, шайн генашкахь сихдеш мутта-цІий.
Зевне горгали а бекош, бердах леша шовда,
Іаьршан дежийлашкахь дежа мархийн уьстагІий.

Ломан лулахь Іуьллуш йолчу эвлахь жІаьлеш лета.
Мела мох а хьекха хІутту, гІерташ чета сан.
ХІара буьйса – Делан совгІат – суна дашо хета,
Цунах ийна сайна гахь а дато беттаса...

* * *

Кхиэл йу говза муьлххачу а хенахь бала кхолла,
Хаьа цунна йохо таро парггIат вижа-гIатта:
Дерриг дегIан собар оьшу лан сиркхонийн лолла,
Даг тIехь хийла меттигаш йу лазош вуно атта.

Амма гуттар со вуй хууш шех бIобола кийча,
Зезагийн курс йохьуш йогIу суна сирла ойла.
Сан шераш цо деш хиларна шен хIорда чохь лийча,
Лаьа суна сатийсам а сайн син долахь гойла.

ГIигI деш, суна уллехь уьду вонийн дера пхьаьрчий,
Чехкка уьш дIалахка гIерта со – сайн гIора ма-дду,
Сан цхьаллица ловзий-ловзий, кхетамна тIехьаьрчий,
Сингаттамо аларх сайга: «Со – хьан дахар ма ду!»

* * *

Эвла йистехь жІаьлеш лета
бІарлагІанна Іуьйренан.
Уьш дІасовца герга ду-кха,
малхана хьан кор къажахь.
Аьрха ойла реза хилча
синхаамца уьйре йан,
Волало-кх хьан амат леха
со сайн иэсан тІорказахь.
Аса-м, воккхавевеш ирсах –
Дала сайна деллачу –
Сайга олу: «Са ма шелде
хьайн гІайгІанан дерзанехь,
Селханлера къахьо ма хьо
тІедогІучу денна чу,
Деган чевнан муо ма хьебе,
нагахь и дІайирзинехь...».

* * *

Кхиам бовза таро хилча сайн,
Со ца воьду жамIаш даран кара.
Денош ду сан, декхнаш санна, кIайн –
БIаьсте лоьхуш йолчу боьлакара.

Сирйаларх а гиччош тIера мас,
Дезаш адамашна къона гар суо,
Йицйой сихха селханлера вас,
Ас тIелоцу таханлера марзо.

Беха некъ беш, со-м ца велла кIад.
Халкъан сийнна со-м ца ваьлла ваьцна.
Ирсах бузу ас сайн иллин кад,
Кхане талла Iалашо а лаьцна…

* * *

ХIун ду-те хилларг хьо Iаш йолчу цигахь?
Кхачий-те йагориг хьан ирсан чиркхахь?
Сох йечу ойланах ца лууш база,
Хеди-те хьан дегайовхонан хьаса?
Хьан иэсехь хели-те сан байтийн аьзнаш,
Декъалйеш толамца шеконаш, ваьснаш?
Сан васте ца кхойкхуш хьан эвхье гIенаш,
Гулйелла сан даг тIехь гIайгIанан ченаш.
Сан лар ахь ца лоьху шовкъаца, сица –
Хьо дийна хилар йу сан марзо хIинца…

* * *

Мохк хуьйцу олхазарш кечлуш ду дІадаха,
Август а беди – кхин Іаламна ца дан ха.
Боьлакахь мох баьлча, хІаваэ кхийда гІаш,
Жим-жимма дахлуш ду кІоштара ІиндагІаш.
Іоман хи огуш йу цхьа сира зуьгалгаш,
КІур тийса хьаьгна йу кІотаран туьнкалгаш.
Мархех шайн катташ дан марзлуш ду догІанаш,
Къастаро шелдича сан байтийн могІанаш.
Сан цхьаллин гІуда ду – ас хьуна цагайтар
Сайн даго денна хьан вастана сагатдар…

* * *

Дерз дохьуш, схьакхечи йочана,
ТІадамаш тІедетташ ира.
Шен даг чохь цхьа гІайгІа йолчунна
ТІунделла хІаваъ го сира.
Мархийн хІоз Іаржбелла хетало,
Дохк гича кІошта тІе таьІна.
Хьан васто – син хІетал-метало –
Ца досту шен ховха маьІна.
ГІаш эгош хьун шена ма-гиннехь,
И йелхар билгалдо лаьтто.
Челакхчу кхолламо магийнехь,
Хьо ган цкъа хир бу сан аьтто.

* * *

Хенан хийцамашца лаьмнаш
догIуш дац-кха уьйре,
Амма йовхо къийло бохуш,
тхилахь йоьлху буц.
Аьхкенехь ца хилла басарш
дохьуш йогIу гуьйре,
Уьш тIехьоькхуш, цаьрца
хаздо цо сан кIоштан куц.
Мохо Iоман берда йисте
гIаш кхоьхьу шен четахь,
Ирча аз шен хаздан
гIерташ санна, йека къиг.
Дашо хьаннаш ирс ду
аьлла нагахь суна хетахь,
Кху дуьнен чохь хир дуй-техьа
цул кхин доккханиг?..

* * *

Оьгучу гІаша ден зов хезий декъа,
Къоьжачу дахкарлахь механ Іаь лекъа.
Ас хьоьга ойланехь, синхаам хьехош,
Къамел до, къастаран мІаьргонаш чехош.

Оьгучу гІаша ден зов хезий декъа,
Сан даг чохь хІоьттина тийналла ле-кха.
Дуьйцу ас хиллачух, хиндолчух лаьцна,
Къондаларх сайн са, хьан боларна даьцна.

Оьгучу гІаша ден зов хезий декъа,
Мархаша стигалахь боккху шайн мекха.
Теша со, гІайгІано дог-ойла къийларх,
Хьо цхьанхьа йуй хаар сайн бахам хиларх…

* * *

Октябран дийно шен къорзачу басаршца
Сан кІоштан шортонехь гуьйренан сурт дуьллу.
Кхоларийн боламо сан лаьмнийн басешца
Дахкаран куьйгашца бІарлагІийн йурт йуьллу.

Тийжачу аьзнашлахь декъазчу гІаргІулийн
Даймехкан Іадийна узамаш къастало.
ТІуьначу некъа тІехь гушйоцу лар хуьлий,
Карзахе сан ойла махана хьастало.

Іаржлучу стигало малх боьху шена тІе:
Сай, бодий цо вовшех иштта дІахутту-те?
Суьйренна некъ буьтуш, дІадоьдуш гена де
Дахаре сан безам чІагІбалар хІун ду-те?..

* * *

ВогIур ву со-м хьо цкъа ган,
Мукъам хилла, гIенан кхоьлах.
Иэдан хьожур ву сайн кхиэлах
Маьрша бIаьрхи хьан.

Лууш некъ сан чолхе бан,
Зиэраш, дебаш, меттахъхьайна.
Деле доьхуш гар со хьайна,
ДIаидийта хан.

Сан иллеш цхьа гIийла ду:
Ца йазди-кх ас тоьлла жайна.
Мел хиларх со бала лайна,
Гарехь дийна ву.

Лозуш долчу дагца ас
Дети доккху, гIайгIа лалош,
Хьуна, ойла къепе йалош,
Хезар хир сан аз.

Кхайкха сатийсаме хьо.
Зезаг санна ломахь лепа.
Васт хьан туху иллийн кепа
Дешнийн эскаро...

* * *

Веара сарахь со шун йуьрта, дагах цІе йаьлла.
Сайн безам дІабалхо, хийисте кхайкхира хьо.
«Ахь кхин со ма леха, хьо тІаьхьависина», – аьлла,
Сан са ахь лазийра, тІетоьхна хьайн деган тІо.

ГІелвелла, луларчу йуьрта со вахар-кха ваьлла,
(Ойланехь чов хилла, Іийжара ахь йина вас)
«Хьо варе сатуьйсуш, Іаш йара хьуна со», – аьлла,
Кхаъ хилла, дийкира керлачу сан ирсан аз.

Цо суна гІодира сингаттам сан йуьстахбаккха,
Марзонца хадайеш жоп доччу безаман уьйр.
Сан иэсехь, чурт хилла, дІа хІунда хІоьтти-те тІаккха
Цкъа мацах, со хервеш, ахь дина кІоршаме буьйр?..

1972 шо

* * *

Де даггалц хьуьнах а лелла,
ВогIу со меллаша цIехьа.
Сан гIайгIа дIайаьлча йелла,
Хьо йуха йогIур йуй-техьа?

Дуьне ша дохдина баьлча,
Малх лечкъа мархашна тIехьа.
Сан цхьалла къанйелла йаьлча,
Хьо йуха йогIур йуй-техьа?

Мох хьокху, шелбеш шен кийра,
Хьо Iачу дехьара – сехьа.
Хьан васт ас ларале хийра,
Хьо йуха йогIур йуй-техьа?

* * *

Седарчийн бакъйолу цIе
Лоьху ас маьркIажехь сийначу,
Сайн дагах йеттахь а це
Шеконо – синпхенех ийначу.

Гатдо ас кIадделла са
Тийсарца батта кIел буьйсанна.
Малхбалехь тасале са,
Сайн ойла горгйо ас, буй санна.

Синлазам бан лууш бац,
Лела со, гIайгIано вагийна…
Седарчий – седарчий дац:
БIаьргаш ду – безамо къагийна…

1971 шо

* * *

Вистхила цалаар Іалашдеш сайн,
Ас деган Іаь туху цунна тІе йайн.
Экаме ду иза чевнал а син:
И лазош, дош аса ца аллал кхин.
Лаьар-кха дахдан сайн цахилар вист
Ахь сацам баллалца йаккха цхьа йист
Шовданан коьртехь вай вовшашна гарх,
Безаман теш лоруш ламанан тарх,
Тийналло, шех хуьлуш къамелан кийсиг,
Хьан куц ган хІотточохь сан бІаьрийн гийзиг...

* * *

Зезагаша кІайчу тхинах
дуьзна бІаьргаш доьллу хьала,
Тийна хІаваъ олхазарша
шайн аьзнашца цастале.
Ахь со виц ца виний хиъча,
ма сатийса дац-кха хала:
Хьан амате бІаьрса кхойкху
са боданах къастале.
Хьан лар лохуш, лелла ойла
сан сих хьерча йаьлча дукха,
ГІайгІано сан даг тІехь дина
деха некъаш атта дов.
ХІора йогІу Іуьйре суна
хьан йуьхь тІера серло йу-кха,
Іаршо, и шен дола йоккхий,
дуьне сирла латтадо...

Сонет

Орца дохуш, некъаш уьдуш го
Вайша вовшахкхетар долчу хьаьтта.
Сайна сихха карайайта хьо,
Со седарчийн хьаьркаш доьшуш лаьтта.

Амма ду уьш, стигал къарз а йеш,
Даош бендацар шайн хIора суйнна.
Ткъа седарчий – бакъдолчарах дерш –
Хьан бIаьргаш бен девзаш дац-кха суна.

Йеттарх сихалло сан даг тIе берг,
Син тай Iуьттуш сатийсаман меха,
МIаьрго – геналлица йоьзна йерг –
Хета даим бIешарал а йеха.

Хьо гар суна доьгIна дацахь кеста,
Там бу малхо дуьне кхин ца хьеста…

* * *

Ирх хьежа кIордийна, чухарца бIов гIерташ,
Вай текъа, бIешерех и акхархьама[70].
Дайн кешнаш ширделча, тишйелча ков-керташ,
Ваьш а къанделча, вай бехкейо зама.
Шеконийн суйнашца синхIоттам марцарца,
Оьший-те «бIовв» баха йа бIаьрхиш Iено?
Дала шех тешийна некъ йуьхьарлацарца
ДIайахар доцург, кхин хIун боху хено?..

* * *

Ас иэсехь малх хьоьсту, йочанах вузарца,
Шен кІайчу кхетарца йа цІечу бузарца.
Сайн ойла цайарца – догІано вашочу –
И ган со лууш ву шен вастехь дашочу.
Со зІаьнарш йезаш ву, боданна дов дарца,
Сан сих уьш хьаьрчар йу – суна тІе йовдарца.
Кхоларшна петухуш, сайн керла байт аьлла,
Йоькхане сатуьйсуш, со хьийза хІайт-аьлла...

* * *

Дукха йу хаттаран шатайпа агІонаш.
Хаттар ас лоруш ду жоьпал а деза.
Жоьпан йу «хІаъ», «хІан-хІа» шех олу чІагІонаш:
Хаттарна сих-сиха церан аз хеза.
Хаттаран кІоргалла новкъа йу жоьпана:
Жоп наггахь раз доьду, харцо а йуий,
Цунна ша муьтІахь деш, хІоъ санна тоьпана.
Хаттарехь чаккхе йац, ткъа жоьпехь йу и...

* * *

Хилла-те соьга аш шайн безам бийцар –
Сан дегІах шу хьерчар, карзахе дерзаш,
Лайн чимаш, аш дар сан йуьхь-сибат йийсар,
Мехаш, аш декор шайн шедагийн мерзаш?
Амма со хІинцца бен кхетта ца ваьлла,
Шу хІунда девллера сайн дагна тІаьхьа.
Тахана-м сан дахар йукъал тІехдаьлла:
Шун безам тІелаца ду суна тІаьхьа...

* * *

Цамгар хуьлу хьаьгна деша могашаллин йоза.
Сингаттаман Iилма Iамо хазахетар гIерта.
Iаршо ло йа дерз доуьйту Лаьттан дахар довза,
Ткъа паналло низам толлу дIакъевлинчу кертан.
Маршой, лоллий вовшийн бIостаналлех чIогIа кхета.
Къамелаш дан лууш лела сийсазалла сийца.
Дерриг чучча хилча, оьшуш дац-кха, аьлла хета,
Iаннаш девзаш воцчо лаьмнийн баххьех лаьцна дийца...

* * *

Ахь боху: «Абаде – Iин ду-кха кIорга,
Де-дийне адамаш чууьйзуш шена».
Ахь йуха тIетуху: «Вайн дуьне горга
Цунна чудожа а дац дукха гена...»
Ткъа иштта ойланаш ас йемалйо-кха:
Со цкъа а ца хилла эшамах возуш.
Ас боху: «Абаде – стигал йу йоккха,
Шена тIехь адамаш-седарчий кхозуш...»

* * *

Гуьйренан хьун, хьоьга со хьаьжча генара,
Ма чIогIа хетало хьан дитташ къанделла.
Со кхарда ца гIерта: со суо ву хенара,
Ца хууш Дала кхин мел ваха хан йелла.
Баьлча ша некъан чан кегийна буххера,
Йилбазмох дIалечкъи боккхачу гу тIехьа.
Баца тIе оьгу гIаш дIо дитта буьххьера
Йа делла, йа дала кечделла ду-техьа?..

* * *

Воккхавево со гуш сайна
Дохккий, хьунний вовшахъуьйш.
Лайн чимаш ду, кІайн хІуш санна,
Дала лаьттах Шен дІадуьйш.
Йалта санна, хьекъар ду уьш,
Даккхий баьрзнаш шайх хуьлуш,
Мацбеллачу махо дууш,
Хьагбеллачу малхо зуьйш...

* * *

Со уьду масачу мІаьргонна тІаьхьа,
Ца хьоьжу йуй иза мерза йа къаьхьа.
Уьдучу ханна деш гушдоцу къола,
Лаьа-кха и мІаьрго йаккха сайн дола.
Лоций и, гІерта со кхин дІа ца хеца,
Амма соь ца ло и йийсарехь сеца:
И цхьанхьа дІаэккха, сан ойла луьттий,
Йа марзо, йа къахьо сан дагчу йуттий...

* * *

Хаддаза оьхуш ду гуьйренан догІанаш,
Дуй биъча санна шаьш дахдала шарна.
Сагатлуш, йаздо ас тховса сайн могІанаш,
Уьш гергаийзадеш сайн деган цІарна.
Мох лела, гІаш ловзош – цІенаш йа можанаш,
Кхелхинчу тийналлин меженаш йууш.
Сан байтех ца йогІу гІайгІанан хьожанаш,
Сан ирсан хьожанех йоьттина йу уьш...

* * *

Эсала тийналла, кIошт йоккхуш къинтIера,
ДIайаха, суьйренан мох хьекха баьлча.
Ойланийн цинцаша, кхаж тосуш цхьатерра,
Йуха а во сох шайн гIаттаман баьчча.
ІиндагІийн маттахь шен цхьа илли доладан
Бутт гІерта, серлонца дато йеш уьйтІе.
Синхаам ца багІахь сан дешнийн дола дан,
Уьш соьга байташка дерзалур дуй-те?..

* * *

КІордийча ойланийн татанза дур сайна,
Іаткъаме къа-бала гІайгІанах окхуш,
Ас иза дІалоллу, туьнкалго кІур санна,
Суьйренна тІаьххье, сайн са паргІат доккхуш.
Цул тІаьхьа хьоьжу со кхане схьайаре а,
Іуьйкъенна доІа дан цайарца кІадо,
Беттасин ниІмат а, бодане аре а
Далла цалаарна сан сих дІахадо...

* * *

Волчунна хьо жимчохь дуьйна зийна
Кхаъ хуьлуш, схьайола, гуьйре, хьо.
Ма пебеттар бац хьан йочанина
Хьан гІадожар илли лоручо.
Іаьршахь ахь ден мархийн йоза доьшуш,
Доккхур дар-кха цо цхьа эзар шо.
Хьун а ма йу Іаш хьо йаре хьоьжуш,
Лууш дан ахь дитташ шен дашо...

* * *

Азаллехь дуьйна кху дуьнен чу кхоьллина Дала
Серло а, бода а – адаман ши накъост санна.
Серло схьаоьцу ас – цуьнца сайн воккхавер кхала.
Сагатлахь, бода а буьту-кха ас улле сайна.
И шиъ сан сих хьерча, ткъа наггахь цунах дІахерло.
Цхьаъ гІерта дог хьаша, ткъа важа – цуьнан хьал тодан.
КІеззиг а жимйелча сан хазахетарийн серло,
ГІайгІано букъбо-кха хиндолчу сан кошан бода...

* * *

Іалам, хьо суна хьайн массо а билгало гайта
ГІерта-кха, чулацам хазбарца сан хІора байтан –
Сан кхетам буьззина шеконаш йуй хууш ІаьІна,
Ахь суна довзуьйту доггах хьайн хиламийн маьІна:
Масала, хи тІера Іаь айлой, хІаваэхь йов-кха,
Марха а дІайоьду абаде хьаьддачу новкъа.
Ткъа со Іа, цкъа ваха везаран ойла йеш къаьхьа
Шайн уьйрех хаьддачу Іаьнарна, марханна тІаьхьа...

* * *

Сан хазахетар, ахь, дІадоьдуш гена,
Ойланийн меженаш ма заьІап йо.
Сан дагалецамаш хеталуш къена,
Керлачу шовкъо со ирсе ца во.
БІаьстенан буьйса сан догъэца гІерта,
Цхьаллех сан къахеташ, мох хьоькху байн.
Іаьржачу гІайгІанца ца догІуш берта,
Сан бІаьрса дІахІутту бутт хьеста кІайн...

* * *

Гуьйренан исбаьхьа мур болабелла,
ГIаш ловзу дитташ тIехь, когашна кIел а.
Цхьаьна оь кIайн тхи а, дахкаран Iаь а.
Даймехкан Iаламна нохчийн мотт хаьа:
Махо цхьа дош олу, ткъа Iаршо – шийтта,
Буц кхузза йистхуьлу, иттаза – литта.
Цара соь, шаьш аьлларг йуккъе а диллий,
Боху-кха кхолла цхьа шатайпа илли..

* * *

Илли, со кийча ву хьо карaIамо, схьадола!
Дуьнен чохь со мел ву, ас хьуна дийр ду-кха дола.
Хьо ду – сан лекхачех бохь а, сан кIоргачех Iин а,
Со веха, хьан зевнах маршонан байракх а йина.
Сайн ненан матто хьо декорах до ас дозалла,
Бакъо луш хьуна сайн ойланаш хаддаза талла.
БIаьрг хиларх хьо лардеш, ца лаьа хьан бакъ цIе яккха:
ХьагI-гамо Iехош, ас «синлазам» олу хьох тIаккха...

* * *

Бина-кха Дала сох къинхетам шен хийла,
Бохам ца кхочуьйтуш сан дагна тIе.
Хьомечу Даймахкахь даим со вехийла,
Нохчаллин орамна ца тухуш пе.
Даим а лаьттийла ков-керт сан да веха,
Декош шен майданахь сан ненан аз.
Кестта ма хIуттийла со шеца дIавеха
Цхьа мIаьрго – доIанца хьехориг ас...

* * *

Дац гІадожар, зазадаккхар ду – сан ирсан бен.
Бала бац сан малхбузарца, сатасарца бен.
Волалушшехь зевне илли со дІадоладан,
Оцу сохьта чаккхе гІурту цуьнан дола дан.
Дош сацочу тІадамца а латтадо ас дов.
Новкъавалар деза суна дІакхачарал сов.
Къона ойла йуьххьехь дуьйна гІерта баккха бохь.
Чаккхе го-кха ширделлачу гІуллакхашна чохь...

* * *

Гуьйрено йуха а, шен бІаьрхиш Іенош,
ГІайгІане сан ойла муьтІахь йо шена.
ДІадахна сан уггар тІахъаьлла денош –
Уьш девлла сан дагна Іаламат гена.
ХІинца сайн некъаш а ца хета шера.
Ирсан цІе йаьгначохь Іохкуш йу овкъарш.
Мангало хьоькхучу товбецах тера
Замано дІахьаькхи сан къона шовкъаш...

* * *

Ша кху Лаьттахь со векалвеш эшо массо бала,
Тамашийна таронаш йу суна йелла Дала:
Къонахаллех иллеш кхолла ІаІало соь гІора,
Доьналлица йахчало соь сайн Іуьйренех хІора,
Лолла дохьуш йогІу буьйса цастало соь сица,
Деган йуьхь-куьг дилало соь къармазаллин хица,
Къийсам марсабаккхало-кха соь гІазотан цІийца,
Ткъа маршо соь декъалйало нохчийн къоман сийца...

* * *

ДогIанан шур-шурца барт бича кхаша,
ГIаддахна олхазарш дека дIахIуьтту.
Маьлказан генаш тIехь шах-ших деш гIаша,
Шовдано тIулгаш тIехь шен шабарш луьтту.
Аз озо къобалдар, зов зевно кхалар
Хестош Iа аьхке шен йуккъерчу баттахь:
Иштта ду Iаламан къамеле далар
Шен тамашийначу исбаьхьчу маттахь...

* * *

ДогIа йа ло догIуш, сихйелча мархаш дIакхачо,
Керлачу мархашца Дала йо стигална кхачо.
Гуьйренан мехаша гушйоцу шайн говраш хоьхку.
Ткъа, Iуьно жа санна, замано сан шераш лоьхку.
Делахь а, доггах ас тIеоьцу де-буьйса хIора,
Амма со кхоьру суо висарна ца тоьуш гIора
ДIадаьлларг сайн иэсехь тийналлин серлонехь листа
Кхаччал-ца уггар а йоцачу мIаьргонан биста...

* * *

Дуккхаъчу шерашкахь хаддаза байташна ваьцна
Волчу ас алсамо йаздо сайн гIуллакхех лаьцна.
Кхечарах дош ала бохуш, соь дехарш до цхьамма,
Дийцаре де, боху, массара лелориг, амма
Хан-хене йаларца жимйелла сан деган серло,
Цундела сан илли дуьненан хиламех херло.
Ткъа, олий-м хетало, наггахь со висича цхьана,
Ас дуьйцург шен дахар ду моьттур дац-техьа цхьанна...

* * *

Іаьмма со дош хьеста, нанас шен бер санна,
И суна марзделла, Іарш санна дерзана.
Сан маттах хьаьрча и, мохь хуьлий йилбазан,
Ца Іа и-м сан даг чохь цхьа башха зил банза.
ГІайгІано хьовзавой йа бала тІебуссий,
И лоьхуш, хуьйцу ас хІора сайн дей, буьйсий.
Ткъа дешан сийлалла ас муьтІахь йо сайна,
И ала бакъо луш сайн байтийн йозанна...

* * *

Сайн кхиэлан деношца сан доккха дов ду:
Цкъа халла текха уьш, цкъа чехка довду.
Уьш гІийла хилча, ас суо миска лоьру,
Амма уьш сихделча, Іожаллех кхоьру.
Делахь а, со кхоччуш вацахь а реза
Сайн денойн амало лелориг диэза,
Нуьречу элпашца яздинарг Дала
Со ваьхьар вацар-кха нийса дац ала...

* * *

Ма гІерта, шеконаш, со ирсах хадо,
Лууш сан дезаршна йовзийта кІадо.
Кхераме ду, бохуш, дуьнен чохь вахар,
ГІерта шу сан денош хилийта Іахар.
Амма аш вон йуьйцуш чаккхе сан некъан,
Сан даг чохь шух болу цатешам хьекъа:
Ас сацам бо, шуьца валарца девне,
Сайн илли декийта эзарза зевне...

* * *

Уьйрашна петуху леш долчу адамо,
Гечдар бен ца оьшу вайгара цунна.
Дахаран чаккхенга кхеттачу тIадамо
Кула ца магайо дIакхелхинчунна.
Ма гIерта, мотт соцуш Iожаллех ийначун,
Верас а цуьнца кхин къамеле вала:
Кошара дош кхосса когашка дийначун
Цхьаьнгге а таро ца кховдийна Дала...

* * *

Тар ца ло сан са кху гуьйренан денна чу.
Хастам бо ас Далла – и сайна деллачу.
Вуьгу со ойлано хиндолу Iа долчу,
Меллаша пебетташ некъашна цхьадолчу.
Ас цигахь ша лалош сайн ирсан зIаьнарца,
КIац караIамор йу кийрарчу Iаьнарца.
Iа къиза хир дац-кха цул тIаьхьа тIедарах,
Мел буьйса гIорайарх, мел шийла де дарах...

* * *

Гуш доцу дой хуьлий, дахаран къайленаш,
Къийсалуш сан кхиэло хьоькхучу мехашца,
Iаьржачу бергаш тIехь лепадеш кIайн ленаш,
КIад ца луш, уьдучохь даим сан некъашца
Кху къинойн туш-пхьанехь[71] – шех дуьне олучу –
ГIерта-те йа там, йа сингаттам бан хьанна,
Бахьана велхаран – бIаьрхи ца долучу,
Шеца аз доцучу веларан бахьана?..

* * *

ТІом-бода тІебеъна, къам цІийла керчачохь
Малх сирла кхетта, со ца кхеттал – хІунда...
Шокъалийн шийла зов Даймахках хьерчачохь
Дахарна хехь лаьтта бохаман мунда.
Малхал а сирлачу лелхарша цистинчу
Іаьржачу дитташа-м ца доккху заза.
Некъашца бартбина – ойланехь хьистинчу –
Воьду со дог лаха нохчичух лаза...

* * *

Хьакъ дац-кха, дайн йурт а, тайпанан лам а,
Шу цкъа а довхачу сан дагна кІордо.
Шун барт гой, лазам а, дагахьбаллам а
Абаде дІакхоьхьу заманан хІордо.
Дахаро де тоьгуш, йа буьйса йоруш,
Йа сирла, йа Іаьржа бедарш йо шуна.
Со веха, шух гуттар сайн вазар лоруш,
Шун марзо йуьллуш сайн кхолламан шуьна...

* * *

Сихйелла хьо йоьдуш хиларна, зама сан,
Виси со цхьадолу хьан дарсаш Іамаза.
Цкъа мацах сан уьйтІахь хазалло хьистина
Дитт ахьа ширдина, шерашца цистина.
ГІайгІане лаьтта и, тишделла хеназа,
ДогъэтІаш – хиларна шен генаш беназа[72].
Ма синтем луш дац-кха суна кхин дІоггара
И къена дитт гар а, куьзганахь суо гар а...

* * *

Со хасто тIера ву дIадоьду де,
Йекхна гахь сайна сайн кхиамийн йаххьаш.
Хьоьсту ас, иэсана ца бетташ пе,
Баьхначу толамийн исбаьхьа баххьаш.

Амма, сан дахаре кховдайеш вас,
ТIекхечи къаьхьачу дареден раж а:
Сайн коьрта поэма ца язйи ас,
Мел чIогIа дебнехь а сайн шерийн бажа…

* * *

Хьун гуьйренан! Хьайн дитташлахь мох идарх а морса,
ГIадожаран бIаьрса ирдо ахь сан сибат ган.
Соьца некъ беш, улле хIуттий, хьан са догIу къорза,
Сан ойланна лерехь дека шабар-шибарш хьан.

Дегайовхо сан дIакъаьста сингаттаман Iаьнарх,
Тоххарехь тIехтилла бIаьсте дагатоссушехь.
Амма ахь хьайн ойла йуцу догIуш долчу Iаьнах,
Гича хьайна дато чопа сан гиччошна тIехь…

* * *

Хадийна вер ву со баланийн гуо маца,
Хаддаза беш хилча доьналлин некъ
Дала ницкъ беллачу сайн нохчийн къомаца,
Сий лардеш, дуьйлучу бIешерех чекх?
РогIера буьрса тIом шо хьалха тIехтилла,
Ткъа дага мел леци ас цуьнан дур,
Иэс дека моттало, горгали шех хилла,
Сих леташ хетало ойланийн сур…

* * *

Ас хьайга балхийча лазам йа бала,
Цхьа а дош ца хуьлу хьан соьга ала.
Абаде дІаийзош буьйсанаш, денош,
Хьо доьду, сан новкъа бІаьрхиш а Іеношш.
Ас хьоьга мохь бетта: «Ма сихло, дахар,
Хуьлуьйтур бац ас хьан чулацам Іахар!»
Ахь жоп ло: «Социйла дац-кха сан цуьрриг –
Сан эханг тІелуьстуш бу хенан уьйриг…»

* * *

Ойланашкахь марсабаьлча лазам,
КІадо ца йеш, байташ йазйо аса-м.
Айса кечамбеш сайн керла де ган,
Цунах ас дІаэдо дилха деган.
МІаьргонна а со ца вуьтуш мукъа,
Байташ гІерта даккха сан самукъа.
ХІун ду-те ас дуьллург церан шуьне?
Дера ду сайн синхІоттаман дуьне…

* * *

Реза вац со лаьмнаш цхьаллехь деха бохучарна,
Лаьмнийн кІайчу баххьийн гергарлонаш гуш ду шера:
Зарро[73] вовшашца къамел дан таро кхуллу царна,
Йукъахь тІе а тосуш, лелош цхьа дохк ма йу церан.

Амма церан кийрахь тІепанг[74] Іа, боьлкъазарх[75] терра,
Кху дуьнен чохь уггар цхьана лоруш йу ас иза.
Цо цкъа кІошташ йагор йу шен маьІданашца цІеран:
Хуьлуш йу-кха цхьалла, даим бохург санна, къиза…

* * *

Ас коьрта лоруш дерг долуш ду-кх дуьненахь:
Далла ден Iибадат, гондIара Iалам,
Некъ хьоьху седа бу нур лепош тIурненехь,
Маршонан малик ду дагна беш тIалам.
МаьркIаже Iаржйелча, йа сирла сахилча,
Жимма сагатдалархь, шек вац со кIадда-м:
Сан ойла йекхош ду, нагахь ша ца хилча,
Сан дахар маьIназа дийр долу адам…

* * *

Гуьйрено декхнашна диллина гIина.
Мархашна Iома чохь шайн йаххьаш го.
Йишхаьлла мох лела угIуш шен сина:
Цуьнга шен аьрхалла хийца-м ца ло.
Шелделла лаьмнаш ду садоьIуш хала,
ТIуьна дохк хьерчош шайн баххьашна тIе.
Боьлакан гIаш, идарх Iаьршашка хьала,
Эххар а Даймехкан лаьтта тIехь ле…

* * *

Бохамо хьовзийча, де гIорош довха,
Лозучу даг тIе ас дош дуьллу ховха.
Йаздо ас могIанаш доца йа деха,
Хеташ уьш тоьллачу дарбанан меха.
Байташца кехате бийцина лазам
Сайн кийрахь болчул а атта лов аса-м.
Дуьнене балхийча, жимбалар бала
Адамах къахеташ нисдина-кх Дала…

* * *

Лаьмнашкахь Іуьллучу Іомана хьалха
Бомбано дохийна цІа лаьтта гІийла.
Ткъа цунна уллехь цхьа дитт Іа-кха цхьалха,
ЗаьІапчу гаьнна тІехь бен техкош шийла.

ГІайгІане ойла сан кхетамах ийна,
БІаьрхих а хьаьрчий, и сан даг чу Іена:
Лаьтта кІел Іохкуш бу бахархой цІийнан,
Стиглахь дІакхелхина олхазарш бенан…

* * *

Сан са дууш, хьийза ойланаш,
Суна чІогІа кІордайо-кх шу цкъацкъа.
Сан лехамийн дато гІовланаш
Шун гурашка ма лецалур йац-кха.

Со-м шун йаппарш къобал ца йеш Іа,
Шу хиларна сагал-бецал къаьхьа.
Сан байташла йетташ шийла Іаь,
Ма угІийша сан шовкъашна тІаьхьа…

* * *

Йуха а тІекхечи варшахь гІадожар,
ХІоьтти сан са лего сингаттам – дожар.
Йис гІерта сар-сарахь тхишна цетоха,
Мархаша тІунйича маьлхан цІетуха.
Бевзина девли-кха шайн ирсан чемаш
Лаьттара орамаш, стиглара тІемаш.
Йуха а хено хьо сан иэсе йалий,
Денбеш хьох къастаран лазаммий, балий…

* * *

Массо а хиламна со дуьхе кхиа
ГIерта-кха, сих а беш ойланийн болам.
Цхьа хIума зуьйш, айса баькккхича толам,
Ла ца ло талланза дисича кхин а.
Шордеш сайн хаарш, со, воккхавеш, лела.
Сан Iилма къар ца ло бохаме, уьне.
Ас дагахь Iамор ду дерриг а дуьне,
Цо сайна совгIатна хьо йелла дела...

* * *

Даймехкан лаьмнашкахь тоххарехь сатесна.
Хьо йолчу вогIу со, хьан куьце сатесна.
Махо шок йеттар а, Iарш ондда къовкъар а
Сан даго дIатуьтту ас бечу новкъара.
Шун йуьрта кхочур ву со, сих хьан тешарца.
Ахь соьга хоттур ду, хIиллане къежарца:
«Со гича, дог ловзадолий хьан ма-хетта?»
Ас ирсе жоп лур ду: «И соьга ма хетта...»

* * *

Хи йисте хьо кхайкха бахьанаш лоьхуш,
Вар-кха со, кхолламе хьо сайна йоьхуш.
Цхьабакъду, вайн уьйро ца даькккхи заза-м:
Харц кхиъна стом бу-те къастаран лазам?
Хьо ганза шелйелча со чохь Iен петар,
Хеназа дIакхелхи сан хазахетар.
Со воцуш – гIайгIа йу хьуна ша йотуш[76],
Амма со ванне а вац-кха – хьо йоцуш...

* * *

Сий-пусар ца деш вайн марзонийн вастийн,
Вайн синойн баххашкахь къаьхьа чам ІаьІна.
Галдаьлча вайн ирсан йозанан маьІна,
Кхиэло, шен сацамбеш, вай вовшахкъастий.
ГІайгІано вай цхьаллин йийсаре тоьттуш,
Ширйелла шеконаш вайн меттахъхьов-кха.
Довлу вай лазамо биллинчу новкъа,
Лаьттахь и цхьаъ бен кхин некъ бац а моьттуш...

* * *

Іа дедда дІадаха, бевлча шен шаш бешна.
КестталгІа шаьш хьекъарх Іаш ду-кха кхаш тешна.
Іин къуьйсу йараша, вовшашца тІом барца,
Бешан сатийсам бу ношбелла стом гарца.
БІаьстенан мотт шайна Іамош ду олхазарш,
Сийначу Іаьршахь го мархийн кІайн холхазаш.
Хийисте йолахьа, хьайга со кхайкхича,
Цхьа хаза кхаъ хир бу шовданна вай гича...

* * *

Хьо генахь йу-кх, малхбузар санна
Буто ша бинчу Іома тІехь.
Вайн ирсан зовкх дІадахчахьана,
Ма марзо йац-кха ойланехь!

Ткъа шело йусту коьчал йоьлху
Сан корехь, сендеш гинсу шен.
Январан кІайллехь ас а лоьху
Хьан беса сибат – иэсехь зиэн.

* * *

Ас байташ йазйийр йу гIашна тIехь гIаргIанан,
Уьш хьоьга дIакхачо мох а беш векал.
Ца хаьа, хIун хьакъ ду къастаран-хьаргIанан
Суна тIехь, и гуттар сан лерехь йеккал?

Ойла хьайн лийчайеш соьга сатийсарехь,
Керлачу ирсах кхин ца лууш хьага,
Iийр йу хьо муьлххачу гуьйренан йийсарехь,
ГIаргIанан гIаш мел гин, со лоьцуш дага...

Верлибраш

* * *

Цкъа а кхочуш хир боцчу
сатийсамо шен бозбуанчаллица
тилийра сан дог хьо суна
дуьххьара гинчу мІаьргонехь...

* * *

Ас дегІан хІора хьесаца худу тийналла.
Оцу кепехь хьо йеза Іемаш ву со
доккхачу маьІнин бендацарца
хьо йист ца хуьлуш Іачу муьрехь...

* * *

Сайна хьо сих-сиха гІенах мел гин,
со дикахо а кхета сайн цхьаллех
хьаьрчинарг йоьрзур йоцу цамгар йуй –
стом лур боцу сатийсам...

* * *

ТІедеана Іа ду –
зама кхин цкъа а гІортар
сан хьох лаьцна болу
къона дагалецам къежбан.

* * *

Іаьнах лаьцна масех хаза дош ала лиира суна,
амма цІеххьана лайн борза тІехьара схьа а иккхина,
гІир-гІир дан доладелира лайн хьоза.
Поэташна а, олхазаршна а вовшийн дагара хаьа.

* * *

Зарзар хетало дуьнен чохь
уггаре тамашийна олхазар:
цуьнан легашкахь дIатарделла
Iаш ду эзарнаш иллеш...

* * *

Шена тIехIоьттина хала киртиг
ловш йолу сан Нохчийчоь
йоьлхуш санна хета суна
догIа догIучу дийнахь...

* * *

Ас хьоьга седарчийн кехат йаздира
стигалан йоккхачу агIонна тIехь,
ткъа Чатакхийначу тачанах
сан уггар а беха могIа хилира…

* * *

Сайн куьйгайозанан жайнахь
ас леррина Iалашйеш йу
безамах лаьцна язйина йолу
Iаламат зевне байт – хьан цIе…

* * *

Къастаран къизачу хьеро аьхьи
хьох лаьцна болу сан дагалецам.
Иза, демах тера чан хилла, бижи
хьо со волчуьра дIайигинчу некъа тIе...

* * *

Сан бIаьргийн стигалхула
нека деш, йоьдуш йу ши марха:

дІадаьллачун Іиндагіа а,
хиндолчун бІарлагІа а...

* * *

Со хьоьга дІа ма-хьаьжжинехь,
хьан бІаьргаша суйнаш тесира.
Суна хетарехь, безамний, токаний йуккъехь
йуххера гергарло ду.

* * *

ТІаьхьабисинчу дагахьбалламан кертахь
йух-йуххе охьахуу, вайшиннан къастаран
бахьанашна йуккъера меллаша схьа а долий,
ши бахьана – сан сихалла а, хьан куралла а...

* * *

Дала азаллехь шайна неІалт аьллачу
Іесачу лаамийн кхайкхаран аьзнашна
хазахетарца дуьхьалхьаьдда боьдуш бу
эзар корта болу тІома саьрмик – КЪА...

* * *

Кхоллам, Іуьйрре маьлхан стогар латабехьа суна,
йовхо йоттахьа сан гІайгІанан шийлачу кийра,
дахдехьа безаман бІаьцанаша кхоьллина сан гІадвахар,
ирсе вехьа со, дуьненна хьерваьлла а моттуьйтуш...

* * *

Сахиллалц седарчийн тхиш а хьистина,
сатоссуш тІедеара аьхкенан догІа.
Цуьнан шийла шабар-шибарш муьйлуш,
зевнан васте йирзира хьагйелла тийналла.

* * *

Ховхачу батто шен сирлачу белакъажарца
Iаьршахь ларамза серлайаьккхира месала марха,
иза цу сохьта детин гIорзанан васте а йерзош...

* * *

Сутарчу мIаьргонаша, цIезо санна,
малйала дагахь йоцчу къизаллица
йакхйо сан дахаран токхе аре...

* * *

Йочано сан когашна кIел дохк йаржийра,
далаза-дийначу гуьйренан денна тIера
схьайаьккхина тIуьна цIока санна...

* * *

Тап-аьлла хIоьттина тийналла
уггар а бегIийла хьал ду
цхьаллина.

* * *

Дуьнен чохь байтийн
уггар а похIма долу могIа бу –
Чатакхийна тача…

* * *

Ас хьох лаьцна ойла йечу муьрехь
сан доьхначу даг тIехь тийжа хIутту
кхочуш ца хиллачу дегайовхонийн тоба…

* * *

Хьо меллаша гуьйренан хьуьн чу йоьдуш,
хьо хьайн куьцана гІадожаран дашо коч
йустуш йу-те, олий, хетало сан дагна…

* * *

ГІадожар – дашо туьйра ду,
гуьйрено шабар-шибарца
дуьненна дуьйцуш долу…

ИЭСАН ГIУ



Нохчийчоьне

(сонет)

Къоналлех йисинчу ойланийн испайлла[77] йаош,
Ма хала кхобу ас сайн шерийн стамбелла доьзал.
Ас хехкарх тахана кхиэлан дин, бергаш а йаош,
Мацца а гІур бу и, бухбоккхуш сан деган гоьза.

Сан байтийн дешнашлахь хьийкъина дог-ойла йатош,
Адамийн бендацар векалдеш со вайъа доьза,
Цхьа минот дІаэккхахь цІеххьана, сан оьмар йадош,
Ахь марчо даккхалахь суна хьайн дахкаран боьзах.

Каш-борзан гІовланах верасийн ойланаш йакхош,
Цаьрга бос оьцуьйтуш, уьшалахь йолучу къоьзан[78]
Со дагалацарца маж йаьлла хьайн беснеш йакъош,
Ахь декъалвелахь со даггара, хІай Нохчийчоь сан...

Ткъа наггахь къайллах ахь тергалдахь сан гІийла чурт,
Цунна тІехь къаьстар ду хьуна хьайн ойлане сурт...

* * *

Даймохк, ас хьан лаьттахь йуьту коган хIора лар а
Лууш ву со хила хьан некъашна аьхна даар.
Шераш тIе мел кхийти, тIеттIа сан дегI дайдалар а
Ду шен йозаллица цунна лазо хьо цалаар.

Карахдаьлларг хьан чухчарин хица ламаз эца
Хьан тийналлин аз ца хаззал ма хир вац-кха къора...
Хьан мох оьшу суна, цициг санна, караэца,
Оьшу деган хьерахь аххьал хьан дарбане къора.

Оьшу: бIаьста – кийра тилла хьан маьлхан цIен гуьйриг,
Аьхка – коьртах мехий детта хьан воккха лор-догIа,
Гурахь – син туьтеш тIетаса хьан гIаргIулийн могIа,
Iай – иллешна бойнаш йан хьан мархийн къоьжа уьйриг.

Гуттар дакъа до ахь суна хьайн хьаналчу мулках[79],
Хууш эрна ас ца дойтий айхьа делла загIа[80],
Ирсан пенаш дутту ас хьан беттан шагатIулгах,
Сайн йезачун кетIа бухкуш хьан седарчийн жагIа.

Барзах тебаш, йеъна, тоьхча Iожалло сан хьиэх ка,
Со а хир ву хьуна лиъначарах сайна хила:
Хьан буц-йарийн тIийригаш а – кошан бертиг йехка,
Хьан дахкаран кIайн куьйгаш а – чуртан йоза дила...

Дахкаре

Іаьршо, хьоьстуш лаьмнийн лекха,
тІе хьун йаьлла белшаш,
Йовлакх санна, хьо бІаьвнашна дуьхьаллоьцуш, дохк,
Хьан хинкисин дуткъа пардо дашош, догІа лешаш,
Косказашца ткъарш а кегош, лийлир-кха сан мохк.

Хьажал хІинца! Йоькхане сан мохк сатуьйсуш гина,
ДІо стелаІад схьа ма-кхийтти, догІа-м тІехтили...
ВорхІ бос лепа дечиг-пондар стелаІодах бина,
Халкъан иэсан мерзаш хьадан сан а йиш хили...

* * *

ЖІаьлех къаьхкий, буьйса Іаьнан
Эвла йистехь гош тІе лахло.
Беттан серло лайла Іаьнна,
Цуьнца куьйгаш дохдо махо.
Сихвелла ша йолчу кхача
КІант цІа вогІуш нанна гІан го –
ХІинццалц и цІа лелла тача
Ненан даго лайх дІацІандо...

Шерашка

Шераш, шу ца хилча дагна аьхна,
Къаьхьа даре[81] данза волий тIаккха:
Массо ойла тIекIелйоккхий, аьхна,
Диц ца ло шу-м йуьхь тIе мекха баккха.

Воккха ца ве со-м шу чехка хьоьлхуш:
Зама идар ирсе кхаъ бу хьанна?
Амма вац-кха со шух кхоьруш, воьлхуш,
Аш сан илли дийна дитчахьана.

Андадаьлла, ша-шех доккхадерца,
ЦIеналлица хьоьстуш Делан Iаршо,
Серло къуьйсуш нур-зIаьнарийн денца,
Декаш ду и, хестош къоман маршо.

Оьмар йустуш, шуьйрра гIулчаш йохуш,
Эхартана герга аш со теттарх,
Сатийсаман ницкъо тIома вохуш,
Ас дозалла до сайн иэсан тептарх...

* * *

Ма марсадуьйлу хьо тІаьхь-тІаьхьа,
сан денойн догІа,
Сиркхонийн къорано
сан дегІах хьан вота йина.
Лазаман хих бузуш
хІора сан хебаран могІа,
Сан йуьхь тІе йокъа ца хІоттийта
ахь нигат дина.

Со-м реза ву хьуна,
дацахь а дог дакъо атта,
Хьан шийла тІадамаш тІеоьгуш,
дашийна долу,
Ахь дагатийсарна
дуьнен чохь Іуьллу цхьа латта,
Хьо саца ма-сецци,
со шена чувуьжур волу...

* * *

Веха со, лелош сайн шерашца гамо,
Цара сайн дегIан сийцадарна жимма.
Хала-м ду, хебарш а йагарйеш, Iамо
Доккхачу дуьненан хьесапан Iилма.

Къоналла-м хиллера цхьа йоца забар
Оьмаро, качъйелча, сан даге йина.
Цундела тIедоьжна денойх цаIабар
ГIеметтахIоьттина долчу сан сина.

Дахар ду заманца хьаббарех ловзар[82],
ТIаьххьара бIаьрг беллар валар а долуш...
Цкъа хIинца-м доьдуш ду сан кхиэлан ловзар –
Со цигахь тхьамда ву хьаштийн кад молуш.

Азйелла йагIахь а сан ирсан рузма[83],
Безаман мIаьргонаш-агIонаш туьлуш,
ВогIу со куьг лаьцна сайн къоман узаман,
Син тIаьхьалонех сайн дог а ца дуьллуш.

Ткъа дог, дIаладоьгIча, аре йу тIеман:
Цунна тIехь леташ йу бIостане шовкъаш.
Сан хьиэ чохь хьийзаш йу къийсаман сема,
Шена тIе хьерчайеш толамийн къовкъарш.

Сихачу боларна цхьа лазар кхетахь,
Когашна аьрха ца хетийта сацар,
Эшаман ша башош кхиаман четахь,
Муьйлу ас доьналлин хьаьж тIера хьацар.

Цкъа-м, омра кхочушдеш тIаьххьарчу сахьтан,
ДIагIур ву абаден хIордах дIаэн со...

Делахь а, дохлур ду сан шийла лахьта
Сан чуртах Іаса йахь адамийн иэсо...

Дийнан урчакх

Кхин цхьа де а чекхдели сан, урчакх санна, хьийзаш,
Эханг санна, адамаш а луьстуш шена тІе:
Шайн боларшца, аматашца сайн кхетамехь зийзаш
Кхолламаш а болуш нехан, вац со паргІате.

Малх чубуззуш сецна урчакх ас сайн кара ийци,
Эзар ойла йечу цуьнан коьртах куьг хьаькхи.
Шен тамех, цатамех лаьцна цо соь дукха дийци,
Дисиний-те аьлла хеттал бухахь дийца кхин.

Къеста ца беш хийранаш йа сайна бевза-безарш,
Хеда ца деш, гулдалийти ас и синойн тай.
Ас сайн даг чу дІадийшийти ша массеран дезарш,
Сайн гІо оьшуш мел болчеран хабарш суна тай.

Даим суна уьш хазийта шаьш ма-дарра шера,
Дала хІоттош хилла тийналла а лаьтта тІехь.
Ас сайн иэсехь Іалашйийр йу массо урчакх шеран,
Уьш сайн хьийзаш мел йу лаьттар ву со царна хехь.

Амма сайн денош тІе хьерча боьлча шийла Іеха,
Цкъа мацца а сайн дахаран суна гур чаккхе.
Дала тІаккха дІалур ду сан иэсехь ІаьІна эханг
Дуьне шена тІе луьстучу маьлхан урчакхе...

Бераллин денош

Шераша йакхдеш ду дахаран кхаш,
Бохамийн, эшамийн Iовраш тIеIеношI.
Сан деган уьйтIара шайн IиндагIаш
Аш мича тийси-те, бераллин денош?

Шу Iачохь хьан до-те Iуналла шун
Ас санна, шун маьлхан синош а делош?
Бе-берса дац-кха сан кхолламан шун
Цунна тIехь шу доцуш, бераллин денош.

Со-м хетар долуш ву заманах эхь,
ГIайгIане лелахь шу, сан лазам дебош:
Со ирсах тешийнарг кху лаьтта тIехь
Шун сирла уммат ду, бераллин денош.

Iожаллин бIобанах ийзалуш Iа
Аш зевне декийна сан гIенийн цIеношI –
Уьш дуьтуш, шу хIунда девди-те дIа,
Ишаршца иэс хьоьсту бераллин денош?..

Сан дегIах хьерчаш ду сиркхонийн дарц,
Ойланехь аш дина баннаш а дегош.
ТIаьххьара шун верас сан дог бен дац,
И сацахь, лийр ду шу-м, бераллин денош...

Воккхачу стаге

Хьан деган хуттургех дІалетта шираллин энаш,
Ах-сема хуьлу хьан къоьжачу ойланийн наб.
Лазамийн шелоно гІорош шен экаме пенаш,
Сиркхонех хьеший бан Іемина хьан дегІан гІап.

Дахаран хьашташа бос биъна йуьхь-сибат огуш,
Хьан иэсан Іин чуьра схьахьоькху хебаре мох.
КІайн корта – чиркх бу хьан къаналлин буьйсанехь
богуш,
Серло а ца лучу цо муха вийр ву хьо вох?..

Къуръанна йуккъехь хьан весетан кехатан косташ
Суранийн доьзалх шайн къайленаш тешийна Іа.
Некъашца тІаьхь-тІаьхьа жимделла хьан ларийн хІосташ
Дуьненан букъ тІера ма дойла кесталгІа дІа.

Оьмаран йист лаьцна, лаьтташ ду хьан шерийн маьІна,
Кхалхазчу уьйраша гІорасиз гІорториш йеш...
Шена чохь ойлано сийсаден жамІаш а ІаьІна,
КІур тийса хІоьттина хьан дагалецамийн пеш.

Цхьалла бен теш воцу сингаттам хьайн байбархьама,
Кхетамна дарба деш, сих-сиха ахь доІа до...
Беран бер ду моьттуш хьайн денош ловзаден зама,
Лехначу голаш тІе и хийшо марзвелла хьо...

Тезетахь

Адам кхелхаш, лаьттахь хIутту син баррамал къелла:
Са легийна довлар – парз ду кхиэлан дожарийн.
Цхьана кертан доьзал тахана а бекъабелла:
ЦIа чохь кадеш – зударий, ткъа, арахь – божарий.

Хийла некъо дагахь доцуш кхуза голатуьйхи,
Нах а бохьуш мухIажарийн куьце бирзина.
Лула-кулахь са мел доIуш долчо Iаьржа дуьйхи,
Дехха делха деза бIаьргаш дохуш дерзина.

Ламасташа говза дина дешнийн тускарш – цхьацца –
ДIало кадам оьцучуьнга тIе мел веанчо.
Бохам-хьаша лан тIелаьцна йуьртан хIара цхьа цIа
Собарх-лоьрах тешо гIерта шена хилла чов.

Воно даI даькккхинчу даг тIе доIа дуьжуш деза,
Доглазаран коьртехь IаьIа бIаьрхиш дарба ден...
Мила хир ву ишттачохь шен бIаьрса дуьтуш теза,
Шен а хир дуй хууш хилча тIаьххьарлера де?..

Къилахь дуй-те, велларг хестош, цуьнан дахар хьедар,
Лохуш верасашна аьхна хиндерг весетал?
Стаг дуьнен чу ваьлла аьлча, хилла хазахетар
Дайн хуьлий-те цунна хIуттуш долчу тезетал?..

* * *

Белхош цхьаъ бен боцу орам – эвла,
Генаш санна, вай ма херадевлла.
Шен-шен лахьорч[84] хеташ уггар сирла,
ХІора веха эттамаьІиг хилла.

Амма кешнийн керта доьду тача
Лууш ду вай вовшашна тІекхача:
Цхьана ханна йицйой дегнийн волла,
Схьагулло вай, велча цхьаъ дІаволла.

Сийлахь барт, вайн дайшлахь маьхза лелла,
ХІунда оьцу оццул мах а белла?..

Хебар

Суна хIинцца-хIинцца ги-кха сайн хьаьж тIера хебар.
Шера гойту цо сан дагна шийла шераш тебар.

Луьра лаьхьа санна, сетта къа ца хета хебар,
Хазахеташ, куьзга гича, ас сайн бIаьргаш хьеббар.

Сан сиркхонийн-салтийн сема саьнгар йу-кх хьо, хебар,
Дезаш, хьайна хьаставелла, мотт ас гара лебар.

Сан къоналлин татол идда харш ду-те хьо, хебар,
Хьайна тIе соь йотта бохуш бIаьргийн ший а зебар[85]?

Сан ах дахар дIахадийна сиз ма ду хьо, хебар,
Хьарам дуй-те хьуна гуш сайн дагалецам хьебар?

Коша баха безаш болчу некъан га – сан хебар,
Сан Iожаллин лараш хьуна тIехь а хир-кха дебар...

* * *

Б е з а м, м а р з о – синойн массо сиркхо эшо лоьраш,
Ас къобалдо аш сан кийрахь бечу белхан низам.
Шуна даим хьанал хилар деган похІма лоьруш
Волчу суна денна шу хестор а хета нийса-м.

Шух а тешош сайн иллешкахь синбуц йаьлла меттиг,
Шуьга бажабайта цигахь сатийсамийн бажа,
ЧІагІйеш вайна йуккъехь кхиъна массо йукъаметтиг,
Со хаддаза лууш ву-кха шун йаххьашка хьажа.

Шу бен цахиларна лаьттахь хІун дан деза хууш
Синан кхерчахь ца хІоттийта ирсан цІеран къелла,
Сайн оьмаран хІуьцІин чІуьчІехь цхьалхха Іан ца лууш,
Со-м уьйрашка боьду чолхе некъ бан волавелла.

Шерийн зІарех тІех а лелхаш, ловзуш лела денош
Сар-сарахь шайх серий хуьлуш, хенах дуцалучохь.
Б е з а м, ахь сан ойланашла деган дургал Іеношл,
М а р з о, ас хьо лоьху цхьана йоьІан бІаьргийн гІу чохь.

Доггах денойн догІа доьлхуш, дахар даьлча даьчна,
Суо нахана дагаварехь ца хІоттийта йокъа,
Цкъа маццаъ сайх олу долчу дешан бала кхаьчна,
Ас сайн байташ шуна гуттаренна муьтІахь йо-кха...

Дуьххьарлера илли

Дуьххьарлера сан илли ду
Диттан дато заза,
ЧIогIа хаза кхелина
Сан ойланан дитт цо.
Ткъа цу диттан баьццаралла
Iалашйина б а з а,
Хьан и бIаьрла сибат аса-м
Цкъа а диц ца до.

Ас дахаран беш а кходу,
Ца дан гIерташ лаза
Сайн ойланан дитта тIера
Иллин ховха са.
Деган мерзаш зуьйш, меллаша
Дека илли-заза,
ГIад нисдина, малхе кхийда
Дитт-ойла а сан.

Тешна ву со:
Деган лаам Iабош, кхано тIаьхьа
ГIаша бIаьрла заза хуьйцуш,
Стом латор бу цо.
Латкъа даций сан, и хиларх
Цкъа йуьхьанца къаьхьа –
Къахьо йиъна ваьлча,
Бухахь марзо карайо...

Нохчийн поэташка

Нохчийчохь дебаш ду вайн цІерийн исбаьхьа терахь,
Къаьсташ бу хІинцале поэзехь вай бетта лол.
Тахана вай цхьаьна нисделла дахаран хьерахь –
ДІадоьлхуш, хІорамма вайх бухахь буьтур бу бол.

Кхиэлаша ног йетташ, кортошка хьийзарх а бІагор,
Дуьненан вонаша бийгІарх а дегнаш чу бохь,
Поэзин товханахь вай синош махкана дагор –
Хир бу вайн толамийн уггар а зоьртала бохь.

Абаде керчахь а луьстачу вайн дешнийн уьйриг,
И-м, бата ца буьтуш, къоламца вай луьстуш бу.
Мел йекъа а хилахь а вай дечу «бепиган» чкъуьйриг,
Вайн цІийн Іаь кхетта и – халкъана аьхна хир ду…

Йаздарче

(сонет)

Илланчин цIе йезаш, дарж дина лело,
Деса дош вотанах ахь декадо.
Сан ненан маттана мел хилла гIело,
Хьан байташ ма-йийшши, ма шера го.

Шех хьакхайелча хьан йозанийн шело,
Къиг санна, хебна Iа хьан деган тIо[86].
ХIетте а, сирачу могIанийн кIело
Хьанна а йан хьаьгна хуьлуш ву хьо.

Ца йаздеш хьо Iийча, хинболчу мэло
Джаннате[87] буьгур бу масийтта бIо.
Делахь а, и ца деш хьо хIунда Iело
Тера ду, хетарехь, кхеттачух со:

Бакъволу илланча, гIелвелча, вело
Хьо цунна кховдийна совгIат ду кхиэло...

Сан байташ

Дуьненан буйнара бІешеран аьлха
Йаккхахь ас, ирдан сайн оьмаран хьекъал,
Сан байташ, хІуш санна токхечу маьлхан,
Ношло-кха сан деган ардаш тІехь хьеккъал.

Со йукъагІоьртича шеконийн девнна,
Царалахь машар бан тешамна гергахь,
Сан байташ, чІийш санна, дог хьокхуш девлла,
Халбата ховшу сан безаман цІергахь.

Мархех дІацІандина седарчийн хьаьвда,
Маршонан мох беъча сан лерехь бека,
Сан байташ, хиш санна, лам бешаш хьаьвдда,
Диканца зиэн гІерта сан деган нека.

Дош суна карийча хІинццалца хьегна,
БІаьргашна ган а гуш, и даьлча анда,
Сан байташ, гІаш санна, гуьйренца эгна,
Кечло-кха сан меттан саз-латта хьандан.

Бендацарх дин дина Іар суна доьхкуш,
Иэс даьлча Ригахойн кІотара леста,
Сан байташ, дой санна, мохк мел бу хоьхкуш,
Хьакъ хуьлу нохчичун дог-ойла хьеста.

Са тоьгуш сайн къоман амалан теца,
ГІуллакхаш тоьхча ас гІиллакхийн кепа,
Сан байташ, тхиш санна баьццарчу бецан,
БІаьвнаш чохь йаьгначу серлонгахь лепа.

Со хенан букарчу басах чушаршахь,
Цхьа а церг арт ца йеш кхетаман херхан,
Сан байташ, сеш санна Даймехкан варшахь,
ГIум-Азехь дисинчу кешнашна гIергIа...

Шовда

ТIулгаш Iабош шен зевнечу сих,
Ломан басах сирла шовда леша.
Шена динчу ковстан апарих
ХIинццалц маьрша кхиъна и-м ца деша.

Шовдано-м ца боху ша хи ду
Хьагвеллачун зорха шелбан хьаьгна.
Цо шех лаьцна дуьйцург цхьа кхин ду,
Шен тIадамийн хIора цинцах аьгна:

Шашка, боданашка хьебеш тIом,
Уллехь накъост воцуш хало йекъа,
Лаьттан кийрахь ша биллинчу некъан
Илли ду ша, боху шовдано-м...

Сонет

Дац сан дахар, уьшал санна, тийна,
Иза-м, тІепанг хилла, кхехкаш ду.
НеІ тІечІаьгІна хуьлуш йац сан цІийнан –
Къу а цхьа шатайпа хьаша ву.

Шен шовкъаца массо тата зийна,
Зевне илли гІерта дагна чу.
Сан са цуьнан мохь-цІогІанах ийна,
Ца хилийта шех тийналлин Іу.

ГІора ма-дду йека маьлхан назма,
Лере хьийза лаьттан гІоргІа аз.
Хаза мукъам бу – сан ирсан хазна,
Цуьнца кхолу дешан маьІна ас.

Сан кхолламехь йоккха гІовгІа ІаьІна:
Кошахь бен хир вац со тийна-таьІна...

Сонет

Хазахетар деъча цхьаннан керта,
Цига хьо ас кIайчу басахь дош.
Хир дуй хууш и массарна товш,
Кхин совгIаташ леха со-м ца гIерта.

Бохам кхиъча цхьаннан хIусам човхо,
Кхин а чехка эцца кхочу со.
Ас Iаьржачу дашца кадам бо,
Хуттий цунах доглазаран йовхо.

Iаьржа, кIайн и дешнаш дIасакхоьхьуш,
Илли, васт ас дохадой-те хьан?
Сан йиш йац хьо кхечу басахь ган,
ГIенах, самах даго дуьхьалъоьхьуш:

Де-буьйсанан ши бос хьоьца хилча,
Цхьа а вац хьо хетар долуш ирча...

Саллар[88]

Хьох нІаьна ала со ца хІутту, сан хьоме саллар,
Исбаьхьа ойланаш йуй хууш хьан коьртехь ІаьІна.
Комаран диттан гІаш ду-кха хьан баьццара кхаллар,
Адамо къобалдан хьакъ ду хьан дахаран маьІна.

Іаламат хала ду мах хадо муьлххачу белхан,
Оцуьнан чаккхенга диллина вар-валар хилча.
Цецваьлла со хир вуй хаарна хьайн синна велха,
Ахь, шек а ца болуш, тІеуьйзу Іожалла ирча.

Хьайна тІе хаддаза хьерчадеш дуткъа тай къоьжа,
Эххар цо хорамбой, хьо цуьнан кІоргенехь ле-кха.
Хьан сирла каш хуьлий дІахІутту ахь бина гоьжа –
Азаллехь ахь йуьхьарлаьцна хьан Іалашо лекха.

И листа волалахь, бекар бу цхьа зевне чилла –
Ахь цкъа а дешаза хьан кхиэлан тІаьххьара жайна...
Ахь доггах хьегна къа цуьрриг а эрна ца хилла:
Адаман хьашташа тІеоьцу и чІогІа тайна.

...Сан деган салларна тІехьерчаш, могІанийн теша
ГІеметтахІоттош бу сан иллийн мукъаме гоьжа.
Жимлучу рицкъанан ницкъах со ца вуьту тиэша,
Комаран гІаш санна, оьгучу сан коьртан чоьша...

Лахьтанан гоьжанахь хууш сайн дезар дуй Іилла,
Ас оццул къахьегча, ца лоьхуш хастам а, йал а,
Хир бац-те мацца а сан байтех мел баьлла чилла
Сох бухадуьсучу иэсана цхьа бедар йалла?..

Йамартло

Йамартло дебайеш сица,
ДIаьвшечу гезгаха тебна,
Аьттоне сатуьйсуш къайллах,
Баржийна кхераме маша,
Лаамза къежарна гуттар,
Йуьхь-сибат, айр санна, хебна,
Цхьаццаверг хуьлуш ву даг чу
Йиллина хIилланан ача.
Ишттачо, хьо хилахь вогIуш
Урх лаьцна хьайн ирсан ондда,
ДIалур йу, тIера схьайоккхуш,
Хьуна шен тIаьххьара коч а.
ГIертар ву хьуна цхьа дика дан,
Ца ваьхьаш цкъачунна вон дан,
Хьан йоцу башхаллаш хестош,
Лелар ву, хьесталуш коча.

ХIилланан мангалца хьоькхуш,
Хьан шеко кесаршка йуьллуш,
Хьан тешам бехачу керта
Идор ду шен Iаьржа некъаш.
Сакхонан[89] зирх хьоьца хаалахь,
Хесторан мотт хьуна буьллуш,
И хир ву, ца гойтуш хьуна
Шен дагца йамартло хьекъаш...

Амма, цкъа кхолламо хадайахь
Хьан ирсан багара гаьллаш[90],
Кхиаман челакхчу дино
Чукхоссахь хьо шена тIера,

Хьо хиъна Іийначу нуьйрара
Хьан йовхо шех худа ваьлла,
Хийцаме каров ву хьуна
И «накъост» хьайн хьалхалера.

Хьоьгара цхьа гІалат далахь,
Хьох къинойн эла веш воккха,
Йуьйцур йу, тІехйетташ хьуна
Коч а, цкъа мацах ша йелла.
Де-дийне лестар ву керта
Дарж долчун шегахьчул доккха,
Йуьхь тІера йамарта хебарш
Цунна а йохур йу серла...

* * *

Йуьхь тІехь хазахетар-бІаьсте йаьлла,
БІаьргийн синойн ма самалхадаьлла!
Царалахь цхьа суйнаш лепа хаза –
Безамо бен хьоьстуш доцу заза.

Даг чу халахетар-гуьйре йоьлла,
БІаьргийн синош цхьаллин махах доьлла.
Лаьтта оьгу меда бІаьрхиш церан,
Стоьмаш хуьлий сингаттамна къера…

ХІора синхаам сан хьаьвза готта,
Лохуш шена тайнна хенан хІоттам...

* * *

Хилаъ хилла цхьаллин хIусам готта,
Соъ ца вели цуьнан бурко ланза.
Хьан васт гIортахь цу чохь ирахIотта,
Тхевнах корта кхетий, до-кха лаза.

Вайн ирсана хийра хилла некъаш
Ас дерриш а цу чохь караIамий.
Лаьхьарчашха суна улле текхаш,
ДIаьвшах бузу цара синан чами.

Амма, хетча цхьаллин хIусам шуьйра,
Шен IиндагI цо тесча вуно генна,
Го ахь соьца дIахадийна уьйр а
Йукъахь хилар цуьнан беа пенна.

ХIетахь сайна бале йевлла хьаьгIнаш,
Моьтту, сайца цхьана тхов кIел йеха,
Цара йахкош сайн ойланийн раьгIнаш,
Дагах буцуш матарбоьлла Iеха.

Iаса луьйзуш, кхочу хьажа-хIотта,
Хьох а санна, со шех тешна туьйра:
Хилаъ хилла цхьаллин хIусам готта,
Лаьттахь хIусам йоцуш шел кхин... шуьйра.

Сонет

Шелбелла бутт Іуьллу мархашлахь хебаш,
Белхаме хьоьжу и сан корах чу.
ГІайгІа йу сан деган неІсагІехь дебаш –
Сан дагахьбалламан гІорасиз Іу.

Седарчийн тоба а, цхьа гІийла лепаш,
Къарздеш йу стигалан босбаьхьна у.
Хьан сирла аматаш ойланна тебаш,
Тховса а наб ца йан со кийча ву.

Сурт хІуьтту: саьрмиках хьан дагах хьерча
Багах а, мерах а цІе кхуьйсу вас.
Чов хилла лу санна, сан син тІехь керча
Ас дашца букъ бойна хьан тийна аз.

Сих ца лахь хьо суна къинтІера йала,
Декъала хир бу-кха ас хьоьгу бала...

* * *

Лаьтта йоьжна, даг чу тили
Бузуш болчу маьлхан мекха.
Сагатлуш, ас аьлла илли,
АстагІ лелхаш, бай тІехь тиэкха.

Бай цо ведбинехь а, хьешна,
Хир ма дац и иштта къиза-м:
КІирделла[91] хьо йаре хьежна,
БІаьрса дайна лелий иза-м...

* * *

Хьан нускал – синтар ду безаман бешахь,
Къоналлин заза ду – кIайн гIабали.
Ирсан стом латор бу цо, хьуна эшахь,
Шен орам бIаьрхиша цкъа хьабале...

Тахана-м, тешийна кирхьанах-Iуьнах,
И синтар хьайн дола дерзийна ахь.
Нана-дитт хуьлийла-м дац хьуна цунах,
Хьан деган лаьтта тIехь махкалла дахь[92]…

* * *

Хьаннашца дов дели гуьйренан мехийн,
Дохк йижи лаьтта хьан йовлакхал сира.
КІордийча хьайна сан Іиттарийн мехий,
Йаппарийн урс караийци ахь ира.

Дегаллин гІалатах хьо кхето санна,
Хьан лерехь шабарш деш оьгучу гІаша,
Бух болуш баккха бехк ца хили сан а,
Дохко а йаьккхина, хьан ойла хьаша.

Со йохьах ца вуьйхи, ца вуьйжи гуора,
Ахь чІагІо ца йохий, ца хийци дош а,
Боггушехь шелбели хьан бІаьргийн кІора,
ХІавао дІайаьхьи хьан месийн хьожа.

Вайшиннах цхьаммо а ца ийци пайда
КІеззигчу хенах а Іодикайаран:
Хьуна а ца хии вайн къастар дайдан,
Суна а ца лии кхин дахдан хІара.

Стигалахь пхьоьхане гулйели мархаш,
ДаьттІачу сан даг тІе шайн туьха таса...
Орамаш телхина вайн уьйран маргІалш
Бухдаьхна довллушехь, къаьсти вай дІаса...

* * *

И сан безам иштта бара:
Суьйре санна аьхка ломахь,
Йекхна суьйре хуьлу паргIат,
Хьо хьежнехь а цуьнга гома.

И сан безам иштта бара:
Байракх санна, лесташ кийрахь,
Лаьтта йуьйжи деган байракх,
Хьуна хетча вайша хийра...

И сан безам иштта бара:
Берах тарлой, уьдуш бIаьста,
Ткъа сан даг тIехь цуьнан лараш,
Лай тIехь санна, шера къаьста...

Сан олхазарш

Буьйсанехь тийна Іа бІаьстенан арц,
Ткъа суна-м ца до хьан кор хьеста кІорда.
Сан бІаьргаш – сутара ши аьрзу йац,
Хьан чиркхах-ижунах лууш шайн пхьор дан.
Мелхо а, экаме зарзарш йу уьш,
Тийналлин серлонехь иллийн зов зуьйш.

Дитташлахь чІагІделча зазанийн дарц,
Хьан сий деш, сахиллалц йекар йу бухІа.
Лехаме сан лараш – кхокхий ма дац,
ГІур-гІур дан гулделла хьан кора буха.
Адамийн мотт хуу тотеш йу уьш,
Эсалчу дешнашца хьан чиркхе луьйш.

Амма йу, шех хилла тІех Іаьржа марха,
Сан даг тІехь хиъна Іаш гІайгІанан хьаргІа…

* * *

Хьо ма гІерта шело йоьлла ала,
Наггахь лайн чим тасарх лаьтта тІе:
Кийча ву со деган цІарца кхала
Хьуна гІура йохьуш догІу де.

Со-м ца хІутту арахь тов йу ала,
Хьан ши бесни жимма цІиййаларх,
Хууш, шен ІиндагІ деш, орцахйала
Кийчча йуй хьан деган шийла тарх...

* * *

Хьан кIажарш тIехь шаш ду беса,
ЦIоцкъамаш тIехь кIац йу кIайн.
Хьан бесни тIехь лайн чим беша –
ХIинца-м цуьнан лар а йайн.

Хьан хьаьрсачу месийн деши
Беттан нуьрехь цIиндели.
Хьан бесни тIехь лайн чим беши:
Дорцан эскар жимдели...

Сонет

«Хьо суна оьшу-кха» – и кхо дош ду-кха
Сайн дегайовхонца со чохь Iен гIишло.
Хьох лаьцна ойла ас йо дела дукха,
Шераш дIаэхарх а, сан хье ца тишло.

Доьду сан воккхавер хьан деган дукъа,
Син аре дIалаьцча гIайгIанан ишало.
Кхаъ боцуш хьо йитахь, суна хир ду къа –
Цундела ас хьуна безаман йиш ло.

И йу-кх сан гIеметтахIоттаран Iаса,
И луьйзуш, хьо йолчу вало со маса.
Ношбелла сатийсам хьан корехь Iа сан –
Хьан куьцах баькхина цхьа мерза хьаса...

Ма къахьлур дац суна хьан ховха сибат,
Сан даге цо мел до шен эвхье гIийбат...

* * *

Лаьттахь цхьа а хийцам ца го-кх суна,
Хьан ойлано сайна тоьхна букъ бен.
Ткъа цо гойту, хетар херо хьуна
Коьчал – сан шеконийн бода букъбен.

Бехказлонийн кочарш Іаддадита –
Со хІинцале церан духе кхиъна:
ХьогІан къутІа – дІаьвше эладита
Хьан тешаман кертахь даха хиъна.

Хьан йаппарийн чолхе ІалагІожа[93]
Къар ца йелча, хІоьттиний со-м холчу.
Сан садеІарх йоьлла цхьаллин хьожа –
ХІинццалц суна тебаш лелла йолчу...

Синан кхаш тІе дуьллу цо шен дера[94]
Набарзаллин буьйса санна, йекха...
Амма васт хьан нІаьвцицигах[95] тера
Дашо тача дуьллуш, даг тІе текха...

* * *

Самсабохуш тишбеллачу сан лааман бен,
Хьо хIун деха йоллу соьга – олхазарал къечу?
Со да волуш хIума дац-кха деган тIемаш бен –
Эрна гIерта хьан сибат сан хье чу...

Охьаэгна сан ойланийн диттийн тIома гIаш,
ХIинца ву-кха со цундела Iаьнан хьуьнал беркъа.
КхидIа хьекъа лууш дац сан шерийн гIура кхаш –
Шеконаша церан хьукма дер-кха...

Оццул йоккха хилла йолчу цIеран цхьа а суй
Кара-м ца бо кийрахь, «хIуп» а аьлла, меттахъхьабан...
Хоьхкуш йу-кха говрах тарбеш шен хийцамийн нуй
ХIара зама – къена жоьра-баба...

Лаца цхьа а тIам а боцуш, сайн сагатдалар,
Хьан дог деттадалар санна, сайга лалахьара-м
Сатийсамца кхобур дар-кха ас сайн миска Iар,
Хьох йен ойла ца хилийта хьарам...

Хьан хьадалчаш дуй а хууш беттан IиндагIаш,
Царна там ца балуш, йоьлху сан синтеман къелла:
Цхьаллин некъийн шаш тIехь муха лелар ву со гIаш,
Деган тIемаш хьуна дIа а делла?..

БаІ

Зезагийн тобанна йуккъехь хьо лаьтта,
Буц-йарийн ІиндагІийн долара баІ.
КІохцале корта хьайн теІабеш лаьтта,
ХІаваан пардонна доккху ахь даІ.

Хьо буьрса белахь а, йац хьоьца волла.
Адамчух лозуш йу хьан деган цуьрг.
ХІетте а, хьо мел гин, дІаводу полла,
Зов дохьуш, хьан лере ца йогІу чуьрк.

Хьох хІокху арено меран бер дина,
Тидамах хьегадеш хьан беркъа куц.
Мехаша лаг лаьцна хьан цхьалла гина,
Йоьлхуш йу хьан лула мел йаьлла буц.

Амма, шен нийсархойх дог-ойла лечкъош,
Цхьа тайна зезаг ду хьо гІенах гуш.
Лоьху цо, сенделла бІаьргаш а чІечкъош,
БІаьстенан стигалахь безаман гІуш.

ХІан-хІа, и ца гІерта хьан ойла Іехо,
Зазашлахь бекабеш шен гІодан мерз.
Мелхо а, лоьру цо шен деган хехо
Мехаша къаждина хьан дегІан герз.

Хьо эрна арахь бу, ткъа и ду – бешахь,
Хьо хета хьошалгІахь, ткъа иза – цІахь...
Хьостур бу хьо ирсо, зезагах тешахь,
Ахь цуьнан ховхаллин пусар а дахь...

* * *

Чехош сайна гIо дан гIерта хIилла,
Шалха дуьйцуш, корта хьовзо хьан,
Лийлирий со-м атта жоп а хилла
Чолхе доццу хIетал-металан.

Цхьалхадохуш бIостаналлин маьIнаш,
Кхочушдора ас хьан хIора буьйр.
ХIетте а, сан даг тIе огуш даьIнаш,
ДIахадийра ахь вайшиннан уьйр.

Суна хиъна хиллехьара хIеттехь,
Безам леш буй къайле йоццу меттехь...

ЙоІ йоьлху

Стигал дІайуьззина, седарчий кхетта.
Буьйсано набарха шабарш до стешха.
Цайевза йоІ йоьлху серлонгахь беттан,
БІаьргаш чохь горгделла бІаьрхиш туьтешха.
Гергарчу адамо, муьста дош аьлла,
Эндаже чахчий-те экаме кийра?
Биси-те синхаам мерза йиш хаьлла?
Йа деган доттагІчо лери-те хийра?
Дависа, бІаьрхиш, шу ма чІогІа хьоьлху,
Беснеш тІехь некъаш деш, шу-м луьра сетта.
БІаьрхиш а доцуш, шу мутт ду-те беттан?
Йа хьацар седарчийн? Ткъа йоІ-м йоьлху.
Беттан хІоз хаьхкина, дІайоьду хан а,
Сих-сиха седарчийн догІа а доьлху...
Мичахь ву хуург и йоІ хІунда йоьлху?
ГІенаша байттамал оьхьу-те хьанна?

1972 шо

* * *

Хьан куц ду – безаман товха,
Сан кхиэлан оти чохь йина.
Сан хьажарш – чIийш ду-кха ховха,
Чим хила ас векалдина.

Бодахь хьан бIаьргийн ши кIега
ГIайгIанан овкъаран баса,
Церан ницкъ хилийта къега,
Дог ду сан царна тIетаса.

Сайн кхерчахь цIе мел йу летта,
Ас къастар дийр дац-кха сетта...

Газель

Хьо – кІур бу, сан дагах цІе йаьлча баьлла.
Сан бІаьргаш ца Іийжо, хьо генайаьлла?

Стигалахь хьан васто йитинчу лорах,
Мох хилла, вогІу со хьан Теза-Кхаьлла.

Цхьа тамехь зов хазахь хьайн лерехь декаш,
Лара со иллица хьайн дола ваьлла.

Сан кхиэлан тхов тІера чоргІе а йохош,
Безаман ладар сан дагах чекхдаьлла.

Со гича хьайн коран йуьхь лаьцна лаьтташ,
Хаалахь, со лелий, собар а хаьлла.

Деган цІе шен кІуьрах дІаиэза йисахь,
І и л м а н а ша дуьне дуьтур ду аьлла...

Ло догIу

Луо догIу... сан эвлахь кIайн шахьар кхолла,
Бер санна, сан белшийн аганахь тхьовса.
Хьан амат гитоьхна сайн ойла-полла
Лайн чимийн тхьамда ас хIоттийна тховса.

Хилла-те хьо цайар йиллинчу метте
Ахь суна гайтар хьайн син къилбаседе?..

Ган а гуш, кIайлуш йу тхов тIера гериг,
Бодашкахь бос баьхьна дIахIоьтти керт а.
Хьо мичахь йу хууш кху сохьта йерриг,
Лайн чимаш, дог лохуш, сан чета гIерта.

Хилла-те хьо цайар йиллинчу метте
Ахь суна гайтар хьайн син къилбаседе?

Мадбелла бода бу сатуьйсуш тиэре
Дитташа генашца махе ден хабарш.
Лайн чимийн тобано кхоьхьу сан лере
ХIаваэ даре дан Iемина шабарш.

Хилла-те хьо цайар йиллинчу метте
Ахь суна гайтар хьайн син къилбаседе?

ЧIапачу баккъаш тIе пухI тесна ардаш
Йезачу тийналло, тIекерчаш, веддо.
Доху сан беснешна месала барташ
Къоначу лайн чимийн тIедачу бето...

Хилла-те хьо цайар йиллинчу метте
Ахь суна гайтар хьайн син къилбаседе?

КІур тийса йолало туьнкалган луьлла,
Ша башош сан дагна гонаха бина.
УгІу сан бІаьргашна лайн чимийн гуьла
ГІайгІанан беттаса царна чохь гина...

Хилла-те хьо цайар йиллинчу метте
Ахь суна гайтар хьайн син къилбаседе?..

* * *

Нагахь со дІаводахь,
бІаьстенан бай ведбеш хуьтан,
ГІайгІанца цецйаха
генарчу махкара огар[96],
Сан безам ца гучо къагор бу
йеларан стогар.
Со везаш йолчу ахь
латор бу йелхаран къуьда.

Со йухавирзича
къоналла левзинчу уьйтІа,
Йуха а бІостане хир ду-кха
шуьшинна со гар:
Суна ца йезачу ахь
сица латор бу стогар,
Ткъа суна йезачо –
ша динчу маренан къуьда...
И ши дух серлонан
дина сайн бІаьргашна хьарам,
Вайшиннан эшамах
бийр бу ас безамна барам...

Йезачун цIоцкъамаш

Йезачун цIоцкъамаш Iаьржа –
Сан деган карзахе тIемаш,
Токхбеш сан дахаран чемаш,
Уьш суна тIехула даьржа.

Уьш цкъацкъа хIиллане сетта,
Шаьш суна дезий а хууш.
Со-м хуьлу дагах цIе летта,
Цу цIарца уьш дохдан лууш.

Цкъа хуьлу, бер санна, коча,
БIаьцашна ца догIу берта,
Со, йаздеш могIанаш боча,
Уьш сайна муьтIахь дан гIерта.

Ткъа наггахь кегло уьш дера,
Мархашлахь хаьштигаш санна,
До цара сан гIенаш кхера,
Дов дойтуш соьга суо-сайна...

Гур дуй-те суна уьш Iемаш
Шайх хьегна са тIомадаккха?
Ма хьоьстур дар-кха ас тIаккха
Сайн деган карзахе тIемаш...

1975 шо

* * *

Мархаш йуккъехь беттан къена гуьйриг,
Мур а йоьлла, серло къедош Іа...
Атта керчи хьан аматийн уьйриг
Сан лехаман голаш тІера дІа.

Кхача гІерташ къайле йоцчу хайре,
Эрна шелби ахь сан ирсан бен:
Хьуна гур ма йац сан деган гІайре,
Сан безаман хІорд жимбелча бен.

Къарйан гІортар хьан шеконийн гулар
Дарий сан и-м доггах даре дар:
Хьоь сатийсар – дечиг-пондар булар,
Цуьнан мерзех шовкъо пІелг тасар...

Деган дилха Іовжо говза хилла
Хьан шийлачу дешнийн шокъалеш.
ТІаьхье йоцчу тІекеренийн хІилла
Хилла, церан зов ма-хеззи, леш...

Хьуна лезна, дохкойаьлла ойла
Те ца йича волий тІаккха цкъа:
Хьан са хилла – вастийн йукъарІойла,
Ма ца хилла и сан долахь цІа...

ТІе а йуллий сингаттаман чкъуьйриг,
Ас сайн дагалецам буьллу дІа...
Мархаш йуккъехь беттан къена гуьйриг,
Мур а йоьлла, серло къедош Іа...

Телефон

Телефон йека сан хIусамехь. Дахаран гIара
Чуузий, сан даго тийналлин чиркх латабо.
Сайн кара кхоччушехь нуьцкъала «зеразакъ»[97] хIара,
Со воккхавево-кха, ма-йарра гуш санна хьо.

МаьIачу къамкъаргах чекхдохуш цIийдина дешнаш,
Сан лерехь «IаьржачугIургIезо» лаг сеттадо,
ГIовттайеш ойланаш – гIайгIанехь уггар деэшнарш,
Iаьнарца дIацIандеш цхьаллин пухI тIелетта дог.

Генарчу махкара деана хьан аз а цIена
Со сица йуха а цIинвеллий ма-хиъи, тийн...
Серий дац данне а тийсинарш бIогIамех зIенан:
Экаме хьесий ду адамийн сатийсамийн...

1977 шо

* * *

Шахьарш а йитина, веа-кх со хьо йеха эвла ган.
Цхьа урам бу кхузахь геннара суна тІе богІуш...
ГІенашкахь хьо хийла хийшина сан шерийн гІевланга,
Сан Іаьржа месаш хьайн бІаьрсица серла а йохуш.

Хьан куьцан битамаш оьшу-кха сан кхиэлан терзанна,
Ширбелла белахь а, сан буто сатийсам узуш.
Харц хилар тІедоьжна хьан дешнийн курачу герзана,
Ша ахьа хьайх лаьцна ас дечу шабаршна кхуссуш.

Хьо муьтІахь йелахь а эхь-бехкан нуьцкъалчу омранна,
Сих-сиха була хьо гІертахь а бехкаман гура,
Хьайн синан йовхо ахь кхоор йац сан деган орамна,
Цунна ца йовзийта яппарийн йа ваьснийн гІура.

Хьо-м эвлан хи йистехь гуллучу сан ларийн пхьоьхане
ЙогІур йу, кІудал а йохьуш, ас кхайкхича хьайга.
Со малхе вистхуьлуш – хьох айса лун йолчу йоьхане[98],
Хьач хир бу хьоь кхийдош зазанах доьттина кІайн га...

Кхачахь а цІеххьана къизачу къастаран дера де,
Йицйойтуш хьан эвла – дуьненан цхьа башха кийсиг,
БІаьрг тоха лууш хьан аматан дезачу зерате,
Сан иэсан неІаре хІуттур йу ойланийн гийзиг...

Сонет

Ас хьан догуш долчу даге дашо даре дира,
Марзо мало меттахйоккхуш массо меже меттан...
Иштта хьайх сан хьегар хилча шаьлтанал а ира,
БIостанал а аьрта хьажар ахь сан сих ма детта.

И хьан бIаьргаш – ткъесал нуьре, дахкарал а сира
Ши малх бу-те сатийсаман гIушлакхенехь кхетта?
Хилча хIун ду ас хьо йийцар дуьненал а шира:
Хьан хьажарал бIозза керла цIе сан кийра летта...

Мох а сецош, ца хьекхийта цуьнга Лаьтта нуй,
Массанхьа а йоза лийхи ас хьан когийн ларийн.
Амма, син левсица кховсуш синхааман суй,
ЦIарна лулахь йоллушехь, хьо суна шийла карий.
ХIинцца хии суна безам йолу цамгар йуй –
Иза ишта дацахьара, хьо сох къехкар йарий?..

Сонет

Аматийн зазашлахь, баІ санна, къеста
Шераша сан йуьхь тІе даржийна йоза.
ХІетте а, хьан беснийн зезагаш хьеста
Лууш бу сан бІаьргийн ши накхармоза.

Азаллехь кхаж баьлла сан даг тІехь леста,
Безаман пачхьалкхан байракх йу хьо сан...
Хьан марзо кхачийна со висахь кеста,
Реза ву со Лаьттан букъ тІера восса...

ЦІеххьанчу Іожалло куьг кховдош деха,
Син серло дІаэцча сан бІаьргаш чуьра,
Сох дуьсур долчу кху дуьненан меха
Хир бацахь нагахь хьан сингаттам дуьра,
Битахьа хьайн куьце къин сагІа деха
Сатийсам сан шовкъан тІаьххьарчу муьран...

Сонет

Ткъе шиъ шо дара сан, ткъа хьан – ткъайесна…
И хан ма дIайаха, хилла цхьа мIаьрго.
Хьо йовзар – суй бара кхолламо тесна,
Хьажарца кхевсинарг къоналлин бIаьрго.

Соьга нош ца йелча хьан зовкхийн аьрго,
Ахь дог сан дитира, колл санна, тесна.
Амма хьан цIоцкъамийн шина а хьаьрко
ХIинца а марзо ло ойланийн иэсна.

Дуьйцуш хьан аматаш, лела сан дешнаш,
Цкъа цхьана заманчохь шайн маьIнех даьзнарш.
Делахь а, бакъдолчо со хьере во –
Цхьа тамашийна ду сан шовкъийн кешнаш:
Уьш ду хьан шеконийн диълара баьрзнаш,
Ас царна гIайгIане доIанаш до...

Деган цастарш

* * *

Ойла, сан хье баар хилла-те хьан корматалла,
Алхха цхьаъ бен йоцуш хьуна йелларг кхолламо?
Лела, бохуш, хьо кхерстачу шовкъийн хьуьнах талла,
ХІора денна дехар до соь тоьпо-къоламо...

* * *

Йурт дІайуьжу, машаречу махкахь набйан ирсе,
Амма даим сема Іа-кха, зІенаш туьйсуш, хан:
Тхан бешана гІенах гойту цо тхан дедайн ирзе,
ЦІенна – цигахь лаьтташ хилла гІийла лаппагІа...

* * *

Йина-м хир йу, дикка хьаьжча, сан кхетамна берчаш,
Саццаза ас хьох йен ойла хьекхайелча шех.
Ас садоьІуш йаьлла Іаь йу, дохк а хилла, хьерчаш,
Сан Даймохк, хьан лаьмнех, иштта цу хьан аренех...

* * *

Вуоно шелвеш, дог ас ухьу, ша башийта тІера,
Сайн оьздачу къоман садеІаран Іаьнарла.
Сан иллеш ду – сан Даймехкан салтий могІарера –
Нохчийн мотт бу церан уггар коьрта инарла...

* * *

Цомгашчу адаман чот хуьлу тоделла, гІатта,
Эшайеш сиркхонаш – шен дегІан гуьмалкахь ІаьІнарш.
Хьан ма йац и таро, декъаза дархо – сан Латта:
Хьан дагца кешнаш ду – цкъан-цкъа а ца доьрзу даьІнаш...

* * *

Кица ларий мукъане а, ахь цхьа хьесап делахь,
Сан йишхаьлла Iачу дагехь долу хьал толлуш:
Дети дош а долуш, вистцахилар деши делахь,
Мила хир ву мотт ца хууш волчул хьал долуш?..

* * *

Кхин ца гIерта шеконаш сан лере оьхуш, тиэкъа –
Ас уьш йерриге а къарйина:
Сайн Даймехкан даг тIе боьду уггар боца некъ а –
Байтан могIа суна карийна...

* * *

Вуоно бина тIеIаткъам со гIортахь лара меле,
Новкъа дан а герга ду-кха кху дуьнен чохь цхьанна.
ХIуъу ловр ду айса, боху ас доIанехь Деле,
Цуьнга болчу безамах суо дIа ца хаьдчахьана...

* * *

Паналле йоьдучу сан шерийн коврана
Сан цхьа а синхаам Iеса ца го:
Дала шен хIост дина сан деган соврана,
Элчанан умматах дIатухуш со...

* * *

Лехамашна сутарчу сайн синна
ХIун ду хууш кху дуьнен чохь товш,
Ас, сайн ненан бIаьрхих шекъа дина,
Даг тIе йазди «Даймохк» боху дош...

* * *

Ша бо сан иллешна, адамаш, шун вуонаш гуш,
Ца лаьа довла и шун бIаьргаш, дилхина, баса.

Шун хІора лазамна роггІана дІавожалуш,
И къиза ворданаш сайн даг чу йалайо аса...

* * *

Сан кхиэлан хІосташка дирзина хьан некъийн дерташ,
Хьан хІуонан дакъа ду ас доьІуш долчу син Іаь а.
Хьан аре – керайукъ – сайн ирсан кан кхио гІерташ,
Моьнаша – нахаран хершнаша – йуьзнийла хаьа...

* * *

Кестта-м ца йевли вайн Іадийна ойланаш меттах,
ХІинцца бен ца дити дай хила вай вешан кхиэлан...
Сталина, буй бетташ ткъоллагІчу бІешеран бетах,
Тхьузйоьлла хилла вайн историн кхетаман кхела...

* * *

«Даймохк» боху доккха дош ду хьо, гуьйренан стигал.
Хьан чаккхенехь гІаргІулеш йу – дукхатІадамаш:
К І о р г а ду хьан л е к х а маьІна, со ойлане виггал,
Лаьттахь даккхий синош даха хІиттол адамаш...

* * *

Дахаран дукъ доруш, Іожаллин Іовраш чухьалхар,
Сацо вал ца карош, стаг цара дІавадош ву.
Цундела олу ас: муьлххачу поэтан кхалхар
Шен тоьлла иллеш цо эхарта дІадахьар ду...

* * *

Мало а йеш сан хье лийса, парталйаьлла ойла,
Ас хьуо сихха дІаяздарна кхераделла дош,
Аьшшимма со Іамий, Дала сий шуьшиннан дойла,
Сих ца вала, деган орца халкъан кхиэле хьош...

* * *

ХIинца-м сан син байракх лестош, хьоькху хенан мох а,
Амма суна доьгIна дац-кха сайн тIаьххьара цхьа де ган.
Оцу дийнахь нехан иэсо бастахь уьйриг сан деган,
Гур ду и хиллий сан иллин уггар беха могIа...

* * *

Шераша мохь лацахь оьздачу сан дешан ге тIе,
Стешхачу хьацарца бех а йеш сан деган ботт,
Сардаман топ тохий харц-иллин осалчу хьиэ тIе,
Ахь иза доIаза дIадолла, сан ненан мотт...

* * *

ГIерташ п о э т вицвалийта, ма къа хьоьгу аша,
И цавезарш. Амма цо шун пусар дIа-м ца до:
Хи тIе боьду некъ дIабайъарх лайша, догIанаша,
Адамаша, хьаг ма-делли, меттахIоттабо...

* * *

Бакъо йоккхуш сайна кхузахь, хехо санна, латта
(Сайн байташна реза хирриг нохчийн шира илли),
Дедайн ирзехь хIинццалц Iахар Iилла дезна латта,
Деган чкъурах хIайкал де ас, хьо йуккъе а диллий?..

* * *

ГIайгIанна йацош, шайн ойланаш йечул а аз,
Шу хилахь, адамаш, наггахь а со дагалоцуш,
Йилбазмох ца кхуллуш Iийр дац-кха сан дешан аз,
Илли а хир дац сан тIаьхьараалар а доцуш...

* * *

КIирйелла хьежарна сан ойла кхетаман аренах дIа,
Кхоччуш тхьузйолош шен йуьйлина латтийна йаьIна,

Гин цунна: могІанан-беречун букъ тІехьа лечкъина Іа
Дадийна далочу нускалах тарделла маьІна...

* * *

Даим лууш ду сан илли талла дуьне гІергІа:
ХІун чам болуш йу-те, ванах, беттан можа паста?
Сетташ доьду тача ду-те сира эханг тІергІан?
Цуьнан йуьхьиг озайе ас, Лаьттан уьйриг баста?..

* * *

Деган кан хьистина гІайгІанан луьйдиг
Іовша дІахІуттушехь сан иллин могІа,
Лайн борзан бепиган ховха-кІайн буьйдиг
Йаа дІаболало мацбелла мох а...

* * *

Къолам, ахь хьуо декхар бу, боху, ма-хуьллу лара
Хьайн хьаьркаш Іалашйар тІелаьцна сан шерийн аса.
Тахана хьох бо ас ойланан дин лоллу сара,
Хиларе сатуьйсуш кхана хьох сайн деган Іаса...

* * *

Со – хьан аьрха бере ву, ткъа хьо – сан дин бу, илли,
Хьан гаъ даьІнех ларбеш йу сан деган кІеда нуьйр.
Хьо поэзин арахь хоьхкуш, ас а бІиллиг дилли –
И ца дича, кхочуш ца дало соь халкъан буьйр...

* * *

Дуьненан лазамо шен дагна гуо лаьцча кхалха,
Илли бен, лор воций ма-хиъи шен дагар дайдан,
Поэто кІайн кехат дуьллу шен бІаьргашна хьалха –
И ду цо ойланийн уммате бартхотту майда…

* * *

Сан ирсан бIаьргаш чу хьаьвзича гIайгIанан мархаш,
Вас хилла ойланаш, ша бина хи санна, туьйш,
Мел къуьйлуш хиларх шен когашна сан иллин кIархаш,
Сан дог ца дохадан, Даймахко тIетуду уьш…

* * *

Хьаьж тIе моза хиъча, и а старал боккха хеташ,
Ойланаша кхаьбна волу со цхьа экам вара.
Сайн синхIоттам карзахбийларх хIинца-м вац со кхеташ:
Синхааман ира мокха доху цо макъара…

* * *

Йезачо дуьйш-лело шен дола даьккхина сан деган ирзе:
Зезагех чет дузий, дог-ойла син нахарх дIайожало,
Ткъа цуьнан йуьхьлацар тIедоьжна илли а хетало ирсе,
Ховхачу куьйгашца баьлчанах тийсалуш сатийсам го…

* * *

Шена чохь сан бIаьрхиш долуш
Йазйелла лазаман маIа
Бертазчу къурдашца молуш,
Бохаман тойнехь со ма Iа…

* * *

Ког биллахь кхолламан неIсагIел дехьа,
Со а ву абаден паналлехь вовр.
КIадбоцу бахьана, ахь собар дехьа,
Сан даг тIе ца буттуш бохаман шовр…

* * *

Хено огу нанас хьоьстуш йоцу беран беснеш,
Кеста-кеста карлайоккхуш йоцу йиш а ле.

Сица муьйлу ас дуьненан уггар тоьлла беснаш,
Экамечу йоІ-бІаьргаш чу латта дижале…

* * *

Денойн кийрахь къекъа-м къийкъи дагалецамаш,
Сан кхетаман тхов тІе тоххалц дІадаьллачун къора.
Шен буьртигаш-чхьонкарш йетташ, эгош сан син гІаш,
Таханенан лерг а долий цо цхьажимма къора…

* * *

Адамаш лелачу некъашна гена мел девли,
Вовшашна мар-мара эвххьаза деттало дитташ.
Хьун санна, луьстйелча сайн дагалецамийн севлик[99],
Ас къайллах хьекхабо лайначу баланийн нитташ…

* * *

Къан а велла, шен оьмаран йисте кхечи иза,
Шера хаьа, йоьрзур йоций шен цамгар а къиза…
Цхьа лаам бу хІинца цуьнан: йовха йоллуш вала,
Адамашна ца хилийта ша дІаволла хала...

* * *

Берахьлера хьайн син дерташ ахь а
КІаргдо, къобал ца деш уьш вон хьахор.
Херхо хадош, дитт а кхета-кх охьа
Синтар долуш ша сеттинчу агІор…

* * *

Къастаран букъ кегбеш, нуьцкъала шаьш цхьаьна Іарх,
Шуьшиъ ду къайллаха кхечеран безамех хьоьгуш.
Бацалахь болх беш йу цаьпцалгийн баьццара чарх,
ЭгІарша йерина шун синойн шалхонаш тоьгуш…

* * *

Шовкъо мел йен ойла йетташ хьайн майданахь кепа,
Син Iаьнарца лоьллуш гIайгIа йагош йаьлла къахь,
Сан лааман куьзга, хьо ма чIогIа даьлла лепа:
ЦIена эхь ду-кх цхьа хийраниг хьуна чу хьажахь…

* * *

Шеца йовхо йолуш йу сан коган хIора лар а.
ХIара Iаьнан чилла къарйан со ницкъ болуш ву.
Къамел деш, сан багах кIуьрах терра Iаь йийлар а
Деган товха марсайаьлла йогуш хилар ду…

* * *

Дуьненна а бедарш тега ницкъ болуш ду тай.
Шен цхьа похIма доцуш дац кху лаьттахь цхьа а сиз а.
Адамаша пайдаоьцуш дац дIо шира тIай,
Амма шина бердан деха гергарло ду иза.

* * *

Малдаларх бIаьрса а, лерг къийла йаларх а потт,
Сан санна, ала йиш хуьлда-кха массо а стеган:
Варкъ туьлуш, гIеметта хIоттарх а сан дегIан ботт,
ХIумма а мекхаша-м ца йиъна шаьлта сан деган…

* * *

Цкъа дарлой, хьийза вай, вовшашна чугIерташ,
доккха дов даькккхина,
Цкъа лела, берашна тIе хуьйшу мозий а къехкош.
Ткъа дахар – ага ду, бухбоцчу бердана йисте а даькккхина,
Замано-дестечо бендоцуш когаца техкош…

* * *

Седарчий хетало оьмаран чаккхешкахь тІадамаш…
Чарташ ду-техьа уьш стигалахь дуьйгІуш дуьнено,
Дахаран баьццарчу генаш тІехь ношделла адамаш
Іожалло дуьйцинчу тускар чу эгийча хено?..

* * *

Хьовсийша, дахарна вайн долахь хІун дарж го:
Йийсархой ду-кха вай, тІекхаччалц ле хан,
Вайн месийн варкъа тІе баппанан хІу даржо
Даима гІертачу заманан механ…

* * *

Ши набахти йолуш санна хета Лаьттан долахь:
Цхьаъ йу – ханна, амма важа йу-кха – гуттаренна.
Вай йитабехь[100] долуш санна хета, дукхахьолахь:
Дахар – некъ бу кошан бага кийрара дІа ненан…

* * *

Хьо, Іаьнан чилла, ма гІалат йу аренаш ма-ййу
Йаьржича, Іаламехь йовхо ца хилийта дагахь:
Барам тІехь айъина, хьош йолу шело а ма йу
Мелачу Іаьнаре цкъа йоьрзуш каш-борзан багахь…

* * *

Керлачу кошана хьалха со
хІоразза латтахь а, ойланехь воьхна,
ХІоразза кхетаме цІеххьана
дуссучу маьІнах сан бузу-кха бІаьрг:
Барз – иза тІадам бу
оьмаран могІанан чаккхенга Іожалло тоьхна,
Ткъа чурт ду – Іожаллел ца эша
дахаро хІоттийна айдаран хьаьрк…

* * *

Ду-те чIурам-чиркхан милтан буьххье хиъна Iийриг,
Наггахь тIам а тухуш, кху сан синан можа хьоза?
Гой-те цунна замано сан шерех йуцу тIийриг,
И сан логах тесна, дахарера со дIаозо?..

* * *

Кийра сирла боггушехь сан беттан бIаьштигал,
Дог ду, резадоцуш, цуьнан можа гIайгIа молуш.
Кху сан дагна шенна йеза йоккха цхьа стигал,
ГIушлакхе а баьлла, богуш ирсан малх а болуш…

* * *

Iалашонийн тхьамда хIоттош лаьттахь дукха вахар,
Лаам бац сан, ахча санна, денош дагардан.
БIаьрган негIар туху йукъ йу ткъесан дерриг дахар,
Амма иза тоьу цунна стигал къагайан…

* * *

Чуьркаш йу верасаш чалтачийн синойн,
Къизаллин докъанна доггах тIейеттарш!
Легашкахь шад буьсуш дебначу къинойн,
Лайла уьш – адаман цIийн чомах кхеттарш…

* * *

Сай-бодий къастахь, хьан бIаьрса ду хIинца а ира,
БIаьргаш чу Iенахь а тIаьхь-тIаьхьа сиркхонийн хьацар.
Дитахьа къежвалар – месашлахь сатасар сира,
ХIора хьайн маьркIаже йелахь а цхьалло са лацар…

* * *

Когаш кIел хьоьшу вай сийлахьчу эхь-бехкан гаьргаш,
Вайн аьшпийн кIуьро бIаьрг Iовжоза дуй-те кхин дош?

Стигала хьежадо вай догІмийн хьараме бІаьргаш,
Малха тІехь хьоькх мел гин,
вайн къинош кхетош-кхиош...

* * *

Хаьа суна дирша хуьлий киршанах а, йича.
Лууш вацахь со хьайн керта вогІуш тІамца гар,
Хьайн боьхачу ойланашна хьогІан мезий дича,
Доьху хьоьга, сан диканан дилха кІам цадар…

* * *

Вайх хІоранна сатийсамийн йеса шок а лоькхуш,
Кегий хьашташ лела, вай ца дуьтуш даха, дала.
ХІара денош – декхар ду вай Іожаллина тоькхуш,
Бахьанаш а лоьхуш, дерриш цхьаьний дІа ца дала...

* * *

Дог сан, ахь ма чІогІа дуьйцу летта-летта далар,
Дууш ца Іан бендацаран кІеда-кІайн худар.
Болх хьайн хала боллушехьа – кийрахь деттадалар,
Ахь тІелаьцна хьайна нехан гІайгІа дІахудар…

* * *

Сай лаха! ДІахеца ца хууш схьалаьцна эгІаза лекъ!
Тиларна ца кхоьруш, дуьненан массо а маьІІе хьо кхача:
Тешаме тарш хилла, когашка буьжур бу цІа боьду некъ,
Ойланийн хьаннашкахь карийча хьуна хьайн
безаман тача…

* * *

Башабелла букъ сан деган синхьехамо хихкина,
Йайелла цуьнан бергаш, кхиэлан некъех йиттина.

Ас и хийла сайн ойланийн реманашла лихкина,
Цуьнга хьажа, хан а, раж а йоцуш, хьалагІиттина…

* * *

Са кхаббал сурсаташ карадахь хьайн ирсан хесахь,
Хьуна ду моьттур ду хьайн бІаьрхиш безаман ниха.
Делахь а, кханенах тешаран кхес ахь дІахецахь,
Дахаран гІорасиз йийсархо хир ву хьох сиха…

* * *

Лаьтта оьгу суй-седанийн цІераш,
Ла ца луш шаьш беттан некхах йахар.
Зама йоьлху, эгош бІаьрхиш-шераш:
Чаккхе йоцу тезет ду-те дахар?

* * *

Дахаре безам бу, вайн кортош кІайдаларх, сенлуш.
ХІораннан дог-ойла хІусам а лору цо шен.
Вайн Лаьттахь меттигаш хилча дІабоьхкинарш денлуш,
Кхин болх хир бацара адамийн уьш къийсар бен…

* * *

Бендацар йу – синойн мало, церан дІаьвше молха,
Ткъа адамийн бала кхачар – къинхьегам бу хаза.
Деттадалар хилла ца Іа сан даго бен болх а –
Іаьмма цунна, цхьаннан керта бохам беъча, лаза…

* * *

ГІора доцуш сан дахаран сирла йоза деша,
Майрайохуш шайн серлонах кхоьруш хила волла,
Зеделлачун бІаьргаш, шу ма хьалхе девлла леша,
Лайча санна шаьш сан кхиэлехь ІаьІна йерриг кІолла...

* * *

Гуш ву со хьан даго ловш йолу стогаллин къелла.
Хьан бакъо йац хьуна, хьехамбеш, дош ала бере!
Хьайн озан массо а тІаьхьало аьшпашна йелла,
Шабарийн Іаспар тІе хаий ахь нийсонан бере…

* * *

Лам йа аре къовса довлу атта
Вай, хиндолчун ца беш цуьрриг тергам.
Чурта хьалха букардоьлла латта
Ду, мохк бекъча, вайна кхочу дерг а-м…

* * *

Сингаттам ловзабо, цхьаллин лам, хьан шаша,
Суна тІе ахь и ма шершабе:
Цхьа мохь бен ца лору сан деган белшаша –
Ги хийша Іемина шераш бен…

* * *

КІант, хьо-м суна воккха хета, ловзуш леларх берашца,
И-м хуур ду, хьаьжча ас хьан лергах мехий дахаре[101].
Уьйр сан эрна ца хилийта набарзаллин шерашца,
Хуьлда хьуна сан доглазар – некъакехат дахаре…

* * *

Сайна тІаьхьа терса некъ ас буьтур бу, кІант, хьуна,
Мало ца йеш, Іалашбелахь и сан оьзда гила.
Къинхетаме дарба лелош цуьнан чевнийн хьуна,
Цуьнан гІийла ойла хьаста хьо бен хир ву мила?..

* * *

Хьуна даим дан лаарна сан собарна къола,
Бохам, ас хьо лору цхьа шатайпа курхалча.

Амма цкъа а сан дог-ойла йоьрзур йац хьан дола,
Къонахалла мел йу сан син коьрта урханча.

* * *

Лаьхьа санна, йуьхь тIе текхча хебар,
Карор йац и шарйан цхьа а иту.
Вай къандалар – дац-кха шераш дебар,
Вонаша вайн дегнаш агар и ду…

* * *

ХIуонан марахь делладелла, малхехь лепа зезаг,
Цунна там беш, зарзаро шен зевне эшарш лоькху.
Кийра мел бу пхьагIат[102] йаржош, синхаамна йеззарг,
Дагой, синой ховха керайаккъаш вовшах хьоькху…

* * *

Маьлхан кучо шен дегI дешшехь къийза,
Бецан месаш хьийзош, Iуьллу латта.
Чуьркаш сих а оьхуш, пхьидаш хьийза:
ТIома синош Iийша дац-кха атта...

* * *

ТIегIерта Iаьнан мур цецечу ойлане биггал,
Кечйелла аренаш шелоне маршалла хатта.
Лайн чимаш, шу-м гIерта дIатаса шайн даймохк-стигал –
Шун къилбе йу-техьа со шена тIехь веха Латта?..

* * *

Малх къайлаболлушехь, болатан сира бос оьцуш,
Стигал йу, мархийн гIагI дуьйхина, тIом бан кечйелла.
Ткъа Лаьтто, баьццарчу бецан турс дуьхьал а лоьцуш,
Ша-шена догIанан гоьмукъаш кегйан дош делла…

* * *

Шен суйнийн дийшаза дисина бІаьргаш а детташ,
Сих-сиха еттарца Іаьржачу кІуьрзана це,
Йогуш йу, шен сирла меженаш дІаса а йетташ,
Овкъаран сирачу меттара гІеттина цІе…

* * *

Іаьнан суьйре – цхьаллин шийла теш –
Йу тийналлехь дагалецам тазбеш.
Амма пеш йу кІуьран шатлакх деш,
Шен цІаро сан сискал йаттар даздеш…

* * *

Седарчийн барт болу пхьоьха дІайухуш,
Сатасар, чиркх санна, хьала ма-летти,
Бутт хета, стигалан тхевнна кир тухуш,
Лила а ца тоьъна, йисина меттиг…

* * *

Мархаша зевнечу серашца шайн декхар токхуш,
ХІаваэхь шен дато керт йан дІадолало догІа.
ДІабайъи махо, шен бендоцу сиз тІе а хьокхуш,
Акказин гаьнна тІе йазбелла хьаргІанийн могІа…

* * *

БІаьрзе мох а, диттийн йаххьех куьйгаш хьекхна,
дІабаха.
Боьлак цунна тІаьхьайоьлху, бІаьрхиш Іенош къорза –
И ца лайна, бутт дІабай-кха, йоццушехь шен дІабан хан,
Шен серлонан рицкъанах дІахадош цхьалха кор сан…

* * *

Стигалан товханахь тIаьххьарчу седанан кIега
Баьгначу боданан сирачу овкъарлахь байн.
Делкъенан йовхоно маршалла хаттале шега,
ХьошалгIа деана тхи лардеш, Iаш бу-кха бай...

* * *

Хьуна-м дера моьтту хир ду гуттар хила деза
Синхааман кертахь хоьхкуш йорадоьлла дой:
Безаман а дац-кха шеран дерриг денош деза –
Деган шуьнехь латта ца ло чаккхе йоцу той…

* * *

Хьан цIе йоккхуш, дог сан доьлу йа долало лаза,
Бен ца хеташ арахь хиларх шеран муьлхха хан:
БIаьсте йолуш хуьлу хьох сан дуьххьарлера заза,
Гуьйре тийжа йолайелча – сан тIаьххьара гIа…

* * *

Чаккхенга лестича, вайшиннан уьйр хили къиза –
Беттан нур лалош, кхин суна хьан кор ца леша.
Шийлачу латкъамца декаш, са чолакхдаьккхи сан
Хеназчу къастаран цIестачу горгалеша...

* * *

Ца гин хьуна, батт а сеттош, эладита къажар,
Цо хьан тешам шеца бижор, тесна тIе кетар.
Ткъа и гинчу суна хили – лаьтта малх ца хьажар,
Анайистан керт а кагйеш, стигал тIекхетар…

* * *

Хьайна къона со хетарна, цахиларна къоьжа,
ГIерта хьо сан гIеметаллин кхерчахь йогу цIе ган,

Йоккхайерца баста болош сан гІайгІанан гоьжа,
Гучубоккхуш цу йуккъера саллар – нур сан деган…

* * *

Дато вота йетта лерехь хьан йеларан зевно,
Сан син зІаьнарш лоьцу цу хьан кІайчу цергаша.
Даго боху, Іаба ца до ша хьан беснийн тевно,
Кхосса боху, сихо йеш, хьан бІаьргийн цІерга ша.

* * *

Хьуо дІаделла йаьлла лоруш синхаамна декхар,
Ирсан байракх лестош, суна улле хьо-м ца йогІу.
Хьо схьахьежарх хІун ду? И ду новкъахь девзиг хьекхар:
Йолуш цхьа а йист а йоцуш, гІайгІано чан йоху...

* * *

Ма дуьра а хета дагна сингаттаман шовр,
Кхин гергара хІума дуй-те хьан бІаьрхишна цул а?
Хьох йен ойла – къастаро шен ленаш тоьхна говр –
Хоьхкуш, йо ас ирсо хьоьстуш болчийн лерехь кула...

* * *

Кхин башха дага а ца догІу бІаьстенан заза-м,
Дитташа кховдийна муттане стоьмаш бууш.
Ца гинехь хьайна сан синхьесахь буьрттигал лазам,
Цецйийла ца оьшу дуьненнал сан гІайгІа гуш...

* * *

Іаьржачу хьан бІаьргийн бода а биъна, суо вузарх,
Хьан син серлонна тІегІерта со – сайн гІора ма-дду:
Сан гІенийн маьркІажехь хьан беснийн ши малх
чубузарх,
Хьан бІаьргийн седарчий схьакхета йиш йолуш ма ду...

* * *

ГIайгIа сихлуш хьан беснеш тIе беса ши куьг дилла,
БIаьргаша а Iаьржа дуьйхи, ирсан малх чубузуш.
Эладитанан йозалла лан кхин ницкъ ца хилла,
Вайн безаман тIай чудуьйжи, къастаран Iин дузуш...

* * *

Сих-сиха галморзахаллаша сан са до тахка,
Оцеран маьIна дан тIаьхь-тIаьхьа дац суна атта.
Йезар, сан ойланаш дIакхелхаш хьан деган махка,
Сан кхетам хуьлий-те цара дIакхоьссина латта?..

* * *

Сатийсаме йоха ца ло цхьаллин буто бIов,
Цунна гIо дан ма ца деша и хьан бIаьргаш коча.
Хьоьца буьсуш кхача шен – хьан месийн можа цIов,
Вайн и къастар хилчахьана, дог сан даьлла воча...

* * *

Дуьне мел ду хьо хестийна и сан иллеш хьан бах тийн?
Таханчул а зевне хир йу церан жутт-ма кхана.
Амма кхоьру, ахь йен ойла – и сайн вастан набахти –
ХIусам хилла дIахIоттарна кхечу тутмакхана...

* * *

Хаза го хьох аса мел йечу ойланийн туьйра
Марзонан бешарчу IиндагIехь лечкъина Iаш:
Лааман стоьмаша га сеттош вайшиннан уьйран,
Тоххарехь кегбала Iемина безаман Iаж...

* * *

Ирча гIенаш гарна кхоьруш, хьо ма хьийза йохий,
Синтем баош ойланашна, ма хебаде хьаж а.

Хьайн кІажарийн йоьза баргол сан син когех тохий,
Ахь и лалла хьуо Іаш йолчу цІенна гонах дажа...

* * *

ДІатили рогІера вайшиннан вовшахкхетар а,
ДІайаха сан хІаваъ дохдина хьан беснийн Іаь а.
Ткъа къаьхьа къастар бен ца хилча тІаьхье вайн гаран,
Хьо дагайоггІушехь, ойланехь моз хІунда ІаьІа?..

* * *

Сан сий деш, тховса а сацийна ахьа
Сан дагна тІегІерта гІайгІанан эскар.
Сатоссуш кхачор ду сан ирсан лахьа:
Набаран йохаллехь хьан бІаьргийн ткъес гар...

* * *

Лууш нахала ца даккха сайн безаман илли,
Шерийн догІа тоьхна, кийра къовлуш, бича хьулам,
Хии суна лаьттахь кхин хьол говза къу ца хиллий:
Хьан куьцо сан дог дІаийци бІаьргийн корехула-м.

* * *

Ахь сан безам ма хІиттабе холчу,
Цуьнан гІора дайдеш, мотт ма лебе:
Вайн Малхе а – оццул боккха болчу –
Серладаккха ца ло ахдуьне бен.

* * *

Вайшиннан лер-алар, дохк санна, довш
(Хаьлла барт кхетамо вовшах а хуттий),
Сан даго дІахуду хьан хІора дош,
Цкъа хьалха хьан бІаьрхин берам чу Іуттий...

* * *

Шун кетIа вогIу со, хьан когийн лар ган,
Дог хIотто ахь кийрахь литтинчу хIуоне.
Шеконийн талорех сайн син хас лардан
ДIахIоттар доьху ас хьан мукIарлоне...

* * *

Дезча а цунна чохь масийтта эзар шо даккха,
Йийр йарий цхьанна а безаман набахти кIорда?
ГIайгIанан цIуьхIаршна ца каро ца мега тIаккха
Хьан амат – ловзош дерг тулгIеша сан гIенийн хIордан?..

* * *

Іиттаршка бирзича ас хьоьга мел бина бегаш,
ЦIеххьана тIехаьрца вайн уьйран масийтта гIат.
Херонан цIераша, стешхачу серлонца сегаш,
Халла бен ца гойту сан дагна хьан йуьхь-сибат...

* * *

Сан безаман байракх йу – ас хьох ден дозалла.
Иллин чет ду дохдеш дешнаш – хьан син гергарнаш.
Дагах терза дина, уьйзуш шовкъан йозалла,
Оьшу суна хьан йеларан зевне герканаш...

* * *

Хьан цIийдинчу дешнийн дашо тов
Сан безаман лерсино а зийна.
Са ца дагош, баста ца ло-кх цIов
Хьан беснешца йолчу зIаьнарийн а...

* * *

Тешамна лазам бан ца йуьтуш шеконан йу,
Сан иллийн цIеналла дIахудуш ойланаш хир хьан.

Буьйсанан тийналла – вайшиннан захалча йу:
Цо хьуна кечдина стигалан седарчийн кирхьа...

* * *

Сан кийра синхьехам бижар а дац хьуна лаа –
Хичашйеш соьга, цхьа инзаре сема-м и Іа.
Хьан дешнийн шелонна тІекхийти Іаьнан чилла а:
Сан деган къилбенна кхераме дуй-те ши Іа?

* * *

Сан кийрахь йу моьттуш безаман къелла,
Хьайн дагна тІаьхьа сан ойла идош,
Хилла-те суна ахь сагІина делла
«Хьо веза» боху и мерза ши дош?..

* * *

Тидаме эцарца Іаьно схьа мел хьебен тІом а,
Къоьжачу стигалахь декъазчу шайн денна луьйш,
Мохк хуьйцу олхазарш дац хьуна гІевттинарш тІома:
Вайшиннан баьгначу безаман чимаш ду уьш...

* * *

ХІуо а цоьсту лайн чимаша, Іарш а хьоьсту сира.
Мох бу гІерташ цара Іуьтту йунаш дІасацо.
Сан йезаран забарш йу-кха церан йунел ира:
Хийла, дашца там бо олий, дагна вас йо цо...

* * *

Цомгаш ду сан цІийнан кораш хьо дІайахчахьана.
ХІора буса цара Іаьржа гІайгІа Іеттайо.
«Цхьалла» олу лазар ду и-м йуха меттахъхьайна:
Цо сан деган хІора меже къиза сеттайо...

* * *

Эрна ду, ахь йаппарш йича, ас дог-ойла къийлар,
Цара схьаоьхьучу суьрташна со-м дуьхьал вац:
Мелхо а, дика ду-кх шеконийн ша буто хилар –
Тешаман берда тIе со воьдуш, и кеглур бац...

* * *

БаI санна тIелеташ сан ойланашна,
Къийзайо ахь церан меженаш нуьре.
БайIат деш доггах хьан ховхачу дашна,
Йолайо ас хIора сайн байтан Iуьйре...

* * *

Сегаш йерг Iома чохь седарчийн сал[103] йу,
Марха йу ца йуссуш дIо беттан гира.
Ма чIогIа цIиййелла хьан беснийн алу,
Наб йоцчу буьйсанан йукъ йууш сира...

* * *

Хьан деган хIусаман кор ду сан могIа,
И схьа а доьллий, ас мохь тухуш хьоьга,
Сан озан ги хуий, тIебогIу мох а,
Ас шена хестийна безаман чоь ган...

* * *

Хи шуьйра ца хилахь, шен бердаш хердина латтол,
Лур дац цо геннара вовшашка сатийсар царна.
Гатделча вайшинна йуккъера безаман татол,
Кхерам бу вайшиъ а, шийла ши берд санна, гарна...

* * *

ЦIе хIинца кIезиг йу хено сан мустйинчу пешахь,
Сан хебна цхьалла а атта дац йу ала хаза...

Ткъа хІун деш лела хьо сан деган гуьйренан бешахь,
Сан кхиэлан махах а тешийна хьайн синан заза?..

* * *

Безам бу – сан шовкъийн гІаттам,
Хьо цуьнан куьйгалхо йу-кх.
Керстбеш хьан восан бартхаттам,
Йоьхку ас марзонна йукъ...

* * *

Сан векал – хьан месийн мотт хуу мох а
ДІасеци, хазаллин тІеІаткъам лайна.
Цуьнга гоч ца бойтуш сан цхьа а могІа,
Къеждала доллу-те сан хьаьрса жайна?..

* * *

Махо ловзайо-кх хьан хьаьрса кІажар,
Ковстан апарино шовда луьтту.
Ткъа гІайгІанан кІуьрзах дуьзна хьажар
Ахь сан кІайчу ойланна тІе Іуьтту...

* * *

Йиси хьо, къастаро жимдина синтеман гІора,
Со а ву хьан декъах, хьо цуьрриг йоха ма йоха!
Сан гІайгІа йу хьуна муьлххачу чуртал а къора:
Ахь иза кхелхинчу хьайн ирсан гІевланга йогІа...

* * *

Хьан хьажарехь бендацаран барам алсамбаьлча,
Шеконо сан ойланна тІе огу хьаьркаш шен:
Хьан ши бесни малхбузаран басахь лепа йаьлча,
Сайна тебаш санна хета къастар-маьркІаже...

* * *

Маззакъйоьлла цхьалла йу сан кхиэлан тIамарх летта,
Со мел чIогIа веттаваларх, и-м ца йолу дIа.
Хьо ган лууш, сатийсамна декхар воьдуш тIеттIа,
Со-м цкъачунна сингаттамна гIуда токхуш Iа...

* * *

Ахь суна совгIатна хьажар лахь,
Йоккхур йу ас цунах са.
Хьан куьйгийн дашочу хIазарлахь
Сан дагна гIенах го ша...

* * *

Сатийсаман йийсарехь хьо яллар
Ирсан гуро лацарх ас дин тар.
Хии суна хиллий бIаьсте йалар
Хьан безамна хено некъ битар...

* * *

Генна йу седарчийн серло дIайов хан –
Оцунна теш хIуьттуш дIо беттан хич йу.
Шовкъан малх Iаьткъича, хьан амат довха
Эвххьаза дуьжур ду сан иэсан хи чу...

* * *

ТIегулдехьа сан ойланийн кес,
Ирсо оццул пурба хьайна делча:
Йукъ ца йуьсуш, догуш хилла иэс
Йезачуьнан вастах хьакхаделча...

* * *

Къастаран йийсарехь ахь бала лайна хир бу,
Шеконо гІелбина сатийсам, бер санна, чІеІаш.
Ахь йазден кехаташ – мохк хуьйцу олхазарш ду,
Хьан кийра шелбелча, сан деган къилбехьа теІаш...

Нохчийчоь

(сонетийн кочар)

Сулаев Мохьмадна

1.

Нохчийчоь – сан къоман сийлаллин бен,
Оьшу хьан гергарло сан кхиэлан цIенна.
Чкъураца хьоькх йоцу хьан сибат бен
Хир дац сан оьмаран марчонал цIена.

Хьан анайистан бос ма ховха бу,
Со цунах сайн деган ботт йалла, хьаьгна.
Маьлхан сир дилли цо сан бIаьргаш чу,
Iуьйренца, суьйренца шен коьртехь даьгна.

ЦIа доцчун ваша ву хьан маьрша мох,
Керт къахьйан тIера ду хьан маьрша доза…
Хьан беттан бIаьрга кIел текхадеш нох,
Дешна ас сурт кхуллу хьан мархийн йоза…

Башломан дохк ду – хьан гаьнгали цIина
Мокхазан тарха тIехь гIиллакхо бина…

2.

Мокхазан тарха тIехь гIиллакхо бина
Зил бу сан йуьхькIоман са хьоьстуш берг.
Суна и доьналлин бесни тIехь гина –
И бу-кха сан иллин боцуш цатерг.

И зил бу Урартун йозанаш тIера,
ХIинца а лаьтташ хьан къайленийн хехь.

Доькъу цо вар-валар гойту ши терахь
Хьан лаьттахь дийгІинчу тхан чарташ тІехь.

Чекхволуш дахаран тІаьххьарчу зилах,
Ас маракъовлур бу сайн къоман зил:
Воккхавеш сайн каш а хьан кертахь хиларх,
И коьрта хетарна массо а сийл.

Сан деден бІов йу хьо, ас пусар ден,
Сан дагна ха деш бу хьан горга пен.

3.

Сан дагна хадеш бу хьан горга пен,
Кечамбеш сан дог шен Іаьнарлахь дашо.
Суна хьан Іуналло ца тохахь пе,
Хьох лаьцна иллеш а хир ду сан дашо…

Элпа тІе элп тухуш, дашна тІе – дош,
Шо-шаре гулби ас цхьа зевне бахам.
Іазраил малико сан са дІахьош,
Шатайпа хир ду сан верасийн сагІа-м.

Луур ду и сагІа ахь къобалдан,
Даггара дарца хьайн мукъамийн доІа.
И совгІат лорур ду къомана дан
Хьан иэсан паналле ваханчу воІа.

Сан кийра Іена хьан гуьйренан гІина[104],
Хьан цІарах дарба деш нохчичун сина.

4.

Хьан цІарах дарба деш нохчичун сина,
Іаламо йоьхку сан маршонан йукъ.

Лазамаш керчабеш бух боцчу Iина,
Хьан гIоьнца кагбо ас Iожаллин букъ.

ТIаьхь-тIаьхьа, эхь дайна, сан шерийн базар
Соь хетта йаьллехь а оьмаран мах,
Сан деган хесара сиркхонийн асар
ДIадаккха гулбо ахь тешаме нах.

Мацца а, хьедеш сан каш-лаьттан хьовла,
Ахь бIаьргех хьоькхур ду хьайн иэсан пхьош,
Иллешна аьхна йеш лензаллин гIовла,
Ахь самсадоккхур ду сан хIора дош.

Хьаштхилла сайна хьан йалйоцу гIо,
Хьан дуьхьа ваьлла кху дуьнен тIе со.

5.

Хьан дуьхьа ваьлла кху дуьнен тIе со,
Кхочушдеш азаллехь мел гина гIенаш.
Хьоьца ас даьккхина муьлхха а шо
Даздан хьакъ йу хьуна уьншеран хенаш.

Ширачу хьадисийн керт йоцу урд
Дайн лоьруш, даьккхи ас сайн иэсан дола.
Цундела бийр бу ас тIаьххьара къурд,
ТIеэца деза каш ца хеташ дола.

Векалдеш сайн уьйрех дисина доь
Абадехь биллина мотт лара лахьта,
Ас хьуна чIагIо йо, сан Нохчийчоь,
КIиллолла Iеттийна, дуьне ца къахьдан…

Баркалла хІуьтту сан пхенашкахь аьлча[105],
Воккхавеш, цхьамма хьох довха дош аьлча…

6.

Воккхавеш, цхьамма хьох довха дош аьлча,
Коьшкала боккху ас сайн ненан мотт.
Нахана жимма а пайда сох баьлча,
Туху ахь сихха сан гІуллакхийн чот.

Ахь до-кха ас дечу диканийн жамІаш,
Сих ца луш кхайкхо ас баькхина миэл…
Иллеш сан къобалдеш сох тешна къам Іаш,
Хаац хьан лаьттахь со лелар ву мел.

Шен барам къайленах тешийна рицкъа,
Хаац хьан текхахь ас мел дуур ду-м…
Цкъа хІинца-м аьтто бац цхьана а ницкъан
Йакъо сан кхолламан даьІахкийн тІум.

Цундела ас хьоьга цхьа хаттар ло:
Дийцахьа, хьан бІаьрга со муха го?

7.

Дийцахьа, хьан бІаьрга со муха го:
Месалчу арццал йа пиллигал жима?
Хьан лаьмнех, аренех дозалла до,
Уьш къагош, малхо а, батто а – шимма.

Со-м хаа лууш ву сатуьйсуш дуй
Сан деган татане хьан варшан лерса.
Со-м баа кийчча ву ахь бохху дуй,
Хьо бен сайн дац аьлла дош оза терза.

Дуьххьара гуш йац хьан стигалан Iарш,
Ас дуьлуш бIаьрхишца хьан лаьттан даьIнаш…
Дийцахьа, муха ду дIакхаьчна Iаш
КIенташа сий даран турпала кхаьънаш?

Суна а-м тарло сайх дуьненан баьчча,
Маршонан мурд хила дуй биъна ваьлча….

8.

Маршонан мурд хила дуй биъна ваьлча,
Лоллу ас йийсарехь хьарчийна къа.
Куьг лазош, къуьйлу ас къоламан баьлча,
Даггара охуш сайн кехатан кха.

Цул тIаьхьа боккхуш сан шеконо мекха,
МогIанийн зIийдигаш чолакх а йеш,
Дарбане хьан малх сан оханах бекха –
Йалта сан мацца а дебаран теш.

Гойту ахь хьайн лаам хилар а ботта
Могашчу гIоранах сан байтан кан:
Ахь лома дIавоьху со хьажа-хIотта,
Ас мел йен ойланаш йуххера ган…

Сан некъан таж ду – хьан лечанан тIам,
Сан къена верас бу – хьан акха лам.

9.

Сан къена верас бу – хьан акха лам,
И-м лаьтта, охкийна чухчарийн кхесаш.
Дохийна, хьан кхерчах даькккхича къам,
Дас санна, кхаьбна цо хIолламийн иэсаш.

Гихь лелош обарган мажйаьлла хьун,
Кавказехь Іалашйеш сан къоман хьожа,
БІаьвнех ца кхетийта мостагІийн ун,
Хьун кхиош тІорказахь шен хІора чІожан[106]

И лам бу – ахь доьгІна шатайпа чурт
Вайн массо кошана ГІум-Азехь долчу.
Хьо ганза беллачийн хІораннан сурт
ТІулгашна гІенах гуш, хьо-м хІуьтту холчу.

Хьох лезна ойланаш хир йац сан хьаре,
Сан кхиэлан цІенкъа йу хьан шера аре.

10.

Сан кхиэлан цІенкъа йу хьан шера аре,
Шена тІехь хенаша боршамаш беш,
Шар-шарахь йоьду и бІаьстене маре,
ТІаьххьара лайн чимаш хІаваэхь леш.

Шен кийра хьаьвзича татолийн болам,
Со воккхуш ойланийн косказаш[107] тІе,
Куьйгана байбо сан лехамийн къолам,
Иллига тохийта сан дагна це.

Кхиайо суна шен зезагийн тоба
Бацалахь бес-бесар доІанаш дан,
Механ хьу кхетта сан сатийсам туобан,
Сан бІаьрса хьерчадеш зазашла хьан.

Ша мерза бацахь а, беш суна там,
Сан меттан буьххьехь бу хьан лаьттан чам.

11.

Сан меттан буьххьехь бу хьан лаьттан чам,
Мацца а беза и лахьти чу бахьа.
БІаьрхиша хІоттор бу сан кийра Іам,
Кхачадахь суна хьан марзонан лахьа[108].

Сан токхе напгІа[109] ду – хьо денна гар,
Кхаъ бу и баккха сан хьо йезачаьрга.
Хьан новкъахь дІайайча сан коган лар,
Шан пардо лоцур ду хьан маьлхан бІаьрга.

Лур бац-кха сан цхьа а синхаам аз,
Со худуш мел ву хьан буьйсанийн кІора.
Хьан лере дІакхачахь сан довха аз,
Хир йац сан байташ а лергашна къора…

Даго деш хьан васте лераме даре,
Ас сица дору хьан стигалан дари…

12.

Ас сица дору хьан стигалан дари,
Ойланца бетташ хьан мархашна лол.
Хьан шовда хьоьжу со суьйренца варе,
Цинцашца лийчайеш бІаьстенан колл.

Белшаш тІе кхоьллина дахкаран оба,
Ларйи ас хийла цу шовданан йист.
Ас цигахь аьлла сайн ирсана оба,
Дуьххьара хуьлуш сайн йезаче вист…

Луларчу варшара диттийн цхьа доьзал
ХІинца а синтаршка со вуьйцуш Іа…

Хьан Іалам мел деха, вовр вац со доьза,
Кхин йуха ца ван со водахь а дІа…

Лоруш шех валарна со кхерар хийла,
Суна а лаьа хьан са ийлуш хила…

13.

Суна а лаьа хьан са ийлуш хила,
Кховдадан цуьнга сайн байракхан дарж.
Хьанала йац ала хІуттур ву мила
Хьан маршо лоьхуш ас мел йина харж?

Ца гІерта баккха со хьан цІарах пайда,
Хьан киса кегадеш, ца лоьху сом.
Цхьабакъду, лууш верг ас динарг дайдан
НеІалтах дІавехка кийча ву со-м.

Ца тоьъча осалчийн нахартийн гІора
Механа билгалдан хьан бІаьрла хьал,
Дуьненна хьо хестош, ас иллеш дора,
Лехьайеш дашочу хьан дешнийн сал,

Мархаша кхоладеш хьан бІаьргийн лила,
Ас чехка хаьхкича заманан гила…

14.

Ас чехка хаьхкича заманан гила,
Ийман[110] боккху сан оьмарна барт.
ГІолда со гІийлачу буоберан къила,
Малбахь сайн иллица ас бина барт.

Хьан кІайчу тІулгаш тІехь ламаз дан лууш,
Къилбехьа йирзина сан къоман йахь…

Лакъийла сан илли, дош дашо дууш,
Харцо а хастийна вас хьуна йахь.

Тахана хьан маршо декъалйеш лаьтта
Тешаман гIоьнча хьан – Исламан дин.
Хуьлда сох Iесаллин чиркхара даьтта,
ЦIунан[111] лай лелла, дош ас йаздахь кхин.

Лойла со, лелахь хьо ца хеташ бен,
Нохчийчоь – сан къоман сийлаллин бен…

15.

Нохчийчоь – сан къоман сийлаллин бен,
Мокхазан тарха тIехь гIиллакхо бина.
Сан дагна хадеш бу хьан горга пен,
Хьан цIарах дарба деш нохчичун синна.

Хьан дуьхьа ваьлла кху дуьнен тIе со,
Воккхавеш цхьамма хьох довха дош аьлча,
Дийцахьа, хьан бIаьрга со муха го
Маршонан мурд хила дуй биъна ваьлча?

Сан къена верас бу – хьан акха лам,
Сан кхиэлан цIенкъа йу – хьан шера аре,
Сан меттан буьххьехь бу хьан лаьттан чам,
Ас сица дору хьан стигланан даре.

Суна а лаьа хьан са ийлуш хила,
Ас чехка хаьххкича заманан гила.

1991 шо

Иэсан гІу

(сонетийн кочар)

1944-чу шеран 23-гІа февраль дагалоцуш

1.

Кеста-кеста со сайн халкъан иэсан гІу тІе хІуьтту,
Сайн бераллин кога туьйдуш Казахстанан аре.
Лазамечу ойланашкахь ас, хи санна, луьтту
Ден кхолламо нехан махка дина беркъа «маре».

Кху дуьнен чу ваьлла со тІедоьгІна синтар хилла,
Делхош сайна напха латто дезна гІийла дитташ.
Вина меттиг, сайн кхетамехь ас хьо мичхьа йилла,
Хьуна тоса ца йалийта сайн цІийн озан Іиттарш?

Чаккхармашна чекх а дуьйлуш, кхолош синан бІаьргаш,
Сан Даймехкан лаьмнех хьерчаш сингаттаман дохк ду.
ЦІахь дисинчу кешнийн гІевлангарчу чартийн гаьргаш,
Къиза когаш тІехула а лелаш, новкъахь Іохку.

Лаа дац сан, хьуьхь а воьлла, иэсан гІу тІе хьиэдар,
Маракъуьйлуш хенан муьшах тесна деган ведар…

2.

Маракъуьйлуш хенан муьшах тесна деган ведар,
Со хи эца вогІу сайн хиндолчун корта била.
Наггахь гІунан син куьзганахь сайн син малх схьакхетар
Суо ларамза вахар лору ас сайн халкъан къила.

Сан къа ду и – денна бохург санна, леха дезар
ХьаргІанал а Іаьржа шекъа, оццул бохам бийца.

Сан къа – ворхI шо тIаьхьа кху дуьнен чу вала везар,
Къематдийнал ворхI шо жима лазам хилар цIийца.

Ас цундела къежбо иза, гIу чу хьоьжуш иэсан,
ДаьIахка тIе кхаччалц кIаргйеш цуьнан ховха хебар,
Оьмар йоца хирг цахиларх доглазаран хьесан
Иза тешош, тохадаллалц гIунан бIаьрхиш дебар.

Цунна мала ас сайн ведар даим дуьзна дуьту –
Къаьхьа хиларх, айса эцна хи ас дIа ца дуьтту…

3.

Къаьхьа хиларх, айса эцна хи ас дIа ца дуьтту,
Сан иллина оьшу иза-м ламаз эца, мала.
Замано сан букъах де-буьйсанан шаьлта Iуьтту –
ТIаьхь-тIаьхьа ду суна цунах ведар лардан хала.

Нагахь санна и, зарзделла, дерриг даьлла додахь,
Йакъайелла гIабакх санна, гатлур бу сан кийра.
Сайн хиндерг а-м гуш ду суна, даг чуьрчу хин доь дахь:
Кондар хилла, уьдуш хир ву, мох ма-белли хийра…

Ткъа тахана-м, могIанашца хьоьстуш иэсан корта,
Иллийн кIотар йиллина ас цуьнан гIуна йуххехь,
Дола хирриг мостагIчунна, хьаглахь, схьатIегIорта,
СинIовжаман хина даим къонахалла йу хехь,

Цуьрриг осал а ца хеташ дехар бIаьрхине дар –
Цуьнца денна лийчо лууш сонта хазахетар.

4.

Цуьнца денна лийчо лууш сонта хазахетар,
IаIадо ас айса бала Iуьйшуш даьлла мутт а.

Ас сайн керайуккъе дуьллу маьлхан можа хедар,
Цуьнца йолу токхо сайна оьшу дела гуттар.

Пана махкахь йаьлла дуьххьарлера бІаьсте оза,
Йицлур йац хьан дегайовхо ца леш бисинчарна.
Хьо йу шординарг кху лаьттан къинхетаман доза,
Хастам хуьлда ахь сан кийрахь латийначу цІарна.

Истангашлахь къам-хІусамда цецдехи ахь хийла,
Богуш гойтуш дорцах хьулам боцуш хилла кхерчаш.
ГІенах санна, дагадогІу серлайохуш гІийла
Ахь сайн даим бепиг буйна къуьйлуш, йевлла берчаш.

Иэсан гІуна ша мел бин а, хьо и башош, йаьгна,
Самадохуш къоьжа пенаш къизаллино аьгна…

5.

Самадохуш къоьжа пенаш къизаллино аьгна,
Бахлуш болчу муьшах тесна ведар ас чухоьцу.
ХІара сийлахь-деза хи ду сан гІайгІанна аьхна –
Шен гуш доццчу куьйга цо сан деган кІай схьалоьцу.

ХІара хи ду – бІаьрхиш, бакъо йоцуш цкъа а лакъа,
ХІора тІадам барах ларбеш, цхьанаметта ІаьІна.
И дерриг а хууш йолу гІунан заразакъ[112] а
Сеттош Іа шен шерийн махо тилош лаьтта йаьІна.

Ирс сан кийрахь дІасахьийзарх, чохь Іан хІусам лоьхуш,
Сих ца ло со-м сужде доьжна дог сайн хьаладаккха.
Гуьнахь доцу къинош гечдар халкъан иэсе доьхуш,
Дагна лаьа, хІокху гІу чохь кхелхаш, гІазот даккха,

Шех хьегош сан ойланаш а, иллешкара шовкъ а –
ГIуна дуй-те со шен кийра кхийда валар новкъа?

6.

ГIуна дуй-те со шен кийра кхийда валар новкъа?
Со-м ца воллу гена махка цуьнан хиш дIакхехьа:
Ас цIерпоштийн чкъургийн шийла цIийзар хала лов-кха,
Цу ирчачу Iай и сайна хезна доццушехьа.

Лайн бехачу новкъахь дуьтуш чарташ доцу кешнаш,
Йукъахдаьлла йеса кхидIа цхьалха доьшуш махо,
Багахь кхетам чуьра дуьйлуш сийлахь-даккхий
дешнаш,
Мила вара хIетахь долуш сан халкъана дан гIо?

Цхьа а тайпа аьрша йарий буста къиза барам:
Йоцу таро вижа-гIатта, нанна – бер дIахьарчо,
Беллачарна аьхна боцу салтийн куьйгийн барма,
Массарна а цхьаъ бен доцу дорцан зуьнан марчо…

Ас йаржайо ойла, йезаш вац и дукха хьаьъна,
Хи – адамийн бIаьрхиш хьедан со воццушехь хьаьгна.

7.

Хи – адамийн бIаьрхиш хьедан со воццушехь хьаьгна,
Со-м кху гIу тIе вогIу сий доьххинчийн хIуьттаренна.
Даррехь нохчийн вон цIе йаккха гIерта «аьзнаш»
хьаьхна,
Царна дуьхьал тIом бан ас тIелаьцна гуттаренна.

ГIалх деш, хьогIан зIе а текхош, цхьа къена пхьу хеза –
«Къаьмнийн дадас» тесна даьIахк хийла йаьжна йовсар.

Кан ца морцуш, доьрзур доций цунна хаа а-м деза
Дорцалахь а дІа ца йайна йолчу цІарца ловзар.

Кхин цхьа ІаьнцІиг, шена ца йоттарна кхоьруш диларш,
Сан кхиам ца лалуш, угІу, карзахдаьлла дала.
ДІаьвшо йахкош лаьтта чевнаш – цо мотт хьоькхуш
хилларш,
Цхьаболчарна-м эхь ца хета цунна доьша дала…

Ша-шена ша хьарам хетий, сан воккхавер дов-кха,
Ас лазамна пурба делча син Іаьршашкахь къовкъа.

8.

Ас лазамна пурба делча син Іаьршашкахь къовкъа,
Цигахь ношлуш, андайолу бІаьрхих йуьзна марха.
Цхьа инзаре Іаьржа ткъес сан хье чохь меттахъхьов-кха,
Иэсан бІаьргаш мала гІертарх бендацаран хьаргІа.

Со-м ца гІерта тІехтилийта йалйан хьаьгна догІа,
И хиларх а хІора шарахь кІайчу лай тІе догІуш:
Хьанна оьшу, цунах уьдуш, кхоллабелла могІа,
Іийжа ойла хенан тожа бухахь къайлайохуш?

Хьанна оьшу къерсигбаьлла синтем кхобу туьйра,
Цкъа а цІегІа чопа эцна доцу чевнна тІера?
Ас сайн хІара гІеметталла йоккху когашІуьйра,
И йаларна кхеравелла цу йочанна хера…

Комаьршаллин векал хилла, миэл а боккхуш шена,
Бала-шовр а качбеш, гІу чу дуьра догІа Іена…

9.

Бала-шовр а качбеш, гIу чу дуьра догIа Iена,
Iийжош, басадохуш хIаваъ шена тIехулара.
ХIора тIадам шен хилийта лууш уьнах-цIена,
ГIушлакхера дожале, и кхета ткъесан мара.

КIожам санна, лаьмнаш догуш, Iемаш орцахдала,
Шийла кIозарш охьахоьций, тийжаш, гIу чу керча.
Нохчийн йарташкара йасакх йоккхуш лела бала,
ТIуьна шело ла а ца лой, салтийн чоэх хьерча,

Ша ков-керташ дассадарх а (ца беш церан хама)
КIомсарш лепош, къежа, цIа карийча-м шена довхха,
Амма лей дIайолу, цуьнан букъ ца бохбархьама,
Шеца йолу нохчийн алу дIайалаза товха…

ДогIа-м догIу, тIеттIа йузуш сан доIане кана,
Шех схьабаьлла цхьа а тIадам дIа ца ластош пана…

10.

Шех схьабаьлла цхьа а тIадам дIа ца ластош пана,
БIаьрхийн догIано бинарг а бу шатайпа тIалам.
Даймохк гаре сатийсинчийн собар дуьйлуш чIана,
Къурдех кхача хиллал дилхи ГIум-Азера Iалам.

И ду – дохийначу халкъан тIехь тхов боцу петар,
Оьхьуш лайно кираш тоьхна шен лазартнен чоьнаш.
ХIун дан деза, цигахь дарба хилла аьлла хетар
Дохо гIерташ, Iийжаш хилча кхетамера моьнаш –

Цкъа а шарлур йоцу чевнийн луьра тIаьхьалонаш,
Къиза мел дерг чу а IаьIна, хьаладуьзна хершнаш?

Эшош питанаша кхаьбна дІаьвше инкарлонаш[113],
Уьш цІандеш бу къоман кІентий, шайн хиндолчух
тешнарш.

Деле доьхуш царна гІодар, лаьтта лаьмнаш къена,
Февраль беттан ирча денош карладохуш дена…

11.

Февраль беттан ирча денош карладохуш дена,
Нохчийчоьнан Іаьнах хьерча бехке доцу къинош.
ХІолламаша ца довлуьйту дайн кешнашна гена
Декъий мичахь ду ца хууш дІабайначийн синош:

Аматаша хІиттийначу тезеташкахь доьлхуш,
Хьацаречу гІан-набарша оьхьурш верасашна,
Бендацаро вас а йийраш, несала а доьлхурш
Дийначара шайн цІе йоккхуш аьлла долчу дашна.

Царах лаьцна ойла йу – сан чевнна тесна туьха,
Ша-шен дола ца далуччу дохуш сан садеттар.
Уьш шен дагахь латтор – декхар ду сан иллин дуьхан,
Осалчарна дуьтуш кхетамехь уьш тІехьа теттар.

Церан лараш леха бІаьрса дІа а хьежош ана,
Къежлуш йу сан йоьлхучуьра сецна йоцу нана…

12.

Къежлуш йу сан йоьлхучуьра сецна йоцу нана,
Даьгна шераш, чимаш хилла, шен месаш тІе оьгуш.
Йу и, дай баьхначу йуьрта ша цІа йеъчахьана,
Шен сирлачу денойх лайначунна марчо тоьгуш.

Ненан неIалташа аьгна вагон киралело
Къинойн марахь, веллачуьнан синпха санна, тийна.
Цуьнца Iаш йу сан бераллин гIевлангара гIело –
И а йу со ца леш висар хеташ тамашийна:

Мацаллино массо маьIIехь дуьйгIуш гураш долуш
(Ца хилийта сан бераллин шерийн деба таро),
НеIсагIехь – сан куьг тIекхоччехь – миска бол а болуш,

Хенан хьерахь вузийна со ненан син кIаркIаро[114].

ХIора шарахь Iаьнан уггар гIорош болчу батто
Лайнарг дийца дош ца карош, узам беш, сагатдо…

13.

Лайнарг дийца дош ца карош, узам беш, сагатдо,
Со хи эца мел ваха а, гIунан зеразакъо:
Цунна ломахь къиза йохийначу бIаьвнан гIат го,
Дагахь лаьтта дайн ирзенаш лело йоцу бакъо.

Самах-гIенах цIе-кIур хаьлла кIотарш дуьхьалтуьйсу
(Рицкъа хилларш дарже кхача Iазапечу кхожан),
Цо йух-йуха, хьашайелла ойла лазош, луьйсу
Хьайбахара йогIу адам дагош йаьлла хьожа.

Декхар хуьлуш бохийначийн ларийн хьаьркаш деша,
Кхайкхадо цо, шен ги хийшош хIусам йоцу мехаш,
Оьзда узам хилла хилар нохчийн хIора дешан,
СинхIоттаман гIаларт хилла, назманашкахь бехаш –

ХIинца а-м ца лоьху, шена хьакъ йу бохуш, атто
Кхойтта шарахь доIа хилла лелла болчу матто…

14.

Кхойтта шарахь доІа хилла лелла болчу матто
«Даймохк» боху дош а эвлайаийн декъах лору.
Уггар хьалха дагадеънарг шегахь Іазап латто
Цкъа а тІаьхьадуьсур доччу неІалташца вору.

Йахь, стогалла денна уьйзуш хьаьркийн герканашца,
Айдардешнех шатлакх деш, и ший карийча йеза,
Йукъ а йоьхкуш цхьаъ бен доччу шен герзаца-дашца,
Цо шен хІора элп а векалдина маршо йеза.

Тахана а хилла цунах иэсан гІунан хехо,
ДІаьвше хабарш дуьйцучара и бехйарна кхоьруш.
Ас тІелаьцна нохчийн меттан турпалалла хьехо,
Суо и бийца Дала хьакъвар декъалхилар лоьруш.

Сан иллешна тІера цуьнан дарбане Іаь гІуьттуш,
Кеста-кестта со сайн халкъан иэсан гІу тІе хІуьтту.

15.

Кеста-кестта со сайн халкъан иэсан гІу тІе хІуьтту,
Маракъуьйлуш хенан муьшах тесна деган ведар.
Къаьхьа хиларх, айса эцна хи ас дІа ца дуьтту,
Цуьнца денна лийчо лууш сонта хазахетар.

Самадохуш къоьжа пенаш, къизаллино аьгна,
ГІуна дуй-те со шен кийра кхийда валар новкъа?
Хи – адамийн бІаьрхиш хьедан со воццушехь хьаьгна,
Ас лазамна пурба делча син Іаьршашкахь къовкъа.

Бала-шовр а качбеш, гІу чу дуьра догІа Іена,
Шех схьабаьлла цхьа а тІадам дІа ца ластош пана…

Февраль беттан ирча денош карладохуш дена,
Къежлуш йу сан йоьлхучуьра сецна йоцу нана…

Лайнарг дийца дош ца карош, узам беш, сагатдо
Кхойтта шарахь доIа хилла лелла болчу матто…

Замане кехат

(сонетийн кочар)

1.

Сан кхолламах никх деш шерийн вена,
Доккхуш суна гІеметталлин моз,
Де-буьйсанан сирла-Іаьржа хІоз
Керчабо ахь даго бинчу биэна.

Сан марзонаш йохуш суна гена,
Йукъйо ахь сан сатийсамийн соз[115].
ХІетте а, сан дешнийн къорза цІоз
Баьрччехь дека меттан гІушлакхенан.

Сеттадеш сан синхІоттаман га,
Чехка хьийза хьан мІаьргонийн бера.
Ткъа ахь кийра дуьллу йекха[116] дера[117]
Хала ду сан хьаштийн кхашна ган.
Дена дарделлачу жІаьлех тера
Йетта, зама, ахь сан дагна ка…

2.

Йетта, зама, ахь сан дагна ка,
Азаллера дуьйна синтем байна.
Дустош ву со, хьан тІеІаткъам лайна,
ГІелделлачу денойн оза жа.

Ластадо ахь деган цхьалха гІа,
Со цхьажимма кхеро лиъча хьайна.
Къиза луьстуш сан дахаран жайна,
Хьарчадо ахь геч хир доцу къа.

Хье чу хьийза хьох йен ойла къаьхьа,
Со везачийн васташ чехадеш.
МIаьргонашца суна кIелойеш,
Сахьтийн бIо ахь боккху суна тIаьхьа.
Хийла синхаам сан дIабаха
Ла ца луш ахь мел ден дабагIа…

3.

Ла ца луш ахь мел ден дабагIа,
Гаъ[118] лазийна дуьне хьийза готта.
ХIиттайо ахь цунна лерга потта,
Ца хазийта айхьа доьIу са.

Ца дити ахь тешам болуш ха
Сан кхолламан кевнан берте хIотта,
Хьан цундела бакъо хир йу мотта
Айхьа хадор бу сан деган пха.

Хьо йу турпалхо сан хIора гIенан,
Соьга хьейеш байттамаллин чIир.
Хийла хир ду цIийша дуьзна тхир[119]
Ахь сан коча тесна йолчу зIенан.
Ахь тIеIеношш маьлхан можа гIир,
Боьжигйоьлла Лаьттан цIока къена.

4.

Боьжигйоьлла Лаьттан цIока къена,
Халла ловш хьан когийн буьрса дур.
ХIунда гIерта-те хьан хIора мур
Буьртигашна тIе сан кхиэлан кенан?

Дита Iадда йуьхь-сибат сан ненан
Лепо суна шен беркате нур.

Ма дохаде, бетташ аьчган кур,
Куц сан воккхаверан бІаьвнан пенан.

Куьйгайоза хьайн гуш доццушехь,
Кхуллу ахь хьайн чаккхе йоцу дийцар,
Шен чулацам болуш тІеттІа хийцар
Чохь са мел дерг хІокху Лаьтта тІехь.
Дегош ховха пардо сан синпхенан,
Дац хьан идар цуьрриг бегашена.

5.

Дац хьан идар цуьрриг бегашена,
Йуьхь тІе хьоькхуш «хийцам» олу мох.
Текхош Маьлхан мекха, Беттан нох,
Сий дан хьакъво ахь со таханенан.

Къинойн басахь мутт сан кийра Іена,
Ахь ма-даьккхи синош Іуьйшу нох.
Зама, оццул къиза йолчу хьох,
Ойлайехьа, дог летар ду хьенан?

Йатош къона бецаш – Лаьттан тха, –
Белхош, Маьлхан бІаьрг а бохуш баса,
ГІерта хьо цІиналлин уча таса
Шираллера Іаьржа ІиндагІа.
Инзардаккхал сан тем боцу са,
Буто бу хьан некъа тІера ша.

6.

Буто бу хьан некъа тІера ша:
ГІерта и пелдаха ас ден болар.
Лору ас ахь сайна сардам боллар,

Йакхлуш мел гин сайн дахаран кха.

ТIаккха хьуьнар хIунда лоьру ткъа
Айхьа суна дагахьбаллам кхоллар?
Бохам тIебазбелча, сан хьаж кхолар
Хазахетар хьан ма хуьлда-кха...

Сан ойланийн «цхьалла» олу тхьамда
Мелла ваьлча сингаттаман кад,
Ма далийталахь сан хьажар кIад,
Доьлча цхьана йоьIан сибат кIамдан:
Дегайовхо атта дIатаса
Лууш дац-кха Лаьттахь цхьа а са.

7.

Лууш дац-кха Лаьттахь цхьа а са
Кошан борзан хехо хилла латта.
Ца хуьлуьйту ахь синошна атта
Йицйан азалле – шайн бIаьрла цIа.

Хьан бIешерех детташ горга тIа,
Йоккха урчакх санна, хьийза Латта.
Цуьнга уггар тоьлла хьал-де хатта
Дош кароза со ма лайла цкъа.

Сан собарна, зама, тIе ма къерза,
Массо вонах хьайна бIаьргаш бай.
Хьоьга-м хьалххе ас къадийна дай:
ДIанисделла даьлча ирсан терза,
Хуур дуй сайн дашна – халкъан лена –
Хьан сихаллех пайдаэца шена.

8.

Хьан сихаллех пайдаэца шена
Іожаллина лаар суна го.
Цо хьан кертахь шийла ойла йо
Дуьненарчу дахаран чаккхенан.

ХІан-хІа, йац и ойла цуьрриг цІена –
Хуьлу цуьнца тешнабехкан бІо,
Адамашна тІе цо кхийдадо
Шен и куьйгаш – цІийша дуьзна, хьена.

ХІунда йу и хьоьца иштта ийна,
И хьан карзахалла шена товш?
Ткъа лаьттахой хІуьцІин чІуьчІе хьош,
Зама, ахьа-м хийла къа хьарчийна.
Амма, кхоччуш караІамахь дош,
Вер ву со хьан массо къайле зийна.

9.

Вер ву со хьан массо къайле зийна,
Ахь йакъоле сайн лехамийн курс.
Ма мотталахь, детташ шерийн урс,
Сан талламе ойла айхьа йийна.

Хьан тохаршна дуьхьаллоьцуш Іийна
Со хІинццалца уьйрийн довха турс.
Ас цундела цунна лур йу дурс[120]
Къонахалла – кийра мел бу хьийна.

Сацар доцуш, со къахьоьгуш ву,
«Халкъан лаам» олу маьІда охкуш.
Ас дечунна резахилла мохк гуш,

Кхиъна иллеш дашна каде ду.
Дузур ду ас царах деган сахь,
Ненан матто сайн син тIаламбахь.

10.

Ненан матто сайн син тIаламбахь,
Соьга лалур бу мел боккха бала.
Хьайн шираллин неIалт суна ала,
Стешха текъа со дIаволалахь.

Амма, йешшехь, ахь дIахарцайахь
Сан хетарийн миска йилбазгIала,
Йуьхь хир йац сан иллех дагавала,
И сурт сайна гушшехь, IаддаIахь.

Дезар ду сан хьоьца эгIа тIаккха,
Даг тIе тосуш инкарлонан хIуш.
Хьо хир йу со кийча хилар гуш
Летта, хьайна тIехь а толам баккха.
Дайн стогалло сох шен векал вахь,
Къарлур йац хьоь лаьмнийн кIентан йахь.

11.

Къарлур йац хьоь лаьмнийн кIентан йахь,
Йоккхуш и хьайн кийтарлонийн дола.
Марсадохуш хьайн гуш доцу пхьола,
Деган пхьалгIахь ма хIиттайе къахь.

Сан дIадаьллачунна гIенах гахь
Самах сан рицкъанна ахь ден къола,
Хетарий-те цунна ша Iар дола
Хьан «абаде» олуш долчу цIахь?

Хьийзарий-те тІаккха, сох къахеташ,
Хила хьаьхнарг – доцуш сан цатерг?
Амма хІинцца дерг цхьа хьоме хеташ,
Цунна бо ас хастам – тоьлла берг!
Хьоьстур бу и беркато сан цІийнан,
Нохчийн къоман амал мел йу дийна.

12.

Нохчийн къоман амал мел йу дийна,
Вовр ма вац со доцуш цхьа а доь.
Ас и ойла-зІийдиг хьиэ чу йоь,
Сайн гІуллакхийн цІера схьайадийна.

БІешерашкахь сатийсинчу д и й н а н
Зерат ду сан маьрша Нохчийчоь.
Дозаллица бІаьрг а бетташ хьоь,
Іа и-м, турпалаллин чиркх латийна.

Дера, дуьненна а-м гуш бу и,
Буса берзан бІаьргаш санна, къегаш.
Хьо-м, сан зама, жоп ца луш ца Іийн,
Бича хьайга нохчийн маттахь бегаш.
Малхах лепаш иэсан дахкарлахь,
Дош хир ду сан – ахь ша къобалдахь.

13.

Дош хир ду сан – ахь ша къобалдахь –
Бешахь кхиъна синтар санна, хаза.
Доккхур ду цо дегнаш хьоьсту заза,
Шеца болу мукъам хьуна тахь.

Со, дагахь а доцуш, кхетта лахь,
Дилха дуй хьан сох къахетта лаза?

Дуй хьан лерса байтан назма хаза,
Махко цунна йека пурба лахь?

Тешор ду ас хьох, сан буьрса кхочар[121],
Абадехь сайн верас хилла Iар,
Ас IаIийна хьал – сан иллийн кочар –
Нагахь хьо дан гIертар йацахь къар.
Ас баркалла кхайкхор ду хьан сийнна,
Нохчийчоьнан стигал санна, сийна.

14.

Нохчийчоьнан стигал санна, сийна
Лепаш йу сан кхолларалли беш.
Хьо хиларна цуьнан дола деш,
Ас и лору сайна ахь кхиийна.

Байтийн дашо дитташ лаьтта тийна,
Шайна йуккъехь уьдуш шовкъан сеш.
Ахь хIинццалца – Дела ву-кх сан теш –
Эрна церан га а-м ца хадийна.

Хазахетар луш и йолчу дена,
Беш сан говза кхада йаьлча, ахь
Дика-м хир ду, нагахь диц ца дахь
Хаа дезар хьайна гуттаренна
Уггар тоьлла дургал йуй цигахь,
Сан кхолламах никх деш шерийн вена.

15.

Сан кхолламах никх деш шерийн вена,
Йетта, зама, ахь сан дагна ка.
Ла ца луш ахь мел ден дабагIа,
БIоьжигйоьлла Лаьттан цIока къена.

Дац хьан идар цуьрриг бегашена,
Буто бу хьан некъа тІера ша.
Лууш дац-кха Лаьттахь цхьа а са
Хьан сихаллех пайдаэца шена.

Вер ву со хьан массо къайле зийна,
Ненан матто сайн син тІаламбахь.
Къарлур йац хьоь лаьмнийн кІентан йахь,
Нохчийн къоман амал мел йу дийна.
Дош хир ду сан – ахь ша къобалдахь, –
Нохчийчоьнан стигал санна, сийна...

БИБЛИОГРАФИ:

1. 1969-чу шарахь дуьйна Юсупов Iилманан поэзи зорбане йиийлина «Ленинан некъ», «Колхозан дахар», 1990-чу шерашкахь – «Васт» газеташкахь а, «Орга» журналехь а.

2. **Даймехкан мукъамаш.** Къоначу поэтийн йукъара гулар (нохчийн маттахь). Соьлжа-ГIала, 1985.

3. **Шерийн гунан когашкара.** Къоначу поэтийн йукъара гулар (нохчийн маттахь). Соьлжа-ГIала, 1989.

4. **Заманан мазлагIа.** Гулар. Соьлжа-ГIала, 1991.

5. **Нана-Нохчийчоь.** Къоначу поэтийн йукъара гулар (нохчийн маттахь). Махачкала, 1997.

6. **Доьналлин маьждиг.** Гулар (нохчийн маттахь). Соьлжа-ГIала, 1997.

7. **Деган орца.** Къоначу поэтийн йукъара гулар (нохчийн маттахь). Соьлжа-ГIала, 1998.

8. **Иэсан гIу.** Гулар (нохчийн маттахь). Соьлжа-ГIала, 1999.

9. **Нохчийн кхерч.** Гулар (шведийн маттахь). Бурос гIала (Швеци), 2011.

10. **Илли а, мухIажаралла а.** Гулар (оьрсийн маттахь). Торонто гIала (Канада), 2015.

11. **Хьан кхерчан суй.** Гулар (нохчийн маттахь). Майкоп, 2015.

12. **Иэсаца къамел.** Гулар (нохчийн маттахь). Майкоп, 2016.

13. **Ден дош.** Гулар (оьрсийн маттахь). Дюссельдорф гIала (Германи), 2017.

14. **Лаьмнийн мукъамаш.** ХIинцалера нохчийн поэзи. (Нохчийн поэтийн йукъара гулар. Оьрсийн маттахь). Москва, 2018.

15. **Тийналлин мукъамаш.** Гулар (нохчийн маттахь). Майкоп, 2021.

16. **Дайн лаьттан серло.** Гулар (гуьржийн маттахь). Тбилиси, 2021.

17. **Кавказан поэзи.** Авторийн гулар (гуьржийн маттахь). Шина томехь. Тбилиси, 2021.

18. **Оьрсийн маттахь стихаш. «Слово\Word»** литературин журнал. Нью-Йорк, № 113, 2022..

19. **Оьрсийн маттахь стихаш. «День и Ночь»** литературин журнал. Красноярск гІала, № 2, 2022.

Юсупов Iилманан поэзехь долчу ширделлачу йа йозанан маттахь шуьйра лелаш доццу дешнех кхетамбаларан

ДОШАМ

[1] **Верлибр** *(франц.)*, **глосса** *(исп.)*, **газель** *(Iаьрб.)*, **рондо** *(итал.)* – поэзин кепаш (жанраш).

[2] **Дос** – сахиллац пешахь йагийта хадийна-йаькххина гуьйриг.

[3] **ХьинкIаш** – гIийла догучу дечиго лелхаш йен гIовгIа.

[4] **Гоьжа** – салларо шен тайца шена чохь Iен деш долу цIа *(кокон – оьрс.)*.

[5] **Баьлча** – нахаран мукъ.

[6] **ХIоара далар** – кена тIера буьртигаш схьадовлар.

[7] **Къубба** – кошана тIехула бина тхов йа гонаха йина гIишло *(гробница – оьрс.)*.

[8] **ГIурчош** – черманашна гонаха лоцу хIазарш.

[9] **Хьаьвхе** – ломахь IиндагI лаьтта шийла басе.

[10] **Кхема** – *зубной протез (оьрс.)*.

[11] **Тхьовса** – набаран тар таса.

[12] **Ачо** – цабезам, гамо.

[13] **Гора** – боккха моза *(слепень – оьрс.)*.

[14] **Баймакх** – вуно боккха ког.

[15] **Дата** – гайта.

[16] **Кховса** – пхьалгIахь левсина чу мох тохар (масала: левси кховса).

[17] **ХIост** – цхьана хIуманна билгало йар *(метка, тавро, клеймо – оьрс.)*.

[18] **Совр (совраш)** – *шероховатый покров сафьяна (оьрс)*.

[19] **Азатдаха** – паргIатдаха.

[20] **«Къаьмнийн дада»** – нохчаша Сталинан кхардаме йоккху цIе.

[21] **Билзиг** – куьйга тIе хьарчийна тIийриг йан кечбина тIаргIа.

[22] **Азат** – дерзина.

[23] **Гийзиг** – рагІ.

[24] **КІуркІмани** – хьийзаш доьду хи *(водоворот – оьрс.)*.

[25] **БІиллиг** – цхьана къовсамехь толам баккхар.

[26] **Турс** – 1. онда дечиг йолчу диттан тайпа; 2. хьалха заманахь тІамехь туьрана йа цхьамзина дуьхьал бІаьхочо лоцуш хилла гІирс *(щит – оьрс.)*.

[27] **Вай** – никх чуьра арахецайелла накхармозийн жІуга *(рой – оьрс.)*.

[28] **Никх** – накхармозийн цІа *(улей – оьрс.)*.

[29] **Балоз** – накхармозаша деш долу сурсат *(воск – оьрс.)*.

[30] **Дургал** – накхармозаша зезагех доккху мутта *(нектар – оьрс.)*.

[31] **Жуккар** – къахьега ца лууш болу накхармоза *(трутень – оьрс.)*.

[32] **Улх** – накхармозаша йинчу кепаш чуьра моз *(соты – оьрс.)*.

[33] **МазлагІа** – накхармозийн дуккха а никхаш дІахІиттийна бай йа ирзу *(пасека – оьрс.)*.

[34] **Салпал** – *пожитки, скарб (оьрс.)*.

[35] Кхузахь: дІакхелхина 27-чу июлехь, вина 10-чу ноябрехь – цу йуккъе кхо бутт хан йулу.

[36] **Сера** – котаман къуьрдигна кІорнеш дахийта кечбинчу бена чу дуьллу хІоа.

[37] **ЦІура** – ницкъ боцург *(импотент – оьрс.)*.

[38] **Тоти** – ахь аьлларг йуха схьаолу олхазар *(попугай – оьрс.)*.

[39] **Оти** – хІусам чохь йа уьйтІахь ша къаьсттина жима чоь, дукха хьолахь, хьаша веъча, и чувахийта кечйина хуьлу.

[40] **Утаркх** – бІегІигах йа истангах йаьккхина, когаш шел ца балийта мачаш чу йуьллу хІума.

[41] **Цига** – кхузахь: эхарта.

[42] **Буьнжолаг** – диттан генах йа шина бІогІамна йуккъехь берашна хахкадала дІаоьллина бухкаршна йукъахь миндар

йа у *(качели – оьрс.)*; «бираьнчиг» олуш дош а ду нохчийн маттахь, изза кхетам а болуш.

[43] **Зоьпар** – кагйеллачу настаран йа куьйган даьIахк ний-са хоттайалийта цуьнца ондда дIайоьхкуш хилла дечиг.

[44] **Ковст** – хенарчу диттан чIагIделла чкъор.

[45] **Варкъ** – борзана *(бронза – оьрс.)* тIехьорсуш цхьа хIума кечйар. Масала: уьрсан мукъ йа туьран, шаьлтанан ботт.

[46] **Бурам** – хих дехьавала дечгех йина коьчал *(паром – оьрс.)*.

[47] **Ирке** – цхьа хIума дан ца хIоттар *(нерешительный – оьрс.)*.

[48] **Шалмаз** – накхармозаша деш долу сурсат *(прополис – оьрс.)*.

[49] **Чухчахьер** – *созвездие Малая Медведица (оьрс.)*.

[50] **Герка** – терза узуш лело йозалла *(гиря – оьрс.)*.

[51] **Мармар** – тIулган тайпа *(мрамор – оьрс.)*.

[52] **Зангдола** – барамал сов чIагIдала.

[53] **Темза** – синтем боцуш, сацам боцуш.

[54] **Ача** – кхузахь: чайнан йай чохь хи кхехкийча лацалуш йолу гIир.

[55] **ГIикхдийла** – цабезам кхоллабалийта.

[56] **Шал** – тIергIан кIади.

[57] **Леша** (**лешадала**) – Iийдадала (*сочиться, капать – оьрс.*).

[58] **Гинсу** – *ртуть (оьрс.)*.

[59] **Шач** – уьшалахь кхуьу йар *(осока – оьрс.)*.

[60] **Лач** – воьдучу новкъара йуьстахвалар *(наискось – оьрс.)*.

[61] **Ног** – некъо цIеххьана голатохар *(излучина – оьрс.)*.

[62] **Боршам** – поппаран цIенкъа хьокхуш хилла сацкъа-ран чорпа.

[63] **ЦIий датош йерг** – кхузахь: Iожалла.

[64] **Боз** – кIадин тайпа *(бязь – оьрс.)*.

[65] **Очакх** – кхерч *(очаг – оьрс.)*.

[66] **Чийрик** – хІуманан доьалгІа дакъа *(четверть – оьрс.)*.

[67] **Азалла –** йуьхь йоцу даималла.

[68] **Абаде –** чаккхе йоцу даималла.

[69] **Тассам** – исбаьхьалла.

[70] **Акха –** шена динчу вуонах бекхам иэцар.

[71] **Туш-пхьа –** туш тоьхна меттиг.

[72] **Беназа** – бен боцуш.

[73] **Зарр –** йилбазмохь.

[74] **ТІепанг** – *вулкан (оьрс.)*.

[75] **Боьлкъазар** – *крот (оьрс.)*.

[76] **Йата** – гайта бохучу маьІнехь *(показать – оьрс.)*.

[77] **Испайлла** – дегІан куц.

[78] **Къаз** – уьшалахь кхуьучу бецан тайпа.

[79] **Мулк** – долахь болу бахам, хьал.

[80] **ЗагІа** – совгІат.

[81] **Даре** – хІуманна къера хилар, мукІарло (даре дан – мукІарло дан).

[82] **Хьаббарех ловзар** – лечкъаргех ловзар.

[83] **Рузма** – *календарь (оьрс.)*.

[84] **Лахьорч** – *ракушка (оьрс.)*.

[85] **Зебар** – шишан чу хи дутту коьчал *(лейка – оьрс.)*.

[86] **ТІо** – боккха тІулг *(булыжник – оьрс.)*.

[87] **Джаннат** – Йалсамани.

[88] **Саллар** – чилланан нІаьна *(шелкопряд – оьрс.)*.

[89] **Сакхо** – цхьана хІуман тІехь терго латтор, **тидаме хи**лар.

[90] **Гаьллаш** – *удила (оьрс.)*.

[91] **КІирвала** – воккха хила, къанвала.

[92] **Махкалла дар** – Іаламан хІоттам ловш цахилар.

[93] **ІалагІожа** – гІовгІане самукъадаккхар.

[94] **Дера** – *потрава, порча (оьрс.)*.

[95] **НІаьвцициг** – *гусеница (оьрс.)*.

[96] **Огар** – аренан бецан тайпа *(ковыль – оьрс.)*.

[97] **Зеразакъ** – цхьа йозалла хьалаойбуш болу гIирс *(подъемный рычаг, домкрат – оьрс.)*.

[98] **Йоьхана** – маре йоьдучу йоIах луш болу там.

[99] **Севлик** – совйаьлла хIума *(излишек – оьрс.)*.

[100] **Йитабехь** – кхузахь: новкъа девлла, цхьанхьа дIадоьлхуш бохучу маьIнехь *(***йитаб** – *этап (оьрс.)*.

[101] **Лергах мехий дахар** – гуттар а хьехамаш бар (фразеологизм).

[102] **ПхьагIат – ши куьг дIасадахийтича хуьлуш йолу йахалла.**

[103] **Сал** – оьла, гулйина нехаш.

[104] **ГIина** – цIен-можа бос болу басар *(хна – оьрс.)*.

[105] **Аьлча** – берийн ловзочу гIулган тоьлла лоруш йолу агIо.

[106] **ЧIаж** – шина лома йуккъера кIоргалла *(ущелье – оьрс.)*.

[107] **Косказ, косказаш** – *ходули (оьрс.)*.

[108] **Лахьа – цхьа хIума тIаьхьалонна дIадиллар (маса**ла: бежанан йа говран жижиг, дакъа а дина, лахьанна дIадиллар).

[109] **НапгIа** – хIора денна баа кечбеш болу кхача *(хлеб насущный – оьрс.)*.

[110] **Ийман** – кIорггера Делах тешар.

[111] **ЦIу (цIунан** – доланиг дожар) – Iесачу динехь Iесачу адамаша Iибадат деш хилла дечган йа тIулган мунда.

[112] **Заразакъ** – *колодезный журавль (оьрс.)*.

[113] **Инкарло** – оьгIазалла; **хIума даре ца дар (враждебность**; отрицание – оьрс.).

[114] **КIаркIар** – хьеран **дуо чуьра йалтин буьртигаш кохьар** тIе оьгуьйтуш, даима а йетталуш, гIовгIа йеш йолу хIума *(мельничный ползунок – оьрс.)*.

[115] **Соз** – тIелеташ йолу тIуьна хIума (масала: демах бина бод)

[116] **Йекха** – шеца хьано йоцу даар.

[117] **Дера** – дІадийна йалта, хьоьшуш, талхор (кхузахь – тІедалийначу маьІнехь).

[118] **Гаъ** – говрана шед туху меттиг *(круп лошади – оьрс.)*.

[119] **Тхир** – дечиг тІехь йа эчиг тІехь бина бустам *(резьба – оьрс.)*.

[120] **Дурс** – нийсса, ма-дарра, дерриг а.

[121] **Кхочар** – гергарниг.

ЧУЛАЦАМ

«Къоламца-белаца кехат а оххуш…» **(***Юсупов Іилманан байташ йоьшуш хилла тидамаш)* 5

ЗАМАНАН МАЗЛАГІА

Кхо синхаам 16
«Даймохк, хьох тешийна ирачу могІанан баьлча…» 17
Поэте дина хеттарш 18
«Мохк хуьйцу олхазарш йуха а, жатташка ІаьІна…» 18
«БІаьрган негІар туху йукъ, со-м лууш вац хьо сеца…» 19
«Шаьлтанан дитт ду сан дахаран илли…» 20
«Стогаран милт хьалауззушехь…» 20
Къийсаме.....22
Іуьйкъенан тийналла 24
Іаламан хІилла 25
«КхозлагІчу боргІалийн аьзнашла лестина буьйса…» 26
Къиза грамматика 27
«Сан гІайгІанан дилха датІош, доккхуш дашо нур чекх…» 29
Беттан хьокхам 30
«Сан ненан меттара сатоссуш хьала а гІоттий…» 31
Ширачу кешнашкахь 31
Нене («Нана, аса-м хьан хебарийн…») 32
Дахаре 33
Сан дой 34
«Къоьжаллин канаша гиччош тІе…» 35
Заманан мазлагІа 37
Базарахь 40
Хьо вина де 42
Ирзехь 44
«Деган маргІалш хено кхадар суна-м сане даьлла…» 45
ХьагІйолчуьнга 46
Бюрократе 47
Цхьана накъосте 48
«Сийсара сахиллалц догІано, пийсак а хьоькхуш…» 49

Веше ИбрахІиме 49
«Байттамал, хьан сирник дІайай-кха, сан къинойн кІожам…» 50
Баппане 51
Гуьйренан аматаш 52
«Буьйса текхош, къайладели беттан можа бурам…» 53
«МаьркІаженан ІиндагІашна пхьор дан лиъна мерза…» ...54
Хиросиме 56
«Шуьшинна марзделла сан темза синлаам къийса…» 57
Тов 58
ТІеман декъашхошка 59
Дарбанан цІийнехь 60
Іаламан бер 62
Іуьйренан аьзнаш 63
«Стиглахь беттан доккха хІоа луьйсуш...» 63
Лайн зезаг 64
Къарбелла дуй 65
Безаман лами 66
«Сан лерсин тІорказаш тІанк-аьлла хьайн озах дуьзна…» 67
«Огаран аренах къежделла дІадаха…» 68
«Цхьа ларамза ас хьан синна дина халахетар…» 70
Аьхкенан этюд 71
Ши безам 72
«Лайн чимийн мотт буьйцу жоп доцчу безамо…» 73
БиъмогІанаш 74
МогІанаш 78

ДІА МА ГІОЛАХЬ, ИЛЛИ

Сан кхиэл 80
«Бакъ дош аьлча, со сайн матте дов хьедеш ца лелла...» ...81
ДІа ма гІолахь, илли 82
«Поэзи хІун йу-те, бохуш, со леллера...» 83
Нохчийн матте 84
Сан илли (сонет) 85
«Малх бузуш кешнашкахь лела со цхьалха...» 86
«Варшан синтем меттахбаькхи дарцо...» 87
«Дохк муьйлу хІавао, тІунлуш ду латта...» 88

«УьйтIарчу дитта кIел IиндагIаш сетта...» 89
«Ира мох бу лоргуш диттийн кортош...» 90
«Гуьйренан боьлакна тIехула хьийзачу...» 90
Селханлера де 91
«Дахаран зовкхашна ца оьшу некъаш...» 92
Кхо цIа 93
«Хета суна цхьа шатайпа тассам...» 93
«Сан деган хазна йу Далла йен Iамал...» 94
«Велча цхьаъ, и лаьттан кийрахь лууш къайлаваккха...» ...94
«Денош а къасталуш хилла шайн беснашца...» 95
«Схьагуш дерг хетало, гIан ду-те аьлла...» 95
«ДиъкIовчу кехатан агIонна тIера...» 96
«ЦIеххьана вагийча бохаман цIаро...» 96
«Кийрарчу безамах лешачу беркато...» 97
«Эрзо берриг дIахьулбинчу Iомахь...» 97
«Наг-наггахь ца кхеттал со жоьпех кхолламан...» 98
Ойлане 99
«Моьттуш, айса говза илли аьлла...» 100
«Хьо йолчохь вац-кха хIинца со...» 100
«Арахь са ма-тесси, сан де, хьо къага...» 101
«Ма йоккха шовкъ йу-кха ламанан шовданца...» 101
«Iаьнан малхо, боьдуш сихха цIехьа...» 102
«ГIоргIа ло ду арахь Iуьллуш...» 103
«Къежбелла бутт ловзу Iома чохь хица...» 104
«Буьйса, йукъал тIех а йаьлла, малхбалехьа керча...» 104
«Кхиэл йу говза муьлххачу а хенахь бала кхолла...» 105
«Эвла йистехь жIаьлеш лета...» 106
«Кхиам бовза таро хилча сайн...» 107
«ХIун ду-те хилларг хьо Iаш йолчу цигахь...» 107
«Мохк хуьйцу олхазарш кечлуш ду дIадаха...» 108
«Дерз дохьуш, схьакхечи йочана...» 108
«Хенан хийцамашца лаьмнаш...» 109
«Оьгучу гIаша ден зов хезий декъа...» 110
«Октябран дийно шен къорзачу басаршца...» 110
«ВогIур ву со-м хьо цкъа ган...» 111
«Веара сарахь со шун йуьрта, дагах цIе йаьлла...» 112
«Де даггалц хьуьнах а лелла...» 113
«Седарчийн бакъйолу цIе...» 113

«Вистхила цалаар Іалашдеш сайн...» 114
«Зезагаша кІайчу тхинах...» 114
Сонет («Орца дохуш, некъаш уьдуш го... ») 115
«Ирх хьежа кІордийна, чухарца бІов гІерташ...» 115
«Ас иэсехь малх хьоьсту, йочанах вузарца...» 116
«Дукха йу хаттаран шатайпа агІонаш...» 116
«Хилла-те соьга аш шайн безам бийцар...» 116
«Цамгар хуьлу хьаьгна деша могашаллин йоза...» 117
«Ахь боху: «Абаде – Іин ду-кха кІорга...» 117
«Гуьйренан хьун, хьоьга со хьаьжча генара...» 117
«Воккхавево со, гуш сайна...» 118
«Со уьду масачу мІаьргонна тІаьхьа...» 118
«Хаддаза оьхуш ду гуьйренан догІанаш...» 118
«Эсала тийналла, кІошт йоккхуш къинтІера...» 119
«КІордийча ойланийн татанза дур сайна...» 119
«Волчунна хьо жимчохь дуьйна...» 119
«Азаллехь дуьйна кху дуьнен чу кхоьллина Дала...» 120
«Іалам, хьо суна хьайн массо а билгало гайта...» 120
«Сан хазахетар, ахь, дІадоьдуш гена...» 120
«Гуьйренан исбаьхьа мур болабелла...» 121
«Илли, со кийча ву хьо карабІамо, схьадола...» 121
«Бина-кха Дала сох къинхетам шен хийла...» 121
«Дац гІадожар, зазадаккхар ду – сан ирсан бен...» 122
«Гуьйрено йуха а, шен бІаьрхиш Іеношш...» 122
«Ша кху Лаьттахь со векалвеш эшо массо бала...» 122
«ДогІанан шур-шурца барт бича кхаша...» 123
«ДогІа йа ло догІуш, сихйелча мархаш дІакхачо...» 123
«Дуккхаъчу шерашкахь хаддаза байташна ваьцна...» 123
«Іаьмма со дош хьеста, нанас шен бер санна...» 124
«Сайн кхиэлан деношца сан доккха дов ду...» 124
«Ма гІерта, шеконаш, со ирсах хадо...» 124
«Уьйрашна петуху леш долчу адамо...» 125
«Тар ца ло сан са кху гуьйренан денна чу...» 125
«Гуш доцу дой хуьлий, дахаран къайленаш...» 125
«ТІом-бода тІебеъна, къам цІийла керчачохь...» 126
«Хьакъ дац-кха, дайн йурт а, тайпанан лам а...» 126
«Сихйелла, хьо йоьдуш хиларна, зама сан а...» 126
«Со хасто тІера ву дІадоьду де...» 127

«Хьун гуьйренан! Хьайн дитташлахь мох идарх а морса...» 127
«Хадийна вер ву со баланийн гуо маца...» 127
«Ас хьайга балхийча лазам йа бала...» 128
«Ойланашкахь марсабаьлча лазам...» 128
«Реза вац со лаьмнаш цхьаллехь деха бохучарна...» 128
«Ас коьрта лоруш дерг долуш ду-кх дуьненахь...» 129
«Гуьйрено декхнашна диллина гIина...» 129
«Бохамо хьовзийча, де гIорош довха...» 129
«Лаьмнашкахь Iуьллучу Iомана хьалха...» 130
«Сан садууш, хьийза ойланаш...» 130
«Йуха а тIекхечи варшахь гIадожар...» 130
«Массо а хиламна со духе кхиа...» 131
«Даймехкан лаьмнашкахь тоххарехь сатесна...» 131
«Хи йисте хьо кхайкха бахьанаш лоьхуш...» 131
«Сий-пусар ца деш вайн марзонийн вастийн...» 132
«Iа дедда дIадаха, девлча шен шаш дешна...» 132
«Хьо генахь йу-кх, малхбузар санна...» 132
«Ас байташ йазйийр йу гIашна тIехь гIаргIанан...» 133
Верлибраш 134

ИЭСАН ГIУ

Нохчийчоьне (сонет) 140
«Даймохк, ас хьан лаьттахь йуьту коган хIора лар а…» ...141
Дахкаре 142
«ЖIаьлех къаьхкий, буьйса Iаьнан…» 142
Шерашка 143
«Ма марсадуьйлу хьо тIаьхь-тIаьхьа…» 144
«Веха со, лелош сайн шерашца гамо…» 145
Дийнан урчакх 146
Бераллин денош 147
Воккхачу стаге 148
Тезетахь 149
«Белхош цхьаъ бен боцу орам – эвла…» 150
Хебар 151
«Безам, марзо – синойн массо сиркхо эшо лоьраш…» 152
Дуьххьарлера илли 153

Нохчийн поэташка 154
Йаздарче (сонет) 155
Сан байташ 156
Шовда 157
Сонет («Дац сан дахар, уьшал санна, тийна…») 158
Сонет («Хазахетар деъча цхьаьннан керта…») 159
Саллар 160
Йамартло 161
«Йуьхь тІехь хазахетар-бІаьсте йаьлла…» 162
«Хилаъ хилла цхьаллин хІусам готта…» 163
Сонет («Шелбелла бутт Іуьллу мархашлахь, хиэбаш…») 164
«Лаьтта йоьжна, даг чу тили…» 164
«Хьан нускал – синтар ду безаман бешахь…» 165
«Хьаннашца дов дели гуьйренан мехийн…» 166
«И сан безам иштта бара…» 167
Сан олхазарш 168
«Хьо ма гІерта шело йоьлла ала…» 168
«Хьан кІажарш тІехь шаш ду беса…» 169
Сонет (««Хьо суна оьшу-кха» – и кхо дош ду-кха…») 169
«Лаьттахь цхьа а хийцам ца го-кх суна…» 170
«Самсабохуш тишбеллачу сан лааман бен…» 171
БаІ 172
«Чехош сайна гІо дан гІерта хІилла…» 173
ЙоІ йоьлху 174
«Хьан куц ду – безаман товха…» 175
Газель («Хьо – кІур бу, сан дагах цІе йаьлча баьлла…») ...176
Ло догІу 177
«Нагахь со дІаводахь…» 178
Йезачун цІоцкъамаш 179
«Мархаш йуккъехь беттан къена гуьйриг…» 180
Телефон 181
«Шахьарш а йитина, веа-кх со хьо йеха эвла ган…» 182
Сонет («Ас хьан догуш долчу даге дашо даре дира…») ...183
Сонет («Аматийн зазашлахь, баІ санна, къеста…») 184
Сонет («Ткъе шиъ шо дара сан, ткъа хьан – ткъайесна…») 185
Деган цастарш (биъмогІанаш) 186
Нохчийчоь (сонетийн кочар) 211
Иэсан гІу (сонетийн кочар) 220

Замане кехат (сонетийн кочар) 230

Библиографи 239
Дошам 241

Ильман Мовсурович Юсупов

ПЕРВЫЕ ИТОГИ

Избранные стихи
(На чеченском языке)

Составитель – *Хамзат Юнусов*
Редактор – *Шарип Цуруев*
Дизайн и верстка – *Хасиева А.В.*

На обложке – фрагмент репродукции картины
Чингисхана Хасаева «Горная Чечня».
В книге использованы рисунки Абу Пашаева